

Gid Ajan Pastoral Timoun Piti

Guide du Leader de la Pastorale de l'Enfant





Pastoral da Criança Internacional

Pastoral de la Niñez

Pastorale de la Première Enfance

Child's Pastoral

Die Kinderpastoral

Gid Ajan

Pastoral Timoun Piti

Curitiba

2013

Matériel original an potigè – Gid Agent Pastoral Timoun Piti

Kowòdinasyon Pastoral da Criança - Pastoral Entènasyonal Timoun Piti :

Zilda Arns Neumann – Médecin Pédiatre et Sanitaire

Preparasyon :

Ekip kowòdinasyon ak ajan Pastoral Timoun Piti nan peyi Brezil

Revisyon teknik :

- Sant Kolaborasyon Òganizasyon Mondyal Lasante – OMS / Sant envèstigasyon Epidemiologik –
- Federasyon Peyi Brezil nan Asosyasyon Jinekoloji ak Obstetrik – FEBRASGO
- Fon Nasyonzini pou Timoun Piti – UNICEF
- Ministè Lasante Piblik Peyi Brezil
- Òganizasyon Panamerikèn Lasante – OPAS
- Societe Pedyatri Peyi Brezil – SBP
- Inivèsite São Paulo – Fakulte Lasante Piblik – Depatman Nutrisyon – Pelotas – Brezil

Tradiksyon kreyòl : DidacArts S.A/Agr Joseph Dellien

Révision du Langage : Pe. Rochenel Jean Baptiste, OP

Adaptasyon pou Lamerik Latin ak Karayib : Ekip Kowòdinasyon Peyi Paragwe, Peyi Republik Dominkèn, Peyi Gwatemala, Peyi Kolombi, Peyi Panama ak Bolivi.

Foto kouvèti : achiv Pastoral Entenasyonal Timoun Piti – Pastoral Timoun Piti Ayiti

Ilustrasyon : Camila Mendes Mamede

Fòmatasyon : Fernando Artur de Souza

Remerciements :

- Ana Carolina Feldenheimer da Silva – Nutrisyonis, Mètriz nan Sante Piblik
- Ana Carolina de Medina Alves y Silva – Doktè fanmiy ak komunotè, Mètriz nan Sante Timoun Piti ak Fam
- Dominique Klaczko Acosta – Fizyoterapet Obstetris Terapi familyal
- Elaine Pinto Albernaz – Pedyat, Espesyalist nan Alètman pa IBLCE, Doktè Epidemiologik
- Elizabeth Tunes – Sikolog, Doktè Sikoloji
- Iná da Silva dos Santos – Doktè Jeneral Kominotè, Doktè nan Syans Medikal
- Juraci Almeida César – Medsen, Doktè nan Epidemioloji
- Marcus Renato de Carvalho – Pedyat, Espesyalist nan Alètman pa IBLCE, Mètriz nan Sante Piblik.
- Maria Helena D'Aquino Benício – Medsen, Doktè nan Medsin Prevansyon
- Sandra da Silva Monteiro – Fizyoterapet, Espesyalist nan Sante Materno-Infantil
- Silvia Cristina Kono – Nitrisyionist, Mètriz nan Sante Piblik

Rezime

| | |
|---|-----------|
| Pawòl Pastè | 6 |
| Kadinal Agnelo..... | 6 |
| Monsenyè Damasceno | 8 |
| Istwa lanmou pou lavi | 10 |
| Misyon Ajan Pastoral Timoun Piti | 14 |
| Fanm ansent lan | 23 |
| Annou aprann konnen yon ti kras dives pati nan kò yon moun..... | 24 |
| Fegondasyon..... | 25 |
| Pale ak fanm ansent lan ak fanmi li | 26 |
| Relasyon Lanmou | 28 |
| Vizit lakay..... | 31 |
| Bon kalite manje | 34 |
| Bay ti bebe tete..... | 39 |
| Lijyèn | 42 |
| Sibstans ki danjere pandan gwo sès la | 45 |
| Enfeksyon nan pipi | 46 |
| Anemi | 47 |
| Obezite..... | 48 |
| Twa premye mwa gwo sès la | 51 |
| Fanm ansent lan..... | 52 |
| Bay ti bebe tete..... | 55 |
| Pwoblèm nou jwenn pi souvan lakay fanm ansent | 56 |
| Sou wout swen pandan gwo sès la | 59 |
| Prevansyon pou anpeche maladi pandan gwo sès la..... | 61 |
| Enfomasyon sou danje ki genyen pandan gwo sès la..... | 63 |
| Siy danje nan twa premye mwa gwo sès la | 64 |
| Kaye Ajan an..... | 66 |
| Katriyèm, senkyèm ak sisyèm mwa gwo sès | 71 |
| Ann pale sou bebe a | 71 |
| Ann pale de fanm ansent lan | 72 |
| Bay ti bebe tete | 74 |
| Pwoblèm ou jwenn pi souvan yo | 75 |
| Siy danje pandan gwo sès la | 80 |
| Setyèm, uityèm ak nevyèm mwa gwo sès..... | 83 |
| Ann pale de tibebe a | 83 |
| Ann pale de fanm ansent lan | 84 |
| Bay ti bebe tete | 85 |
| Kanpay pou chache fanm ansent..... | 86 |
| Plent nou jwenn pi souvan..... | 87 |
| Siy ki montre lè akouchman an pral rive..... | 88 |
| Plan akouchman..... | 89 |
| Vizit nan sèvis santé yo | 91 |

| | |
|---|------------|
| Tibebe pra I fèt..... | 93 |
| Siy ki montre fanm ansent lan pral akouche | 94 |
| Akouchman an | 94 |
| Viv ansam | 95 |
| Ann gade byen tibebe ki fèk fèt | 96 |
| Bay ti bebe tete : Kolostwòm | 97 |
| Tibebe ki gen yon pwa ki fèb | 101 |
| Apre akouchman (pòsnatal)..... | 102 |
| Siy danje pou tibebe ki fenk fèt la | 103 |
| Vaksen..... | 104 |
| Tibebe a nan premye semèn li nan lavi a..... | 106 |
| Lè tibebe a rive nan kominote a | 106 |
| Bay ti bebe tete | 112 |
| Lè tibebe a byen pran tete a | 113 |
| Pwoblèm ki repete souvan lè w ap bay tete..... | 118 |
| Kòman tibebe a ka aprann epi devlope tèt li | 122 |
| Lijyèn | 124 |
| Siy danje pou sante tibebe a depi li fèk fèt pou rive de mwa | 127 |
| Tibebe a rive nan yon mwa..... | 130 |
| Bay ti bebe tete | 130 |
| Kòman tibebe a ka aprann epi devlope tèt li | 132 |
| Li pi bon pou bebe a dòmi ak vant anlè | 134 |
| Lijyèn | 135 |
| Óganize aktivite ajan an | 136 |
| Ankouraje pou gen yon anviwònman ki bon pou devlòpman timoun yo | 139 |
| Kèk endikatè pou w ka akonpanye timoun nan | 140 |
| Endikatè opòtinite yo ak konkèt yo | 142 |
| Peryòd ki swiv akouchman an fini (perinatal) | 146 |
| Tibebe a lè I gen 2 ak 3 mwa | 149 |
| Bay ti bebe tete | 149 |
| Kòman tibebe a ka aprann epi devlope tèt li | 150 |
| Fe masaj pou tibebe a | 154 |
| Nemoni | 156 |
| Lijyèn | 158 |
| Siy danje pou sante timoun 2 mwa pou rive 5 lane | 159 |
| Vaksen..... | 160 |
| Tibebe kat (4) ak senk (5) mwa | 162 |
| Bay ti bebe tete | 162 |
| Tire lèt la | 163 |
| Kòman tibebe a ka aprann epi devlope tèt li | 166 |
| Lijyèn | 170 |
| Selebrasyon lavi a | 172 |
| Tibebe soti 6 pou rive 8 mwa..... | 179 |
| Bay ti bebe tete ak bay manje | 179 |
| Anemi poutèt manke fè | 185 |
| Vaksen..... | 187 |
| Kòman tibebe a kapab aprann devlope tèt li | 188 |
| Lijyèn | 193 |
| Dyare epi desidrate | 194 |
| Sewòm ki fèt lakay | 196 |

| | |
|--|------------|
| Tibebe a soti nèf pou rive onz mwa a | 200 |
| Bay ti bebe tete ak bay manje | 200 |
| Kòman tibebe a kapab aprann devlope tèt li | 201 |
| Lijyèn | 211 |
| Véminozi | 212 |
| FABS yo - Fèy akonpayman yo..... | 213 |
| Timoun yon lane, Yon lane ak senk mwa..... | 217 |
| Kòman timoun nan kapab aprann ak devlope tèt li | 217 |
| Bay manje ak bay ti bebe tete | 220 |
| Lijyèn | 221 |
| Timoun nan soti yon lane e demi pou rive yon lane ak onz mwa..... | 223 |
| Kòman timoun nan kapab aprann devlope tèt li..... | 223 |
| Pou..... | 227 |
| Gal | 228 |
| Bay manje ak bay ti bebe tete | 229 |
| Reyinyon Refleksyon ak Evalyasyon..... | 230 |
| Timoun soti de (2) lane pou rive de (2) lane ak onz mwa a | 235 |
| Kòman timoun nan kapab aprann epi devlope tèt li..... | 235 |
| Okipe zafè manje timoun nan..... | 241 |
| Lijyèn | 242 |
| Anviwonman..... | 243 |
| Timoun soti twa lane pou rive twa lane ak onz mwa..... | 244 |
| Kòman timoun nan kapab aprann devlope tèt li..... | 244 |
| Alimantasyon | 248 |
| Entoksikasyon ki rele anpwazònman tou ak nwayad..... | 249 |
| Lapè a kòmanse nan kay la | 251 |
| Lijyèn | 253 |
| Timoun soti kat lane pou rive senk lane ak onz mwa..... | 256 |
| Kòman timoun nan kapab aprann devlope tèt li..... | 256 |
| Lekòl pou edikasyon timoun – Ekòl maténèl..... | 262 |
| Timoun ak diferans nan fonksyonman kò yo..... | 265 |
| Alimantasyon | 270 |
| Vaksen..... | 272 |
| Misyon Pastoral Timoun Piti yo | 274 |
| Fè wout la ak Jezi..... | 274 |
| La avek Jezi | 276 |
| Defi misyon an | 277 |
| Fos la soti anwo vin jwenn nou..... | 279 |
| Fòs ki soti nan frè ak se nou yo | 280 |
| Organizasyon Pastoral Timoun Piti yo | 281 |
| Selebrasyon Anvwa | 285 |

Pawòl Pastè

« Anverite m ap di w sa, chak fwa ou te fè yon bagay pou youn nan pi piti yo, se pou mwen ou te fèl »
Mt 25, 40

Kadinal Agnelo

Nap reflechi sou ptit gason ak ptit fi nou yo, dokiman Aparecida nan n° 441 la enspire nou, nou pa ka blye pawòl Jezi yo, lèl di: " kite timoun yo vin jwenn mwen pa anpeche yo, paske wayòm Bondye a se pou moun ki tankou timoun sa yo" (Lik 18, 16).



Jezi nan sajès li wè senserite nan kè ak nan lespri timoun yo. Yon timoun pa ni awogan, ni ògeye. Se granmoun yo ki responsab fòmasyon timoun yo. Granmoun yo tou responsab mechanste ki grandi nan kè timoun nou yo lè yo montre yo bay manti, rayi, diskriminasyon ki rann yo vin koken. Pastoral Timoun Piti nan okipel non sèlman de timoun nan, men tou de manman, papa fanmi an.

Pastoral timoun nan montre inpòtans ak swen sante yon fanm ansent ak timoun yo ki genyen mwens ke sis (6) ane. Travay la fwa ak travay vi sa a montre ke lanmou pou yon timoun se kle fòmasyon fizik ak sikolojik li. Depi nan tete manman an kè timoun nan ap bat menm jan ak kè manman an. Depi la a dyalòg manman an ak timoun nan kòmanse, lè manman an karese timoun nan, li dil, li renmenn. Li enpòtan pou paran yo bay timoun yo lanmou. Menm si fanmi an gen difikilte, lanmou se pi gwo richès, epi li gratis, sèlman nou dwe transmèt li. Pastoral timoun nan vle montre tout fanmi yo, espesyalman sa ki pa gen anyen yo, sa ki nan nesesite yo kokenchenn eksperyans sa a ak gwosè lamoun sa a.

Nou vle vin misyonè lanmou: pou nou anonse Jezi, pou nou pote Jezi nan fanmi nou yo. Li se chemen an, li se la verite ak lavi a :" Mwen vini pou tout moun gen la vi, la vi an nabondans" (Jan 10, 10).

Politik sante yo pral pa efikas si yo pa kominike lanmou. Paske lanmou se nanm travay sa a.

Pandan n ap prezante «Gid Ajan Pastoral Timoun Piti a» pou Amerik Latin ak Karayib la, nou vle pwopoze yon defi ki se fòmasyon Ajan kominotè. Ajan kominotè volontè yo se zanj pastoral la, aprè yo fin resevwa fòmasyon, pou yo montre fanmi yo sans veritab lamoun Bondye a pou frè ak sè yo.

Mwen swete ke Pastoral Timoun Piti a kontinye fè byen tout kote li pase tankou Brezil kounye a ak lòt peyi nan mond lan.

Se pou Bondye beni nou tout sou pwoteksyon Manman Nòtredam.

Monsenyè Geraldo Majella Agnelo

Kadinal Achevèk Salvador – Bahía, Brésil

Ko-Fondatè Pastoral Timoun nan,

Manm Konsèy Direktè Pastoral Entènasyonal Timoun nan.

Monsenyè Damasceno



Dokiman Aparecida nan Ve Konferans Jeneral Episcopat nan Amerik Latin nan ak Karayib nan 2007 la, fè anpil referans sou Gason ak fi, epi nan nimewo 438 li dit: "Timoun, jounen jodi a, dwe yon aksyon priyorité pou legliz la ak enstitisyon leta yo, kèlke swa posibilité oubyen feblès ki anfas yo. Timoun yo se don ak siy prezans Bondye nan mond nou an avèk kapasite yo genyen pou yo aksepte avèk senplisite mesaj evanjelik la".

Depatman Jistis ak Solidarite CELAM nan, nan dokiman 83, PASTORAL SOSYAL TIMOUN NAN, etabli kòm objektif : "Anjandre ak Konferans Episkopal yo, epi ak lòt òrganis yo, pwosesis ki pèmèt nou al rankontre gason ak fi yo ki nan fanmi ak kominate yo, espesyalman sa ki pi pòv yo, pou yo ka jwenn plas yo nan sosyete a ak nan pwomosyon la fwa ak la vi, nan pwosesis evajelizasyon ki kòmanse nan konsepsyon sa a".

Nan konteks sa a, se avèk anpil satisfaksyon map prezante frè nan Episcopat yo, Pè yo, Konsakre yo, Layik ak Layik angaje yo nan Pastoral Legliz, Gid Ajan Pastoral Timoun Piti nan. Gid Ajan sa a fèt sou baz kritè syantifik yo, epi an menm tan nan lespri mesaj kretyen k ap chache ini la Fwa ak la Vi.

Li trete kèk tèm tankou: Sante, nutrisyon, edikasyon ak sitwayènte pou devlopman entegral timoun yo. Li vize fòmasyon ajan yo, kòdonatè dyosezen ak pawasyal Pastoral Timoun Piti nan Amerik Latin ak Karayib la ki swiv metodoloji sa a.

Kominotè Pastoral Timoun Piti nan prezan depi 26 ane deja nan tout dyosès Brezil yo ak anpil peyi nan mond la, patikilyèman nan Amerik Latin nan ak nan Karayib la.

Liv sa a gen yon enfòmasyon ak yon karakte inivèsèl, valab nan tout peyi yo ak kilti yo, avèk anpil posibilité pou adaptasyon nan chak peyi.

Avèc Gid sa a, layik ak layik volontè yo, tankou "disip ak misyonè Jezi kri yo", dispoze yon enstwiman enpòtan ki pou fasilité yo mete konesans yo anpratik, an menm tan pou yo sipòte jistis sosyal ak solidarite nan fanmi ak nan kominote yo.

Mwen envite tout moun pou yo akeyi ak swane a menm egzamp Jezi a, patikilyèman avèk tandrès timoun yo ak fanm ansent yo pou tout "gen la vi, la vi abondans" (Jan 10,10).

Se pou Bondye beni ak akonpanye tout moun ki mete yo nan sèvis timoun.

Don Raymundo Damasceno Assis

Achevèk Aparecida, SP

Prezidan CELAM (Konsèy Episkopal Latino Amerikano)

Istwa lanmou pou lavi



« Ba yo manje nou menm »
Mc 6, 37

Istwa lanmou sa te kòmanse nan lane 1982, pandan yon reyinyon ONU kote James Grant ki te direktè egzekitif UNICEF ak kadinalachevèk São Paulo a nan peyi Brezil, Don Paulo Evaristo Arns te fè yon chita pale. James Grant te rete kwè Legliz te ka sove anpil timoun si li te aprann manman yo kèk jès senp tankou kòman pou prepare sewòm oral pou anpeche timoun pèdi dlo nan ko yo; eksperyans sa te kapab kòmanse nan peyi Brezil.

Don Paulo, ki se frè mwen, te rele m nan telefòn pou li pale m de pwopozisyon James Grant lan. Mwen te santi se vwa Bondye ki te rele m pou yon gwo misyon nan lavie. Mwen te esplike li dapre eksperyans mwen nan Brezil kom pedyat epi espesyalis nan Sante Kominote, sa manman yo te pi bezwen, se te konesans ak solidarite youn ak lot. Poutèt sa, li pa ase pou w sèlman aprann manman yo kòman pou yo fè epi sèvi ak sewòm oral, men li ta bon tou pou aprann yo enpòtans: konsiltasyon avan akouchman yo genyen, devlopman tout aspè nan lavi timoun yo, relasyon youn ak lòt moun yon fason pou yo konnen kijan pou yo byen pran swen timoun yo pou yo ka grandi nan sajès ak gras (cf. Lik 2, 52).

Lè pwopozisyon sa a te fin jwenn apwobasyon, Konferans Nasyonal Evèk nan peyi Brezil yo (CNBB) Don Ivo Lorscheiter t ap dirije te chwazi

Don Geraldo Majella Agnelo ki te Achevèk Londrina e kite vi n Kadinal Achevek Primat nan Sansalvado de Bahia pou akonpanye devlopman travay la, yon travay byen makonen avek renmen yonn pou lot ant moun ki bay tet yo nan travay sa ki byen vlope ak LAFWA enpi LAVI. Lide yo ak santiman yo se pou tout timoun gen lavi e lavi san msezire (Jan 10, 10).

Pwoje model la te koumanse na Florestopolis, yon komin nan Achidyosez Londrina, nan No peyi Brezil kote te plis timoun ki mouri le yo fet; sou chak mil (1000) timoun ki fet 127 nan yo mouri; 74% fanmiy yo nan tan sa te konn vann jounen nan chan kann ak lot travay.

Avek sipo Don Geraldo, mwen devlope yon prensip kominote ki chita sou levanjil ki rakonte mirak miltiplikasyon 2 ti pwason ak senk pen (Jan 6, 1-15), kote senk mil gason te manje vant plen, san konte fanm ak timoun. Menm jan tou, yo ta organize moun yo nan fome ti kominote pou yo miltiptye konesans yo epi pataje enyon soutni lot, konsa nou ta suiv pi gwo kòmandman an ki se "Renmen Bondye plis pase tout bagay epi renmen moun ki bò kote w la menm jan ou renmen tèt ou" (Mak 12, 31).

Daprè menm levanjil la, depi nan kòmansman, gen yon sistèm enfòmasyon kite mete anplas pou verifye epi akonpaye chak timoun nan devlopman li depi jou manman I te ansent li rive jis lè li gen sis (6) lane.

Nan sans sa, gen plizyè milye Ajan ki reyalize aksyon senp epi bon mache pou fè ledikasyon, pwomosyon lasante, pwomosyon lafwa ak sitwayènte bo kote fanm ansent yo, timoun yo andedan fanmiy yo ak andedan kominote yo. Aksyon sa yo ede tou nan bay sosyete a jarèt pou lavi miyò, espesyalman nan sektè lasante, ledikasyon ak lòt dwa fondamantal moun genyen. Ledikasyon ak ankourajman tet ansanm fanmi yo jwenn nan men Pastoral Timoun Piti yo, pèmèt lanmò fanm ansent ak timoun piti yo, malnitrisyon ak vyolans nan fanmi yo vin diminye toupatou.

"Konsa rive jemen nan ke chak moun yon mond pi jis kote tout moun ap viv byen, nan tèt ansanm ak kè kontan, kote chak moun ap fè bon aksyon ki fèt pou ede frè ak sè kap viv bò kote yo, espesyalman timoun yo".

Depi lè I te fèk mete sou pye, Mouvman Pastoral Timoun Piti yo pat vle rete yon zafè legliz katolik sèlman. Se yon aktivite ki te toujou vle tout moun patisipe ladan I san konnen ki reliyon oswa opinyon politik li. Li travay ak lanmou, san gade koulè po yon moun oswa ki ras li.

Bon rezulta li jwenn yo, se gras ak metod la ki marye Lafwa ak Lavi pou pwomosyon fanm yo lè li itilize yon metod desantralize pou fè fomasyon, pou fè systèm enfomasyon ak bon jan materyèl pou edike moun yo san bliye kredi tout moun fè I poutèt li respekte angajman sou objectif li te fikse, e yon fason espesyal, grasa kouveti Legliz la ki pote Pastoral sa sou do li.

Tout efò ak kolaborasyon sa yo bay garanti pou aksyon yo kontinye.

Nan peyi Brezil, depi 1985, Pastoral Timoun Piti yo ka konte sou Gouvènman Federal la ki se pi gwo sous lajan pou Pastoral la pa Ianremiz Ministè Lasante pou I kontinye san rete ba li kob chak ane pou mennen aktivite li. Paske yo kwè lap fè yon bon travay, Pastoral Timoun Piti vin jwenn apui gouvènman eta yo ak vil yo, enterpriz yo, elatriye. Menm jan sa fèt nan peyi Brezil, UNICEF se youn nan premye òganizasyon k ap bay jarèt epi bay Pastoral la kòb lè li fèk kòmanse aktivite I nan yon peyi. Alèkile nou ka jwenn metodoloji kominotè lafwa ak lavi sa nan 22 peyi nan Amerik Latin, sou kontinan Afrik la ak Azi.

Gen anpil travay ki pou fèt toujou! Deklarasyon Milenè a Organizasyon tout nasyon yo te apwouve nan mwa septanm 2000

la te idantifye wit (8) objektif ki dwe atenn soti nan dat sa pou rive lane 2015. Pami objektif sa yo, nou ka site: eliminasyon lamizè ak grangou, rive sove 50 timoun sou chak 100 ki konn abitye mouri anvan yo vin gran, epi rive pèmèt chak famm viv san yo pa bwesen konte sou lot moun. Nou pap ka rive atenn tout objektif sa yo si tout sektè, tout reliyon, tout gouvènman, tout organizasyon, tout mwayen komunikasyon yo ak tout sosyete a an jeneral pa mete men.

Pastoral Timoun Piti a ap kolabore pou objektif sa yo rive reyalize, konsa l ap pote wòch pa li nan konstriksyon yon mond ki pi bon, kote gen plis jistis, plis lanmou nan mitan frè ak sè, sevis lavi ak lesperans "pou moun ka gen lavi, lavi an kantite" (Jan 10, 10).



Dra. Zilda Arns Neumann

Fondatris Pastoral da Criança (Pastoral Timoun Piti)

Misyon Ajan

Pastoral Timoun Piti



Nan kòmansman, Bondye te kreye syèl ak tè a...
 Li te fè limyè a...
 Li te separe tè yo ak dlo yo...
 Li te fè lè nap respire a, plant ki bay gress...
 Li kreye zannimo yo pou ranpli dlo yo, te a ak syel la...
 Lefini Bondye te kreye gason ak fiy dapre potre li e sanble avè I...
 Epi li di yo: « Se pou nou grandi epi se pou nou vi n anpil »...
 Epi li wè tout sa li fè yo te bon...

Nou se kreyati Bondye.

Nan mond n ap konstwi a, nou menm lèzòm, eske tout sa nou fè bon ?



Lè nap respire a dwe pwòp.

Tè a dwe gen pyebwa, plant, flè ak zannimo.



Dlo nap bwè, epi n ap itilize pou lot bezwen dwe bon.

Nou bezwen travay, pou nou gen manje pou nou manje, rad pou nou mete ak aktivite pou nou amize nou.

Nou bezwen sèvis sante pou nou ka anpeche maladi rantre sou nou epi trete maladi ki rantre yo.

Nou bezwen lekol pou etidye ak aprann.

Eske nou panse tout moun, espesyalman timoun yo, jwenn bon trètman, pwoteksyon ak ledikasyon dapre jan Bondye te vle l la?



Lè n ap gade reyalite peyi nou an, nou pa ka di tout bagay yo konfom ak plan Bondye. Se menm sitiyasyon pa konfom sa ki te egziste nan peyi Brezil nan lane 1983 lè Pastoral Timoun Piti yo te kreye. Anpil timoun tap mouri anba yon pakèt maladi yo te ka an-peche antre sou yo, tankou dyare ki lakoz timoun yo pèdi tout dlo nan ko yo. Lè sa a te gen yon gwo defi ki te lanse:

Kijan Legliz Katolik nan peyi Brezil ta ka fè pou anpeche plizyè milye timoun piti ale nan peyi san chapo anvan lè?

Legliz te leve defi sa grasa Pastoral Timoun Piti yo.

Lè yo marye ansanm Lafwa ak Lavi, jan Jezi te aprann nou sa, Pastoral Timoun Piti yo te mete li nan sèvis Lavi, Lesperans, Lafwa, Lanmou, Lajwa ak Lapè. Pastoral Timoun Piti yo pat fè diferans ant moun yo, kelkeswa reliijon yo, koulè yo, ras yo, oswa chwa politik yo. Pastoral la te la pou tout moun.

Archive de la Pastoral Materno Infantil - République Dominicaine



Archive de la Pastoral Materno Infantil – République Dominicaine

Pastoral Timoun Piti yo ankouraje moun yo viv ansanm nan respè youn pou lot, nan yonn ede lot, bay diferans yo ki genyen ant moun vale yo ak nan respè anviwonman an. Lap chèche denonse enjistis yo ak move kondisyon ki anpeche moun viv byen.

« Paske pwomès la, Bondye fèl pou nou, pou ptit nou yo, pou tout moun ki byen lwen, enpi tou pou tout kantite moun Bondye Gran Mèt la va rele vin jwenn li »

AK 2, 39



Pou fè fas ak defi sa yo epi sove lavi timoun ki pi piti yo, nan patisipe nan kreyasyon yon bon environman pou devlopman yo, Pastoral Timoun Piti yo akonpaye fanm ansent yo ak timoun yo jis yo rive nan laj sis lane. Menm jan Jezi te fè l, e jan li te vle l, travav li se pou moun ki pa gen gwo mwayen yo. Pastoral Timoun Piti yo chache travay espesyalman bò kote fanmi ki pi pòv yo e ki gen anpil pwoblèm pou yo rezoud nan lavi yo.

Ak travay sa, Pastoral Timoun Piti yo ap ede fanmi yo jwenn aksè ak dwa moun ki te siyen nan Nasyonzini nan lane 1948, nan atik XXV: "Tout moun gen dwa viv yon mode lavi, men yon vi ki ka garanti li menm ak tout fanmi li, lasante, bon trètman, manje, rad, kay, lopital, ak sèvis sosyal yo bezwen, dwa pou yo kon-tinye gen mwayen pou yo viv an sekirite lè yo pap travay, lè yo malad, lè yo andikape, lè yo pèdi mari oswa madanm yo, lè yo vi n vye granmoun, ak nan lòt sikontans tankou lè yo pèdi tout byen yo nan sikontans yo pa chwazi".



Fè yon jan pou dwa tout moun genyen respekte se yon premye kondisyon pou tout moun kapab viv byen, nan diyite ak nan kè kontan.

Kom jounen jodia, se pa tout moun ki gen chans jwi dwa sa yo, nou dwe goumen pou tout moun jwenn yo. Moun k ap fè devwa yo lè y ap ede lòt moun parèy yo, lè y ap lite pou dwa moun nan kominate a respekte, moun sa yo se bon jan sitwayen.

Pastoral Timoun Piti yo prezan nan tout kominote yo, kote y ap ede nan pwomosyon lasante ak devlopman total kapital fanm ansent yo, timoun ak fanmi yo. Aksyon sa a posib gras ak anpil moun kap fè yon travay **gratis** ti cheri, kote y ap pataje konesans yo, eksperyans yo, ak yon pati nan tan yo. Moun sa yo se moun k ap viv etan y ap temwaye lanmou yo pou moun kap viv bò kote yo. Se yon travay charite kretyèn tout bon vre.



Konsa, nan chak kominote, gen de moun yo rele pou vin tounen Ajan Pastoral Timoun Piti yo.

Pou kòmanse, moun sa yo jwenn fòmasyon grasa yon gid yo fè pou Ajan yo, pou yo ka gen plis konesans, pou yo ka pataje eksperyans yo epi tou pataje konesans ak eksperyans sa yo ak fanmi y'ap akonpaye yo. Ajan sa yo aprann tou nan men fanmi sa yo ki pataje konesans ak eksperyans yo.

Archive de la Pastoral Materno Infantile – République Dominicaine



Ann nou voye je pou nou wè kisa k genyen nan travay ajan an.

Ajan Pastoral Timoun Piti yo mache soti nan yon kay ale nan yon lòt pou chache epi akonpaye fanm ansent ak timoun piti ki rete bò lakay li. Konsa, ajan ak anpil lòt parèy li kap bay konkou yo nan Pastoral Timoun Piti yo, ap kontinye travay Jezi a sou latè :

« *Mwen menm, Mwen vini pou moun ka gen lavi,
pou yo genyen lavi an kantite ak kalite. »*
(Jn 10, 10)

Ajan an la pou li akonpaye fanm ansent yo, ak yon kantite timoun ki pa dwe depase 15. Men lis twa aktivite li gen pou l fè yo:

- Vizit Lakay moun yo
- Organizasyon jounen Selebrasyon Lavi a
- Reyinyon pou Refleksyon ak Evalyasyon

Nan **Vizit Lakay** yo, Ajan an gen posibilité pran san l pou li pale ak fanm ansent lan, paran li ak tout fanmi an. Konsa, li ka konnen sitiyasyon ak pwoblèm fanmi an pi byen, pou li ka kontinye ede yo plis. Konsa lap tabli plis konfyans ak zanmitay nan mitan yo.



Archive REDNIFA - Argentine

Chak mwa, Ajan an reyalize **Selebrasyon Lavi a**, lè fanmi yo reyini pou selebre devlopman timoun yo. Lè sa, Ajan an kapab pale ak fanmi yo. Se lè sa yo pran pwa timoun yo.



Archive de la Pastoral Materno Infantil - République Dominicaine

Twazyèm aktivite a, se **Reyinyon pou Refleksyon ak Evalyasyon**. Reyinyon chak mwa sa, pèmèt ajan yo evalye travay yo reyalize, diskite ant yo, aprann plis fete kontantman yo.



Archive de la Pastoral del Niño y de la Niña - Panamá

« *Tout sa nap fè, tout sa nap di, fèl nan non Gran Met Jezi a, san nou pa janm bliye di Bondye mèsi nan nan non li.* »
Kol 3, 17

Fanm ansent lan

Tout moun gen dwa viv nan diyite. Dwa sa kòmanse depi nan vant manman l. Se pou sa Pastoral Timoun Piti yo an kòmanse aktivite li yo ak fanm ansent, ki bezwen ankadreman depi lè li fèk ansent.

Archive de la Pastoral Materno Infantil – République Dominicaine



Vizite fanmi yo nan kominote a, se pi bon mwayen pou rankontre fanm ansent yo. Kèk nan fanm yo di Ajan an yo ansent depi nan premye vizit la. Gen lòt ki pran plis tan, Ajan an ap gen pou li dekouvri sa nan lòt vizit yo.

Men kèk siy ki ede fanm lan dekouvri si li ansent:

- Li pa gen règ li;
- Tete li gwo epi yo ap fè li mal;
- Li chanje konpotman tanzantan, koulye a li ka kontan epi yon ti tan aprè li tris;
- Li santi li touodi epi li anvi vomi tanzantan.


*« Yon ti tan apre, Mari te pran chemen pou ale byen vit
nan yon bouk nan mòn peyi Jide a.
Li antre lakay Zakari, li di Elizabèt bonjou.
Menm kote Elizabèt tande Mari di l bonjou a,
li santi pitit la k ap bouje nan vant li.
La menm li ranpli ak Lesprisen. »
Lik 1, 39-41*

Connaissons un peu le corps humain

Òganjenital ki deyò nan kò gason an rele penis epi testikil. Òganjenital kay fanm nan rele vilv. Lakay gason tankou lakay fanm rès organ yo kache andann ko a, kote li pa posib pou wè yo. Testikil yo ak ovè yo pwodwi selil ki pèmèt moun fè pitit.

Selil ki pèmèt gason an repwodui a rele espèmatozoid, pa fi a rele ovil.


Espèmatozoid gason an soti menm kote li pipi a. Lakay fanm nan organjenital yo pa menm kote ak ògann kote li pipi a.



Lè yon jèn fi libere premye **ovil** li, yo di li pa timoun ankò. A pati moman sa, li kapab fè pitit. Anjeneral fiy yo we premye règ yo parèt apati laj 10 lane pou rive 14 lane.

Matris (Iteris) fanm nan prepare chak mwa pou l'ansent. Si sa pa rive, kote matris la te prepare pou resevwa tibebe a pase nan **règ** li. Sa rive 14 jou aprè li fin gen règ li.

Fegondasyon



Pou yon tibebe fèt fòk gen yon **espèmatozoyid** ki jwenn avèk yon ovil. Lè de selil sa yo rankontre, yo fòme yon **ze (zigot)**, ki se premye selil tibebe a. Depi nan moman sa se yon lot moun ki fòme.

Ovil la fegonde aprè anviwon de semèn avan règ yo vini. Twa semèn aprè fi a fin ansent, kè timoun nan kòmanse ap bat nan vant manman an. Nan moman sa, gen anpil fi ki pa konnen si yo ansent, paske se sèlman yon semèn reta règ yo genyen.

Tibebe a grandi chak jou pandan 40 semèn ki egal a nèf (9) mwa yon fi pote tibebe nan vant li. Pandan gwosès la, fanm nan dwe fè anpil atansyon ak sa lap manje pou li ka toujou an sante.

Pale ak fanm ansent lan ak fanmi li



Gwosès la se yon peryod ki pote anpil chanjman lakay yon fanm. Li ka vin sansib paske li vin gen anpil chanjman nan kò li, menm jan nan konpotman li. Poutèt sa, yo sipoze trete li ak tandrès epi delikatès.

Lè mari li ak lòt moun nan fanmi an konprann sa fanm ansent la santi pandan peryod li ansent lan, yo ka ede l pi fasil nan fè tout sa li bezwen pou li ka genyen yon gwosès sen, san chagren.

Premye èd ajan an dwe bay se akeyi fanm ansent lan ak mari li, pou tande tout sa yo gen pou di sou gwosès la. Anpil mari ak madanm kontan lè yo konnen yo pral gen yon tibebe paske yo te pare pou sa. Anpil lòt kapab santi yo pè, gen sousi, bay tèt yo pwoblèm paske yo pat atann ak yon gwosès nan moman sa. Gen lòt tou ki pè difikilte yo ka rankontre ki ka anpeche yo pran swen tibebe a komsadwa.

Ajan, tout fanm ansent yo bezwen ou akonpaye yo menm si yo gen timoun déjà paske tout gwosès pa menm.

Gen fanm ka gen laperez, lè yo ansent pou premye fwa. Yo ka panse li pa enpòtan pou yo suiv doktè pandan gwo sès la paske yo santi yo byen. Fanm ansent ki gen timoun déjà ka panse li pa enpotan pou l swiv doktè nan gwo sès anko.

Sa rive anpil fwa lè jèn tifi yo ansent yo kache gwo sès la paske yo pè reyakson menaj yo, paran yo, fanmi yo ak zanmi yo. Nan moman visit lakay yo, Ajan an dwe fè fanmi an konnen enpòtans apui yo dwe bay ak konpreyansyon yo dwe montre pou ti fi ansent la viv moman sa ak kalm, responsabilite ak lanmou.

Li enpòtan pou yon jèn tifi ki ansent santi l byen, li an sekirite e li an konfyans pou gwo sès la ka byen pase epi pou tibebe a ka byen devlope. Konsa, se li kap bezwen sipò tout moun pou l proteje epi bay lavi li pote nan vant li a vale enpi pou l santi li reskonsab lavi sa.

Ajan, gen fanm ansent ki pa gen mari ki ka bezwen sipò nou plis, paske yo ka santi yo manke yon moun pou yo patage ke kontan yo ak difikilte yo.

Gen rechèch ki montre pou w redui kantite timoun piti k ap mouri, sa vle di timoun ki gen pi piti pase yon lane, nou dwe bay fanm ansent ki nan kondisyon nou pra l site la yo plis atansyon:

- Sa ki pòv yo;
- Sa ki pa gen mari yo;
- Sa ki pat fè gwo klas lekol yo;
- Sa ki gen plis pase de timoun;
- Sa ki gen laj pi piti pase 20 lane;
- Sa ki fè tansyon wo oswa sik (dyabèt);
- Sa ki te fè fos kouch avan oswa ki gen timoun ki gen pi piti pase yon lane;
- Sa ki fimen.

Relasyon lanmou

Relasyon lanmou an se yon pakèt fich ki fèt pou fanm ansent lan. Objektif li se motive fanm ansent lan ak fanmi li pandan gwo sès, pou montre yo nesesite fanm ansent lan ak tibebe a genyen pou fanm anseny la aksepte èd yon ajan pou akonpaye li pandan gwo sès la.

Fich sa yo gen yon nimewo sou yo. Ajan an dwe bay fanm ansent la fich sa yo: yon fich chak mwa, lè Ajan an fè visit lakay yo. Fich sa yo reprezante yon sipò enpotan pou Ajan an ka bay fanm ansent lan bon jan enfòmasyon pratik, sou koman pou li pran swen tèt li, epi kreye yon relasyon ki djanm ak tibebe a k ap vini an.

Ajan, sa ki pi bon se akonpaye fanm ansent lan depi nan premye mwa gwo sès la. Poutèt sa, li nesesè pou itilize yon fich chak mwa k ap sèvi pou fè lekti epi pale ak fanm ansent lan, ak papa timoun nan tou si sa posib. Si akonpayman an komanse depi **premye mwa** gwo sès la, li nesesè pou itilize plis pase yon fich lè vizit la.

Si premye vizit la te fèt nan:

- **2^e mwa a :** sèvi ak fich 1A, 1B epi 2.
- **3^e mwa a :** sèvi ak fich 1A, 1B, 2 epi 3.
- **4^e mwa a :** li epi tou pale sou fich 1A, 4 la anvan, apresa li epi pale sou fich 2 ak 3.
- **5^e mwa a :** nan premye vizit la, fich 1A, 4, 2 ak 3; nan dezyèm vizit la, fich 5 ak 6.
- **6^e mwa a :** remèt fich la dapre lòd yo te ba ou pou 5^e mwa a. Nan twazyèm vizit la, sèvi ak fich 7 ak 8.
- **7^e mwa a :** li epi pale sou fich 1A, 7 la anvan, epi apre sa sou fich 3 ak 5.
- **8^e mwa a :** nan premye vizit la, itilize fich 1A, 7, 3 ak 5; nan dezyèm vizit la, fich 8 ak 9.
- **9^e mwa a :** li epi pale sou fich 1A, 7, 8 ak 9 nan premye vizit la.

Sa ki enpòtan : Depi nan katryèm mwa ansent lan, yo pap sèvi ak tout fich yo lè gen vizit. Men tou, li ta pi bon si nou ta remèt fanm ansent lan fich yo pou-l kapab li yo nan pi ta epi pou-l ka kenbe yo kom souvni.

Lè **tibebe a fèt**, sèvi ak fich 10A, 10B ak 11 la. Nan lòt vizit napral fè pandan **premye mwa tibebe a**, sèvi ak fich 12 ak 13 la.



Toujou kontinye visit yo chak mwa. Lè tibebe a gen **twa mwa**, bay fich 14 lan. Lè tibebe a **gen senk mwa**, bay fich 15 la.

Yo dwe remèt fich "Relasyon Lanmou" yo bay selman manman yo te swiv pandan tan yo te ansent lan.

Si fanm ansent lan al rete nan yon lòt kominote, bali tout fich Relasyon Lanmou yo pou li ka kontinye pran swen tèt li epi pou l ka toujou sonje w ak Pastoral Timoun Piti yo.

« *Lè ou antre nan yon kay, men premye bagay pou w di:
Se pou lapè Granmèt la chita nan kay sa.* »
Lik 10, 5

Yon ekzesis travay pratik pou etap fòmasyon sa

Vizite yon fanm tout moun konnen ki ansent. Ba li epi li avek li fich Relasyon Lanmou yo ki gen rapò ak mwa gwosès li a.

2^e etap fòmasyon an

Pou ka evalye ak selebre

- Kòman fanm ansent lan te resevwa vizit ou a?
- Eske gen kèk esplikasyon ki nan fich relasyon lanmou an ou pat konprann oswa fanm ansent lan pat aksepte?
- Kounya ou konnen pi byen kisa Pastoral Timoun Piti yo ye, eske ou vle enpi eske ou panse ou ka vin yon Ajan Pastoral la?
- Ann chwazi epi pataje yon mesaj, yon priyè oswa yon pawol labib ki onore don lavi ak aksyon nou te fè yo pou moun ki ap viv bò kote nou, fanm ansent yo ak fanmi yo. Yon pwopozisyon:

*« Wi, se ou ki fèm sam ye a, ou fòme m nan vant manman m.
M ap diw mèsi poutèt ou fèm ak pakèt bon kalite :
Tou sa ou fè se bèl bagay et mwen rekonet sa byen.
Depi anvan mwen te fèt tout lavi m te devan je ou.
Tout jou mwen ta pral pase sou tè a te déjà ekri nan gran liv ou a.
Poutan menm yon sèl nan yo pot ko ekziste »*

Sòm 139, 13-14. 16

Ann gade

Fanm ansent la

1. Kòman fanm ansent ou konnen yo reyaji lè yo te konnen yo te ansent?
2. Kòman fanm ansent ou abitye frekante yo manje?

Vizit lakay

Ajan, vizit lakay la, se moman ki pemet ou vi n pi pwoch fanmi wap akonpaye yo e wap kapab:

- bay sa fanmi an fè ki byen vale pou pran swen timoun yo;
- pale sou gwochè la;
- pale sou swen ak ledikasyon timoun yo;
- fè konnen ki siy danje pou sante manman an ak pitit la;
- fè wè sitiayson ki pa bon pou devlopman timoun nan;
- chache wè pwoblèm ki ka poze ak difikilte y ap rankontre yo;
- chache ansanm kijan nou ka rezoud pwoblèm yo.

Nan chak vizit, ou menm ak fanmi an ap vin pi zanmi. Fanmi an ap santi li alèz pou l pale w sou kè kontan ak difikilte li jwenn yo, tout sa grasa diskresyon w pa rapo pwoblèm pa yo ak pwobleme lòt fanmi yo.

Lè ou vizite yon fanmi ki gen yon fanm ansezt oswa yon timoun pou premye fwa, ou dwe di l kiyès ou ye, esplike travay Pastoral Timoun Piti yo, epi mande fanmi an si li aksepte pou w akonpaye l. Nan vizit k ap vin apre yo, fanmi an ap konnen travay w'ap fè a pi byen. Sa ap pèmèt ou konnen pi byen kijan fanmi an pran swen fanm ansezt lan oswa timoun nan.



Archive de la Pastoral Materno Infantil – République Dominicaine

Lè w ap fè vizit yo, li enpòtan pou w tandé sa moun nan fanmi an genyen pou di epi chache yon fason pou w ede apati pwoblèm ki pi ijan yo genyen. Men ou dwe toujou respekte sa yo panse ak sa yo di w. Konsa, Ajan, wa vin yon konpanyon ki toujou pre fanmi an ki la pou soutni l ak ba l oryantasyon.

Grasa gid sa, wap kapab ranfose swen ak atitud fanmi an ak fanm ansent la. Sa ap pèmèt kreyasyon yon **bon anviwonman** pou devlopman tibebe ak fanm ansent lan.



Kèk fwa yon senp oryantasyon ka sifi pou ede yon fanmi konnen kòman pou l pran swen fanm ansent la ak timoun yo. Kekfwa, li konn nesesè pou mande sipò lòt manb Pastoral Timoun Piti yo, Legliz, oswa sèvis piblik yo tankou sèvis sante, edikasyon, asistans sosyal.

Lè w pa ka reponn yon kesyon, pa bay tèt ou pwoblèm paske ou pa oblige konnen tout bagay. Ou gen pou ou jis di ou pral chache enfòmasyon an pou w ka bay repons la nan vizit aprè a.



Li enpòtan pou pale yon fason korèk sou sitiyasyon ki pi delika yo, pou pa ofanse ni fanmiy yo, ni timoun yo. Gen yon zouti ki rele 10 10 kòmandman pou Lapè nan Fanmiy nan nap gen pou n wè pi devan e ki kapab itil anpil nan diskisyon yo.

Li bon pou diskite lè vizit yo ak fanmiy lan pou pa deranje I nan aktivivite lakay li. Pandan vizit yo, se pou w invite fanmiy lan patisipe nan selebrasyon lavi a. Pa blye bay lè a, ki kote ak ki jou aktivite Selebrasyon Lavi a ap fèt. Fè I konnen kijan prezans paran an ak ti moun yo enpotan nan aktivite sa.

Ajan, chak fwa ou pral rann moun yo vizit, pa blye mache ak Gid la enpi Kaye Ajan an ak lòt zouti travay Pastoral Timoun Piti yo.

*« Se pou nou konn sa byen:
sèvis n ap rann lan, se pa selman pou bay
pèp Bondye a sa yo bezwen. Men, akòz sèvis sa a,
anpil moun pral lapriye Bondye pou di l mèsi »*
2 Ko 9, 12

Bon kalite manje



Fanm ansent lan bezwen byen manje pou l'kapab rete anfòm, pou tibebe a kapab byen devlope epi fèt ak yon pwa nòmal. Si fanm ansent lan mal manje, li ka vin fè anemi epi pedi pwa. Tibebe li a kapab fèt ak yon pwa ki fèb. Lè sa, maladi ka rantre sou li pi fasil epi l ap difisil pou l reprann li.

Yon alimantasyon sèn gen ladan l plizyè kalite manje diferan, ki byen lave, ki fre, ki pa ni twòp ni twò piti. Li enpòtan pou n konnen ki kalite ak ki valè manje n ap manje. Pa manje ase menm jan ak manje twop pa bon pou lasante.

Pou nou byen manje tout bon vre, nou dwe manje manje ki fre epi evite manje manje konsèv ki vle di manje yo fabrike nan izin tankou kola ak tout sa nou rele bwason gazez yo, chiko, elatrye. Jan n ap prepare manje yo enpòtan anpil tou: li rekomande pou nou byen kuit manje yo nan dlo oswa boukannen yo. Pa fri yo.



Fè se yon eleman nitritif ki enpotan pou gwo sès la ka byen pase, e pou timoun nan ka byen devlope nan vant manman l.

Lè w manke fè ou ka fè anemi, yon maladi yo kontre lakay anpil timoun piti, kay fanm ansent, ak timoun ki nan laj adolesans. Nan peryod sa yo, fè a enpotan anpil paske lè sa chanjman yo kap fèt kò a vin pi rapid. Se pou sa fanm ansent lan dwe manje manje ki gen anpil fè tankou:

- Viann bék ak volay ;
- Ògan oswa pati ki anndan bêt yo tankou kè, ren, fwa di, fwa mou, larat ;
- Pwa tann, lantiy, ti pwa (sa nou rele pwa frans la), pwa chich ;
- Bètrav, epina, kreson, pèsi ;
- Jòn ze ;
- Melas, nwa ak pistach.

Fè a antre pi byen nan kò a lè fanm ansent lan pran manje ki gen anpil vitamin A ak vitamin C nan yon menm repa manje.

Vitamin C anpeche enfeksyon, konbat feblès nan vyann ko nou, anpeche jansiv senyen, fasilité gerizon blesi.

Kèk manje ki gen anpil vitamin C :

- Fui kri tankou : sitwon, zoranj, anana, papay, seriz koulè wouj
- Legim vèt (kri) : fèy vèt fonse, piman dous ak tomat.

Vitamin A anpeche dyare epi enfeksyon, pwoteje vizyon an (je nou), ede ti bebe yo grandi nan matris la, rann kò a pi fò.

Men kèk manje ki gen anpil vitamin A :

- Legim koulè wouj, ak koule zoranj ou jòn abriko, tankou karòt, joumou;
- Fèy vèt fonse;
- Lèt, bè ak fwomaj;
- Jòn ze;
- Fwi ki jòn, tankou mango, papay;
- Fwi palmis;



N. A. Neumann



Paraguay – Claudia Yubi de Heinichen



Eli Pio

Yòd la enpòtan pou developman fizik ak mantal. Lè fanm ansent lan manke yòd nan ko li, sa aji sou fòmasyon sèvo tibebe a. Men kèk manje ki gen yòd:

- Sèl yode;
- Pwason ak fwi lanmè
- Plant ki vèt, legim, ak fwi yo plante tou pre lanmè.



UNICEF/Guatemala 2007/J. Rolando Chocikle

Kalsyòm nan enpòtan pou fanm ansent lan ak pou tibebe a paske li ede nan fòmasyon zo yo ak dan yo enpi ede kenbe yo fem. Men kèk manje ki gen anpil kalsyòm:


- Lèt, fromaj, lèt kaye ak yogout;
- Fèy vèt fonse;
- Sezam ki vle di jijiri oswa wowoli;
- Ti pwason.

Ajan, ou kapab ede fanm ansent lan konsèy pou l prepare plis manje li kapab. Chak fwa, fòk li ta prepare manje pou de repa. Konsa, li pap manje manje gate epi manje pap gaspiye. Fòk ou gide li tou pou li pa manje fritay, men pou li manje manje ki griye oswa ki byen kwit.

Asid folik la ki nan manje tankou anndan bèt, pwa tann, plant ki pote fèy ki gen gwo koulè fonse yo ede pou evite pwoblèm sèvo ak kolon vètebral tibebe a.

Ajan, ou ka ede fanm ansent lan ak fanmiy li pwofite pi byen manje y'ap manje epi amelyore fason l ap nouri tèt li. Poutèt sa, wap di yo:

- Yon asyèt ki gen plizyè kalite manje ak plizyè koulè ladann gen plis vitamin ak mineral ;
- Manje nou jwenn nan yon epòk oswa nan zòn kote l fèt la, pi fre, gen pi bon gou ak plis vitamin epi yo vann pi bon mache ;
- Tout repa dwe gen pou pi piti yon aliman ki pa kwit ladann anplis li kapab se yon manje ak plizyè koulè plizyè aliman. Li pi nourisan paske li gen plis vitamin ak plis mineral, yon salad oswa yon fwi ;
- Li pi bon pou manje lè manje yo fèk prepare. Manje chofe oswa manje ki bouyi pandan anpil tan pèdi nan kalite li pou nouri ko ;
- Tout rès manje kwit dwe ale nan frijidè oswa yon kote ki fre, epi byen kouvri ;
- Veso ou mete dlo a dwe byen fèmen ;
- Kafe, te mat, te nwa, lèt ak tout sa ki fèt ak lèt, chokola, kola anpeche fè a rantre nan ko a. Fòk nou tann de zèd tan lè ou finn manje avan nou pran bagay sa yo.



Tout moun gen dwa pou manje chak jou manje bon kalite ak kantite ki nesesè pou sante yo. Sa enpòtan anpil pou sekirite alimantè ak nitrisyonèl moun.

Bay ti bebe tete

Bay ti bebe a tete enpòtan anpil pou sante manman ak tibebe a. Ann gade poukisa.

Lèt manman se yon manje ki gen tout sa ti bebe a bezwen. Let manman an se sèl manje tibebe a bezwen jis li rive gen sis mwa. Se pou sa li bon pou pale ak fanm ansent lan, ak patnè li, ak tout fanmiy li sou enpòtans bay ti bebe tete. Lè patnè a ak lòt moun nan fanmiy lan ankouraje manman an pou bay tibebe a tete, manman an pi trankil epi li bay tibebe a tete pandan plis tan.



Antoine Marques

Konvèrsasyon sou bay tibebe tete a ka chita sou sa fanm ansent lan ak patnè li vle konnen. Sa fe yo pi enterese enpi pi dispoze pou koute ajan an ak pou yo mete sa l ap di yo an pratik.

Yon bon fason pou pale de eksperyans bay tibebe tete ak manman an se koumanse ak sa manman an li menm konnen deja. Bagay sè, grann, bèlmè, manman an ak mari di sou kesyon bay tibebe tete ka jwe yon wòl nan chwa fanm ansent pou bay tibebe a tete.



Ajan, pou ka fè manman an konprann enpòtans bay timoun nan tete, fòk ou pale l sou **avantaj** ki genyen pou tibebe a :

- Lèt manman pwoteje tibebe a kont anpil maladi tankou alèji, dyare, grip ak rim, enfeksyon li ka genyen nan pipi oswa nan aparèy respiratwa ;
 - Let manman pemet tibebe a dijere fasil;
 - Lè tibebe a tete, sa devlope mis (vyann) ki nan bouch la epi ba li plis fòs pou li kraze manje, vale manje ak aprann pale;
 - Se yon moman espesyal ki ranfose relasyon manman- pitit epi fè timoun nan santi li an sekirite akoz li jwenn tandrès, lanmou li bezwen pou l ka devlope;
 - Let manman an se yon manje ki konplè, kip a manke anyen.
-
-
-
-

Avantaj manman an jwenn nan bay tete :

- Bay tibebe a tete ede manman senyen mwens aprè akouchman an, epi li ede matris la ak tete yo reprann gwosè nòmal yo byen vit;
- Li fè relasyon afeksyon manman an ak timoun nan vin pi fò;
- Nan premye mwa yo, bay tibebe a tete a anpeche manman an tonbe ansent tout suit anko. Li aji tankou yon planin natirèl. Men pou fanm nan pa tonbe ansent, li nesesè pou tibebe a pran tete chak fwa li anvi, san yo pa bali te oswa dlo;
- Se yon manje ki pa koute lajan epi li tou pare;
- Li diminye risk pou fè kansè nan tete ak nan ovè.



Guatemala

Bay tete bon pou manman an epi li pi bon toujou pou tibebe a !

« Pèsonn pa janm rayi pwop kò li ;
o kontré li ba li manje, li pran swen li
tankou Kris la fè sa pou legliz la . »

Ef 5, 29

Lijyèn



Gwosès la se yon moman espesyal. Li enpotan pou fanm ansent lan kontinye pran swen kò li, pou l ka santi li bél pandan peryòd sa nan vi li.

Ajan, gen plizyè bagay wap obsève ki kapab ede w oryante fanm ansent yo :

- Li pi bon pou l benyen ak dlo k ap kouri; ke se swa nan yon douch, nan yon kivèt oswa menm avek yon gode;
- Li pa bon pou fanm ansent lan chita nan yon benywa oswa nan yon kivèt paske mikwob ka antre nan boubounn li epi al chita nan matris la kote timoun nan ye a.
- Lè w lave cheve ou, sa pa deranje ni tibebe a, ni ou menm fanm ansent lan;
- Rad pwòp ki pa kole sou ou ap fè ou santi ou byen;
- Chosèt ki gen elastik twò sere ka anpeche san an sikile nan kò a, lè konsa ou ka gen varis (pye anfle oswa bouton),
- Ou dwe mete soulye ki pa gen semèl glise, pou w pa tonbe.

Sante bouch la



Pandan ou ansent la, sa ka rive ou gen kari lè w ou manje anpil bagay ki gen sik epi w pa bwose dan w ase. Fanm ansent lan dwe pran swen bouch li chak jou san prese I ap itilize fil pou dan, yon bwòs dan ak pat. Konsa lap gen yon bouch ki pwòp.

Ajan, ou dwe oryante fanm ansent lan pou I ka bwose dan li fason sa :

- sèvi dabo ak fil pou dan avan, menm si zansib (jansiv) dan yo ap senyen;
- Fòk li bwose dan li tankou li tap pase yon bale, pou li soti enwo pou li desann pou dan anlè yo, epi pou dan anba yo, soti anba pou li monte;
- Bwose tout dan yo, ni sa ou ka wè yo ni sa ki pa dèyè yo ak sou kote yo;
- Fè mouvman ale vini sou pati plat dan ki dèyè yo;
- Bwose lang lan.



Rodolfo Bührer

Ou dwe pase fil pou dan an ak prekosyon nan mitan dan yo, rive jis nan jansiv lan, pou ou ka retire kras manje ki rete yo bwos dan an pa ka retire.

Ajan, ou kapab montre fanm ansent lan ak fanmiy li koman pou prepare yon fil pou netwaye dan. Li dwe sèvi ak yon bout fil pou koud nimewo 10 yo pase nan parafin oswa lasi myèl. Ou ka sèvi ak fil sak plastik kòm fil dan, men fòk li pwòp. Ou ka itilize riban ki nan sak plastic yo oswa nan pakè lèt tou.

Substances dangereuses lors de la grossesse

Li enpòtan anpil pou ajan an montre move konsekans utilizasyon dwòg genyen sou yon fanm k ap pote yon pitit.

An plis, dwòg yo kapab modifye devlòpman tibebe a, anplis pi grav anko li ka kreye depandans lakay timoun nan depi lè li fenk fèt.



Sigarèt ka fè tibebe a pèdi pwa; li ka fè w akouche anvan lè tou epi ogmante chans pou ou fè yon tibebe ki gen pwoblèm nan kè oswa nan aparèy respiratwa li.

Lè fanm ansent bwè alkol, li gen risk pèdi tibebe a, men sak pi rèd la, li ka fè yon tibebe ak sa yo rele «sendwom alkol fetal» la. Nan ka sa, tibebe a gen pwoblèm pou li grandi ak pwobleme nan system nève li.

Gen kèk medikaman ki ka anpeche bon fòmasyon kò tibebe a. Konsa, pandan gwochè la ou pa dwe sèvi ak medikaman si se pa doktè k ap suiv gwochè la ki ba w li.

Enfeksyon nan pipi



Lè tibebe a ap grandi, matris la komanse peze sou blad pipi a, se sak fè fanm ansent lan anvi pipi tout tan.

Plis matris lan vinn gro, plis lap pran espas epi l ap fèmen twou kote pou pipi a soti. Sa ka fè pipi a rete andedan vesi a epi bay enfeksyon pipi a. Li bon anpil pou fanm ansent lan al nan twalèt depi li santi anvi sa, pou l ka vide vesi li.


Si fanm ansent lan ap plenyen ak doulè nan vant oswa li santi boubounn li ap boule li lè lap pipi, sa ka yon siy enfeksyon nan pipi. Nan ka sa, nou dwe ale avè l lopital, menm si se pa jou randevou li, pou li ka pale ak doktè a de sa.

Atansyon ! Li fasil pou ou fè enfeksyon pipi lè ou ansent, men sa ka geri fasil tou. Si yo pa trete l bonè, li ka koze avotman, yon enfeksyon nan ren oswa yon akouchman anvan lè.

Anemi

Lè w fè anemi paske w manke fè nan kò w, li diminye kapasite w genyen pou w kapte oksijèn ki nan lè n'ap respire a. Konsa, moun nan ka parèt: fatigue, li pa anvi fè anyen, li pèdi apeti.

Yon moun anemi paske li manje manje ki pa adapte, e se manje ki manke fè ki koz anemi. Fanm ansent lan dwe manje manje ki rich ak fè paske tibebe a komanse pran fòm. Al gade nan paj 35 pou w wè manje ki gen anpil fè yo.




Archive Pastoral da Criança

Fanm ansent ki fè anemi yo gen anpil chans pou yo fè tibebe ki gen yon pwa fèb ki ka mouri nan premye jou yo nan menm semèn apre l fin fèt.

Yon fanm ansent ki parèt blanch (fennen), san fòs, dekoraje epi ki pa fasil pran pwa gen anpil chans pou se anemi l fè. Li enpòtan pou li pale sa avek doktè li.

Organizasyon Mondyal Lasante rekomande pou tout fanm ansent pran fè anplis ak tout asid folik pandan li ansent lan, menm si li pa fè anemi.



Ajan, verifye nan **Kaye Ajan an**, si gen yon pwogwam pou bay fanm ansent fè ak asid folik anplis nan sèvis sante a epi kijan li ka fè pou li jwenn yo.

Obezite



Obezite a se lè yon moun gen plis pwa pase sal ta dwe genyen avèk anpil grès ki plis pase sa kò li bezwen. Sa ki bay obzite a se manje anpil manje ki pa sen epi pa fè espò. Obezite a se yon maladi ki ka fè anpil lòt maladi parèt sou wou tankou: diabèt , tansyon, kriz kadyak ak emoraji nan sèvo.

Lakay fanm ansent lan li menm, lè gen twòp pwa an plis, sa fè gen plis posibilité pou tansyon li monte, li ka fè eklanmsi lèfini li ka ap bay san apre akouchman an. N ap jwenn plis eksplikasyon sou maladi sa yo pi devan.

Ajan, lè ou al fè vizit yo, pale avek fanm ansent enpi avek fanmiy l' yo sou avan- taj ki genyen nan manje manje ki sen. Lè w pran abitid byen manje, li fè ni manman an, ni tibebe a gen yon bon sante.

Ajan, men kijan pou oryante konvesasyon w avèk fanmiy lan, ou dwe verifye ak ekri bagay sa yo ki pi ba a :

- Bon manje (manje sen) yo disponib nan kominate a : _____

- Pri vyann, pwason, kokiya, fwa a ak lot lot bagay anndan bet yo:

- Kote w ka jwenn manje ki pi fre epi bon mache : _____

- Pwoposisyon pou fasilité moun rive kote yo vann manje pi fre pi ki pa chè pou fanmi yo : _____

- Resèt ak kòman pou prepare, melanje dives kalite manje yon fason pou w byen pwofite fè, vitamin ak lòt eleman nourisan ki bon pou fanm ansent lan manje : _____

Pwopozisyon travay pou etap fòmasyon sa

Nan paj sa, rempli espas vid avek aktivite prepare manje a.

3^e etap fòmasyon an

Pou ka evalye ak selebre

- Kòman fanmiy yo nan kominote a aksepte fwa ak lòt aba yo?
- Eske moun nan kominote a ka jwenn manje sa yo, eske yo jwenn yo nan bon pri?
- Eske gen yon mesaj, yon priyè, yon sitasyon nan bib la ki selebre don lavi ak aksyon nou te fè anfave moun k ap viv bò kote nou, fanm ansent yo ak fanmi yo?

Yon pwopozisyon :

Lapriyè Fanm Ansent lan

*Nou fe konpliman pou ou Gran Met,
paske se ou ki kreye tout lavi
Fanm ansent lan se nich lespwa
Se pou tout fanm ansent fè moman gwosès la tounen
yon peryod pou chanjman, lapè,
yon tan pou grandi, pou mete tèt li an valè.
Se pou fanm ansent la santi li beni pandan peryod sa
Paske Granmet la ap aji e lap fè travay li nan li
Wi Granmet, wap travay nan kò chak fanm ansent, paske
Se wou menm ki ap fòme kò tibebe a ak sajès Ou.
Se wou ki bay pitit Granmet.*

Ann gade

Fanm ansent lan pandan twa premye mwa gwosès la

1. Kisa kominote a ak fanm ansent plis anvi konnen nan komansman yon gwosès?
2. Eske manman yo abitye bay tibebe yo tete? Rive jis ki laj yo abitye fè sa?


Twa premye mwa gwosès la

Gen yon tibebe ki nan kouti. Kounye a vant manman an se yon kay lapè ak lanmou. Vant manman an se kote tibebe a ap premye rankontre manman l ak papa l.

Nan finisman premye mwa a, tibebe gentan gwosè yon gress diri. Sèvo li, systèm nève li, kè li ak kolòn vètebral li ap fòme.

Rive nan de mwa gwosès,
tèt tibebe a byen gwo, je li,
zorèy li ak bouch li parèt.

Rive nan twazyèm mwa,
sèvo a, lestomak la, trip yo, zo
yo ak misk tibebe a déjà pi
devlope epi ap travay ansanm.
Kò tibebe a preske fin fòme. Se
nan moman sa, yo rele li fetis.
Pou Pastoral Timoun yo, depi
lè li tonbe nan vant manman
an, li se yon **tibebe** ki bezwen
lanmou ak atansyon.



A propos de la femme enceinte



Arquivo Pastoral da Criança – Mossoró/RN

Anplis enfòmasyon k ap pèmèt fanm ansent lan pran swen tèt li pi byen, patnè l la ak fanmi li renmen konnen kisa k ap pase pandan gwosès la. Sa pèmèt yo pi kalm epi motive pou angaje yo avek tibebe depi nan kòmansman. Lè nou gen tout enfomasyon sou kòman yon bon gwosès dwe pase, li pi fasil pou fanmi an konnen si gen yon pwoblèm nan gwosès la.

Ajan, pandan vizit kita dwe fèt pou **piti yon fwa nan mwa a**, toujou bay fanm ansent lan okazyon pou li poze w kesyon li vle. Ankouraje patisipasyon papa a ak fanmiy lan nan konvèrsasyon yo. Pandan w ap li Gid Ajan an ak fanm ansent lan, w ap jwenn anpil enfòmasyon ki enpòtan sou gwosès la.

Pandan twa premye mwa gwosès la, fanm nan pap santi anpil chanjman nan kò li, men li konnen li pa menm jan ak anvan: mirak lavi a ap fè chemin l. "Li ranpli ak lagras."



Fanm nan ka santi tete li yo pi gwo, pafwa yo konn fè li mal. **Areyol** la ki se pati nwa ki antoure pwent tete a ap vin pi nwa toujou epi li ka wè kèk ti bouton ki parèt sou li. Ti bouton sa yo la pou pèmèt pwent tete rete yon ti jan mouye pou lèt la koule pi byen.

Pifò fanm ansent kontinye viv nòmalman. Li bon pou fanm ansent lan pran plis repo epi veye kisa li ap manje; fè ti mache pandan gwosès la amelyore sikilasyon san an epi pèmèt fanm ansent lan respire pi byen.

Lè w bese pou ou fè aktivite ou yo, sa pèmèt manb ou yo vin pi fò, sa redui doulè nan do epi evite varisèl.

Li bon pou Ajan an motive papa a ak rès fanmiy lan pou yo ka gen bon jan relasyon ak tibebe a denpi nan komansman gwosès la. Nou konnen deja tibebe a reyaji ak kèk bagay nan anviwonman kote l ap viv la.

Papa a ak manman an ka pale ak tibebe a sou jan yo kontan pou yo vin paran. Sa ogmante relasyon yo ak tibebe a.

Ajan, si sa nesesè, pale ak paran yo de tèt chaje yon gwosès nou pa tap tann ka koze. Pandan n ap pale sa, paran yo ka santi yo pi an sekirite, aksepte gwosès la pi byen epi prepare yo pou yo resevwa tibebe a.



Archive Pastoral del Niño y de la Niña - Bolivie

Si fanm ansent lan se yon adolesan, nou dwe ankouraje manman ak papa tibebe a pou pran responsabilite yo depi nan kòmansman gwosès la pou yo okipe epi fè ledikasyon timoun sa ki pral fèt la. Gran paran yo dwe, chak fwa li nesesè, soutni ak oryante papa a ak manman an, men yo pa gen dwa retire respnsabilite tibebe a nan men yo. Gran papa yo ak grann yo gen yon wòl ki enpòtan anpil pou yo jwe nan lavi pitit pitit yo.

Ajan, sa ka rive fanm ansent lan kite lekol si se yon adolesan. Nan ka sa, li enpòtan pou w motive li pou li retounen lekol.

« *Piga yo jwenn nan mitan nou moun ki kenbe lòt nan kè yo, moun ki gen san wo, moun ki renmen fè kolè. Piga yo tandem woywoy ak joure nan mitan nou. Nou pa fèt pou gen okenn kalite mechanste k ap fèt nan mitan nou. Okontré, se pou nou aji byen yonn ak lòt, se pou nou gen bon kè yonn pou lòt, pou nou yonn padonnen lòt, menm jan Bondye padonnen nou nan Kris la. »*

Ef 4, 31-32

Bay ti bebe tete



Archive de la Pastoral Materno Infantil - République Dominicaine

Lè fanm ansent lan prepare kè l ak lespri li pou li konprann aletman an ki vle di bay timoun nan tete gen anpil avantaj pou li ak tout tibebe a, alètman vin yon chans pou li. Se poutèt sa li enpòtan pou ajan an pale fanm ansent lan de chanjman l ap gen nan kò l ak enpòtans pou manman bay timoun nan tete.

Gen fanm ki panse pwent tete yo twò kout pou yo bay timoun nan tete. Li enpòtan pou di yo fòm pwent tete a pa yon pwoblèm pou alètman paske se anba pati nou wè ki nwa a ti kanal ki gen lèt yo ye.

Sa pa rive fasil pou manman an pa ka bay tibebe a tete. Si sa rive, sèvis sante a ap bay manman an yon oryantasyon espesyal, lap ba li bon jan enfòmasyon pou li ka konprann epi aksepte sitiyasyon an.

Pwoblèm nou jwenn pi souvan lakay fanm ansent

Ajan, pou evite oswa diminye move konsekans pwoblèm nan gwosès la, ou kapab mennen refleksyon ak ansent la sou bagay sa yo :

Tete k ap fè mal

Pou w ka diminye doulè tete yo, li bon pou itilize yon soutyen goj ki gen bretè l laj, pou sipote pwa tete a. Ou pa dwe pese ti boul ki sou pati nwa pwent tete a paske sa ka fè l anfle.

Tèt vire

Pandan gwosès la tansyon fanm ansent lan ka bese souvan epi li ba li Tèt vire. Li rekomande pou fanm ansent manjelan pi souvan epi pou l toujou leve dousman le li te chita oswa kouche. Le yon fanm ansent santi Tèt li ap vire, li dwe kouche tou long epi respire dousman e fo.

Chanjman santiman

Chanjman brid sou kou lakay fanm ansent lan, chanjman nan òmon yo, laperèz pou anyen pa rive tibebe a fè fanm ansent lan vin pi sansib. Li ka ri oswa kriye pou nenpòt ki bagay. Li vreman enpotan pou pale ak fanm ansent lan ak fanmiy lan pou eksplike yo chanjman santiman ki ka vini ak gwosès la epi pou di yo, yo dwe pran pasyans ak li.

Anvi vomi (degou) ak vomisman

Pou diminye pwoblèm sa yo, fanm ansent lan dwe manje avek limit plizyè fwa nan jounen an. Manje ki rekomande nan ka sa, se manje ki lejè, frèt oswa ki pa two cho. Bwe dlo glase kapab ede tou menm jan ak fui ki gen asid epi evite manje manje ki gen anpil grès ak piman. Li pa konseye pou w bwè pandan w ap manje a.

Anvi vomi an vini pi preske chakfwa lè fanm ansent lan fèk leve nan domi, lè li pran sant yon pafen fò, lè li pran sant esans, ode lasi oswa lè li ap bwose dan li. Pou evite sa, li konseye pou fanm ansent lan manje lè li fèk leve epi manje manje ki sèk pito. Li pa bon pou fanm ansent lan rete san manje pandan two lontan. Li dwe manje yon ti kantite manje pandan sis a wit fwa pandan jounen an. Fòk fanm ansent lan evite ale kouche tou swit aprè li fin manje. Epi tou li ka bwose dan li ak dlo pwop san pat pou evite li gen anvi vomi.

Gen fanm ansent ki toujou gen anvi vomi epi ki vomi souvan, sa fè li pa domi byen, sa fè li pa ka manje byen, epi dezidrate kò a. Pou anpeche pèdi dlo, li enpòtan pou bwe anpil likid.

Si fanm ansent lan ap vomi anpil epi tout tan, li dwe ale nan yon Sant Sante.



Archive Pastoral del Niño y de la Niña - Bolivia

Feblès, figi fennen ak krache anpil



Tout sa tibebe a bezwen pou li fòme soti nan san manman li. Si san manman an manke fè oswa kèk lot eleman avan gwosès la, gen anpil chance pou l soufri anemi pandan gwosès la paske li manke fè. Lè sa, figi fanm ansent lan fennen, li fèb, li pa anvi fè anyen. Lè l gen anvi manje selman kek kalite manje ak kèk manje ki dwòl, sa montre fanm ansent lan bezwen kèk elemen nitritif ki manke nan manje l ap manje chak jou yo.

Pou evite anemi ak malnitrisyon, fanm ansent lan dwe manje manje ki gen anpil fè ak anpil vitamin tankou sa yo ki ekri nan paj 34 ak 38 la.

Feblès ak tèt vire (vètij) yo ka parèt apre yon mouvman san zatann, toudenkou lè fanm ansent lan pa manje depi lontan. Ajan, pou evite pwoblèm sa yo, di fanm ansent la pou li manje lè li fèk leve. Li dwe evite pase anpil tan san manje. Si fanm ansent la senti li fèb, di l pou li kouche sou bò goch epi pou l respire dousman e fo.

Bouch la fè anpil krache nan komansman gwosès la. Li konseye pou fanm ansent la vale salive epi pou li bwe de lit dlo chak jou pou pi piti.

Sou wout swen pandan gwosès la



Ajan, lè w rankontre yon fanm ki kwè li ansent, voye l tou suit nan yon Sant Sante pou l ka fè egzamen pipi ak san pou verifye si li ansent tout bon. Si egzamnen an pozitif, li enpotan pou w komanse prepare l pou suivi gwosès la.

Swen pandan gwosès la, fèt pou pwoteje tibebe a ak manman an gras ak swen medikal, konsèy pou byen manje, apui sikolojik ak sosyal.

Tout fanm ansent gen dwa pou yo fè suivi pandan gwosès la epi fè yon akouchman ki asiste ak bon jan profesyonel ki sousye de sa y ap fè a. Li enpotan pou fè sonje chak gwosès diferan parapo yon lot. Chak fanm ansent dwe fè suivi nan chak gwosès.

Pandan suivi a, li posib pou dekouvrir epi trete kèk maladi ki ka koze domaj ni sou manman ni sou tibebe a. Si fanm ansent la konnen kisa ki genyen nan yon bon suivi gwosès, l ap ka goumen pou fè respekte dwa li epi fè pati travay pa l nan pran swen tèt li, dapre oryantasyon li resevwa yo.

Fanm ansent lan gen dwa :

- Resevwa fich Fanm
Ansent la nan
komansman suivi gwosès
la. Y ap ekri sou li
enfomasyon sou gwosès
la.
- Konnen konbyen mwa li
ansent epi ki dat yo
panse li ka akouche;
- Resevwa enfomasyon
pou li amelyore fason I
ap manje;
- Pou li jwenn enfomasyon sou kesyon bay tête
- Pou li jwenn enfomasyon sou koman pou l pran swen kò l
- Pou li jwenn enfomasyon sou vaksen kont tetanos la;
- Konnen pwa li ak tansyon li;
- Pou li jwenn enfòmasyon sou siy danje pandan gwosès la;
- Pase yon egzamen jinecolojik: egzamen tête yo ak egzamen
vajen;
- Pran mezi vant li pou l ka wè jan tibebe a ap grandi;
- Konnen jan kè l ap bat;
- Fè ekzamen san pou wè si li anemi oswa si li fè: sik, sifilis, epatit
(maladi fwa), sida epi pou li konnen gwoup sangen l;
- Fè yon ekzamen pipi pou wè si li pa gen enfeksyon oswa lot
pwoblèm;
- Resevwa fè epi asid folik anplis say o jwenn nan manje y ap
manje.



UNICEF/Guatemala2007/J. RolandChewKléé

Sante manman an ak timoun nan depann de yon bon suivi
gwosès.

Prevansyon pou anpeche maladi pandan gwosès la

Prevansyon an se pi bon mwayen pou evite kèk maladi ki ka vini pandan gwosès la. Kòm maladi sa yo pa bay okenn siy ni okenn sentòm, li enpotan pou fanm ansent lan pran prekosyon epi fè suivi medikal pandan gwosès la. Men kèk nan maladi sa yo :

Toksoplasmoz

Maladi sa yo plis konnen li sou non “maladi chat”, manman kapab bay tibebe a li pandan gwosès la.

Anplis, li dwe evite tout kontak avèk kaka chat, fanm ansent lan dwe fè yon egzamen pandan gwosès la pou konnen si l te gen maladi a deja. Li enpotan pou nou byen lave legim ak fwi yo, epi evite manje vyann kri oswa ki mal kwit.

Sifilis

Sifilis la se yon maladi ou trape lè wap fè sèks men ki trete fasil. Men tou, lè li pa ta trete li ka fè anpil dega sou fanm ansent lan ak tibebe a. Pou tèt sa, akonpayman an dwe komanse depi lè fanm nan konnen li ansent.

Si doktè a jwenn fanm ansent lan gen sifilis, lè l fin fè analiz san an, li dwe trete mari a tou.


Sida

Sida se yon maladi ki atake tout sa ki pou pwoteje kò a. Lè yo dekouvre maladi a nan kòmansman gwoSès la, li pi fasil pou l'jwenn trètman epi gen anpil chans pou tibebe a fèt san li pa gen virus HIV ki bay maladi a. Se pou tèt sa fanm ansent lan dwe fè yon tès san pandan gwoSès la pou li konnen si li gen sida.

Atansyon ! Fanm ki gen virus Sida pa ka bay tête, paske maladi a ka kontamine tibebe a nanlèt manmanan. Se yon pwofesyonel nan Sant Sante ki dwe bay enfomasyon sou koman pou nouri tibebe a.

Tetanos tibebe

Tetanòs tibebe (yo rele mal 7 jou yo) se yon enfeksyon ki vini lè lonbrit la kontamine. Li ka evite ak vaksen kont tetanos (antitetanik). Pandan gwoSès la, fanm ansent lan dwe enfome sou vaksen sa, paske li pwotege l'pou pa trape maladi a epi li pwoteje sante tibebe a.



Gade nan **Kaye Ajan an** plan vaksen peyi kote w ye a.

Enfomasyon sou danje ki genyen pandan gwosès la



Pandan twa (3) premye mwa gwosès la, ou toujou jwenn enkyetid ak laperèz lakay preske tout fanm ansent. An jeneral, se a pati katriyèm mwa gwosès la fanm nan komanse santi l trankil pou l pale de gwosès la.

Gen kèk fanm ansent, menm aprè yo fin jwen yon trétman, yo ka pedi tibebe a. Lè sa rive, fanm nan dwe kouche lopital epi fè yon kitaj ki se grate anndan matris la. Kitaj la evite emoraji ak enfeksyon.

Lè w pèdi yon timoun, kelkelanswa rezon ki lakoz sa rive, sa toujou bay gwo doulè. Sipò fanmiy lan ak sipò Ajan ap ede fanm nan sipote doulè li santi akoz pèt tibebe a.

Ajan, pran pwa a kòmanse depi nan kòmansman gwosès la. Si fanm ansent lan gwosi twop, li kapab fè sik epi tansyon. Maladi sa yo ka fè akouchman fèt avan lè l oswa ti bebe a fèt twò gwo.

Si fanm ansent lan santi anndan **bouboun li ap brile l le lap pipi**, oswa vant fè mal, li dwe chache yon Sant Sante epi eslike kisa li santi.



Anndan bouboun
li ap brile l le lap pipi



Vant fè mal

Siy danje nan twa premye mwa gwosès la

Li enpotan pou fanm ansent lan ak fanmiy li konnen siy danje ki genyen nan twa premye mwa gwosès la.



Vomi souvan



Si w ap bay san

Di fanmiy lan pou l al **lopital** touswit, si fanm ansent lan prezante youn nan siy danje sa yo.

Kite yon paj blanch pou pran not

Kaye Ajan



Non timoun nan :

Non fanm ansent lan/manman an :

1. Dat timoun nan fèt la: _____ / _____ / _____ Pwa timoun nan peze lèl fèt la : _____ grams
2. Eske timoun nan fèt ak yon pwa ki mwens pase 2500 gram? Wi () Non ()
3. A ki laj timoun nan komanse pran :

| | | | |
|----------------------------------|-----|-----------------------|-----|
| Ji _____ | mwa | Dlo _____ | mwa |
| Lèt (an poud, bèf, kabrit) _____ | mwa | Fwi melanje _____ | mwa |
| Bouyon fèy/legim _____ | mwa | Diri ak pwa _____ | mwa |
| Lót manje _____ | mwa | Vyann, aba/trip _____ | mwa |
4. Eske timoun nan kontinye tete sèlman aprel fin sis (6) mwa ? (Li te jwenn tou: dlo, te, lót lèt oubyen lót manje)

| | |
|--------|---------|
| Wi () | Non () |
|--------|---------|

Lane 20 _____

Mwa yo pran enfòmasyon yo →

- | | |
|--|-----------------|
| 5. Laj timoun lan (laj timoun nan ap genyen nan fen mwa a) | |
| 6. Eske ou te vizite timoun sa pandan mwa sa ? | |
| Eske timoun sa pran tete? | |
| 7. Ki pwa timoun sa te peze pandan mwa sa (make pwa a) ? | |
| 8. Eske timoun sa gwosi pandan mwa sa ? | |
| 9. Eske timoun sa fè malnitrison (pwal anba koub -2 PFA) ? | |
| 10. Eske timoun sa gen yon pwa ki plis ak pwa nòmal, li obèz (pi wo koub +2) ? | |
| 11. Eske timoun sa te gen dyare mwa sa ? | |
| 12. Eske timoun sa te gen dyare, eske yo te ba li sewóm ki fèt lakay, eske manman li te vle ba li manje pandan dyare a ? | |
| 13. Ki pwogre timoun nan fè pandan mwa sa ? | 1 2 3 4 1 2 3 4 |
| 14. Eske repons késyon 13 la montre yon move siy pou devlopman timoun nan (timoun nan pa pwofite pandan mwa a) ? | |
| 15. Eske timoun nan pwofite nan fason nou ta swete ? | |
| Si timoun sa te malad nan mwa sa, ekri maladi a | |
| 16. Eske timoun nan te ale nan sant sante (pou vaksinasyon, pou yon senp konsiltasyon oubyen paske li te malad) ? | |
| *17. Eske yo te resevwa timoun nan nan sant sante a ? | |
| 18. Eske timoun sa pran tout vaksen kel te dwe pran nan laj li ? | |
| 19. Konbyen mwa fanm ansent lan genyen ? | |
| 20. Eske ou te vizite fanm ansent sa pandan mwa a ? | |
| 21. Eske fanm ansent lan tal konsilte ? | |
| *22. Eske fanm ansent lan tal konsilte nan mwa sa, eske yo te resevwa li? | |
| 23. Eske yo te mezire vant la pandan konsiltasyon sa ? | |
| 24. Eske mezi vant la pi ba ke 10 ? | |
| 25. Eske koub vant la pi wo ke 90 ? | |
| 26. Eske fanm ansent lan déjà pran tout vaksen li ta dwe pran kont tetanós ? | |

* Obsèvasyon: si yo pat resevwa timoun nan oubyen fanm ansent lan nan sant sante a ekri enfòmasyon yo epi di poukisa yo pat resevwa yo nan dezyèm pati kaye sa.

Endikatè pou note nan akonpanyman fanm ansent la


Kaye Ajan an se materyel ki sèvi pou enskri fanm ansent ak timoun ki gen pi piti pase sis lane nan kominote a. Nan kaye sa, se wou menm Ajan, ki anrejistre, chak mwa, repons moun ou akonpaye yo, sa vle di fanm ansent ak ti moun yo.

Endikatè sa yo enpotan paske se yo ki fè nou wè ki pwen nou dwe obsève. Pastoral Timoun Piti yo itilize endikatè sa yo paske yo itil pou Ajan yo, fanmiy yo, epi tout lòt moun k ap travay nan Pastoral Timoun Piti yo ka konnen kijan fanm ansent ak timoun I ap aklonpanye yo ap viv epi pou konnen kilès nan yo ki bezwen yon atansyon apa.

Endikatè **kesyon 19 a 26** yo montre kijan sante fanm ansent lan ye epi si li konn ale nan yon sant sante.

Ajan, lè ou komanse akonpaye yon fanm ansent, louvri kaye Ajan nan yon paj ki gen antèt, epi ekri non I kote ki ekri: **non fanm ansent lan/manman an.**

Apre sa, reponn kesyon 19 ak 20 ki gen rapò ak mwa gwosès la epi vizit la.



Nan kaye Ajan an :

- Kesyon 19 la, ekri mwa gwosès la.
- Kesyon 20 an, ekri [O] (wi) si Sèlman:
 - Ou resi fè aktivite ki prevwa nan kad "vizit lakay yo"
 - dapre mwa gwosès la (paj 68, 81 epi 92).

Ajan, nan gid sa, chak fwa yon trimès gwosès fini, chak fwa laj timoun nan chanje, gen yon kare ki make : "**Vizit lakay**". Nan pati sa, w ap jwenn direksyon sou sa w dwe obsèv epi pale ak fanmi an nan chak vizit sa yo. Enfomasyon sa yo mete devan enfomasyon k ap montre w kisa k pou fè w wè si se yon gwosès k ap byen pase oswa si se yon timoun ki an sante epi k ap byen devlope.



Vizit Lakay

Lè vizit sa yo ap fèt, li enpotan pou :

- Remèt epi li avèk fanm ansent lan fich lyen lanmou yo dapre oryantasyon ki nan paj 28 nan Gid sa;
- Pale sou swen ki enpotan pandan gwosès la, espesyalman nan paj 38, 45, 46 ak 47;
- Pale sou siy danje ki nan paj 64 la;
- Pale sou suivi gwosès la.

Pwopozisyon travay nan etap fomasyon sa

Enskri non yon manman enpi remet li « Relasyon Lanmou an » (paj 29).

4^e etap fomasyon an

Pou evalye epi selebre

- Koman vizit lakay fanm ansent lan te pase?
- Eske w te gen posiblite pou w pale avek li sou tout sa nou te wè la?
- Eske gen dout nou ka eklèsi kounya?
- Eske gen yon mesaj, yon priyè oswa yon pawol Labib ki fete kado sa ki se lavi, epi aksyon nou fè yo pou moun bò kote nou, pou fanm ansent yo epi fanmi yo ?

Yon pwopozisyon :

*« Epi li di yo : moun ki resevwa timoun sa a
 nan non mwen, se mwen menm menm li resevwa.
 Moun ki resevwa m, resevwa moun kite voye m lan tou.
 Moun ki pi piti nan mitan nou tout la a, se li ki pi gran. »*
Lik 9, 48


Ann gade

**Fanm ansent lan pandan katriyèm,
 senkyèm epi sisyèm mwa gwosès la**

1. Kisa moun ki pral manman yo, nan kominate w la ta renmen konnen padan moman sa ?
2. Eske manman yo gen abitid bay tibebe yo tete? Jiska ki laj ?

Katriyèm, senkyèm ak sisyèm mwa gwosès

Ann pale sou bebe a



Tibebe a ap bouje plis. Lè katriyèm mwa a ap fini, li mesire ant 10 epi 12 santimèt epi li peze a pe prè 220 gram.

Sou senkyèm mwa a, li souse dwèt li epi li fè grimas. Li louvri epi fèmen je l, li bouje men l ak pye l. Nan peryod sa tibebe a grandi anpil, li ka rive jiska 25 santimèt epi pese 500 gram.

Sou sisyèm mwa a, timoun nan kòmanse devlope 4 sans: tande, santi, pran gou ak touche. Je a ki se ogann pou wè a, se denye ògann ki gen pou devlope. Tibebe a reyaji lè li wè limyè ak lè li tandé mizik. Li ka tandé kèk lot ti bri tou tankou lè kè manman li ap bat.


Anplis vwa manman l, tibebe a reyaji lè li tandé lòt vwa tou. Paran yo ka priye oswa chante tou pre li. Si gen lòt timoun nan fanmi an li bon pou mennen yo pou yo pale ak tibebe a, pou yo karese vant manman an. Bagay sa yo ogmante relasyon fanmiy lan ak ti bebe a.

Ann pale de fanm ansent lan

Pandan twa mwa sa yo,
fanm ansent lan santi li pi
alèz epi pi kontan paske kò li
deja abitye ak chanjman
gwosès la.

Nan peryod sa, li nòmal
pou yon tras nwa paret soti
depi anba vant la rive jis nan
lonbrit li. Kèk ti tach nwa ka
parèt tou sou figi li. Pou yo
pa ogmante, li bon pou evite
solèy, poutet sa, fanm ansent
la ap itilize yon parapli oswa
yon chapo.

Sou senkyèm mwa
gwosès la, fanm ansent la
kòmanse santi tibebe a ap fè
mouvman pi souvan. Li
kòmanse antre nan yon
peryod kote aktivite yo pi
enpòtan nan kèk moman nan
jounen an, apre sa li repoze l.



Eli Pio




Sou sisyèm mwa a, vant lan deja parèt. Pwa kò fanm ansent lan ogmante yon ti kras pi plis chak mwa. Si li gwosi twòp, li ka soufri doulè nan kolòn vertebral li, epi wè mak ptit parèt sou tete l ak sou vant li. Lè mak ptit yo ap grate, li konseye pou pase yon ti pat ki fèt ak lanmidon mayi epi enpe dlo.

Li enpòtan pou paran yo kontinye pale ak tibebe yo a, epi lè se pa premye ptit yo, li bon pou lot timoun yo fè menm bagay la. Konsa timoun yo ap santi yo pa abandone paske gen yon lot bebe ki pral fèt nan kay la, men yap konprann pi byen e yap aksepte vini tibebe ki pra l fet la.

Pandan gwosès la, kek mari ak madanm pa cho nan fe seks, men gen lot ki santi anvi fè sèks yo ogmante, yo anvi fe seks pi souvan ; yo kapab fe li, yo kapab kontinye fe seks denpi yo pran prekosyon pou madanm nan pa senyen, pou li pa pèdi likid oswa li pa gen gwo doulè.

*« Se pou nou youn renmen lòt ak tout kè nou.
Kouri pou sa ki mal avek degoutans, kenbe fèm nan fè sa ki byen.
Se pou nou yonn ren men lòt tankou frè ak sè. Se pou nou fè
konpetisyon poun wè kilès ki renmen lot pi plis. »
Wom 12, 9-10*

Bay ti bebe tete



Ajan, toujou pale ak fanm ansent lan ak fanmiy li sou zafè bay tete. Esplike yo lèt manman an se pi bon mwayen ki pa chè epi ki pi senp pou bay tibebe a manje.

Lèt ki soti nan tete manman an genyen tout sa tibebe a bezwen pou li devlope epi anplis li gen « sibstans » (antikò) ladan I pou goumen kont maladi yo. Lè se lèt bèf oswa lèt nan bwat, kapab gen erè oswa kontaminasyon lè y ap prepare I. Plis anko, lè nou konsidere li pa gen okenn pwoteksyon ladan I, li ka koze domaj sou sante tibebe a.

Lè tibebe a bwè lèt manman sèlman, li plis pwoteje kont nemoni, dyare ak doulè nan zorèy.


Pwoblèm ou jwenn pi souvan yo

Gaz, endisjesyon (gonfle) ak lestomak brile

Fanm ansent la gen pwoblem sa yo paske matris la grandi li prese lestomak la ak trip yo, li anpeche dijesyon manje a fèt byen. Sa k tap pi bon, se pou fanm ansent lan evite manje kalite manje ki ka bay pwoblem sa yo. Lè fini tou, si w pran abitid manje bon manje nan menm lè a chak jou, se sa ki kapab pemèt evite pwoblèm sa yo. Pèsi, jenjanm enpi te (dite) anis (lanni) ede diminye gaz yo.

Pou byen dijere, sa yo se kèk detay pami lot ki dwe obsève :

- Manje manje ki fre pito ;
- Manje manje ki gen anpil fib: fwi ak legim, sereyal tankou avwann ;
- Evite manje bagay ki dous, te nwa, tè vèt, kafe ak kola (gazez yo), paske yo bay gaz ak lestomak brile ;
- Manje dousman epi byen kraze manje yo ;
- Evite manje ki gen twop gres oswa ki two sèk ;
- Bwè anpil lew fin manje, men fok likid la pa ni twò glase ni twò cho ;
- Manje souvan men pa manje anpil ;
- Pa rete san manje plis pase twa zè ;
- Pa rete fè anpil tan chita oswa kouche.



Archive Pastoral da Criança

Ajan, si fanm ansent lan soufri lestomak brile, di li pa dwe bwe lèt ki frèt anpil kom remèd, pa dwe kouche lè li fèk fin manje, pou li dòmi sou yon zòrye wo.

Figi ak pye anfle, mak sou ko ak kranp

Pandan gwosès la, sa rive souvan pou pye fanm ansent lan anfle. Gen mak ki konn parèt sou janm li ak nan bouboun li. Sa rive paske matris la fè presyon epi anpeche san an byen sikile.

Pou ka amelyore sikilasyon san an, li konseye pou mete rad ki laj epi pa mete twop sèl nan manje. Mak sou ko yo ak pye anfle yo ap diminye si fanm ansent lan mache ak lè li chita oswa kouche ak janb li wo. Li pa rekomande pou itilize chosèt ki gen elastik twò sere ak soulye ki gen semèl glise.

Kranp yo parèt lè fanm ansent lan pa fè mouvman ak lè li manke kèk sèl mineral nan kò li. Pou kranp yo diminye, li dwe chita detire janm li epi rale zotèy yo. Fè masaj epi evite rete two lontan nan yon sèl pozisyon ; tout sa kapab ede evite kranp tou.



Dlo kokoye, bannann, zoranj ak tout kalite pwa se manje ki kapab ede lite kont kranp.

Emowoyid

Emowoyid yo se yon bann varis ki parèt nan dènye pati trip la. Fanm ansent lan ka ap plenyen tou akoz li paka twalèt. Si trip yo ap fonksyone mal, sa ka bay pwoblèm nan nivo emowoyid yo.

Pou w evite sa, li rekòmande pou bwè anpil likid, fè yon ti mache epi manje manje ki gen anpil fib tankou fwi ak legitim.

Ekoulman vajinal

Òmon gwosès la ka pwovoke yon ekoulman koulè blanch. Pou netwaye l ou dwe sèlman lave pati deyò a epi byen siye li.

Si fanm ansent lan ap plenyen li gen ekoulman ak demanjezon ki gen move lodè, li nesesè pou li ale nan yon sant sante pou li fè yon ekzamen epi suiv yon tretman. Gen kèk fwa doktè a konn mande pou patnè a suiv yon tretman tou. Si yo byen suiv tretman an fanm nan pap gen pwoblèm sa yo ankò.

Kò anfle ak tansyon wo

Si lè li leve nan domi fanm ansent lan santi tèt fè mal oswa si kò l anfle anpil, li nesesè pou mennen li touswit nan yon sant sante.

Tansyon wo, pèdi pwoteyin nan pipi, epi kò anfle se siy ki anonse **eklanmsi**. Pwoblèm sa ka rezoud ak plis atansyon lè fanm ansent lan fè vizit pou swiv gwosès la, pran yon ti repo ak medikaman. Gen kèk fwa li konn nesesè pou fanm ansent lan al kouche lopital.



Si fanm ansent lan pa jwenn bon tretman, sa ka vin pi grav epi li ka vin gen konvilsyon. Se lè sa nou ka rele maladi a « **eklanmsi** » ki se yon gwo pwoblèm ki mete lavi manman an ak tout tibebe a an danje.

Dyabèt (maladi sik)

Yon moun vin diyabètik lè kantite sik yo rele glikoz la ogmante nan san yon moun. Men siy ki parèt pi souvan yo :


- Toujou anvi bwè ;
- Anvi pipi tout tan ;
- Fatig, feblès, tèt vire ;
- Pa wè byen ;
- Apeti a ogmante ;
- Pèdi pwa.

Gen 2 sitiyasyon ki ka rive nan gwosès la, sou zafè dyabèt la :

- Fanm ansent lan te fè dyabèt anvan li vin ansent ;
- Dyabèt la parèt pandan gwosès la. Yo rele I dyabet gwoses ;

Nan ka sa yo, li nesesè pou fanm ansent pran plis prekosyon pandan peryod gwoses la. Li dwe fè atansyon ak sa l' ap manje epi fè espò, se sa ki ka pèmèt kontrole maladi a pi byen. Nan kèk ka, li dwe suiv yon tretman.


Yo fè kontwòl tretman dyabèt nan tout ekzamen ki fèt pandan tout gwosès la. Apre tibebe a fin fèt, fòk gen lòt ekzamen ki fèt pou veryfye eta sante manman an.



N'ap jwenn enfomasyon sou akonpayman gwosès la ak devlopman tibebe a nan vant manman li nan pati ki pale sou suivi gwosès la nan **Kaye Ajan an**.

*« Ptit mwen, lè ou malad pa revolte,
men priye Segnè e li va geri ou. Epi ale kay doktè,
paske se Segnè a ki kreye li li menm tou,
pa mete li sou kote, paske ou bezwen li. »*

Ko 38, 9-12



Men sa pou ekri nan Kaye Ajan an :

- nan **kesyon 21** an : ekri [O] (oui) si fanm ansent lan te ale nan Sant Sante pou konsiltasyon gwosès ;
- nan **kesyon 22** an : ekri [O] (oui) si yo te resevwa fanm ansent lan nan konsiltasyon gwosès la ;

Pou reponn kesyon ki pi ba yo ou dwe konsilte Tèm "suivi gwosès" nan Kaye Ajan an :

- nan **kesyon 23** an : note [O] (oui), si yo te mezire wotè matris la pandan konsiltasyon an ;
- nan **kesyon 24** an : ekri [O] (oui), lè ou fin verifye si wotè matris la te mezire epi si tibebe a grandi jan sa dwe ye ;
- nan **kesyon 25** an : ekri [O] (oui), lè ou fin verifye si wotè matris la te mezire epi si tibebe a grandi plis pase jan ta dwe grandi ;
- nan **kesyon 26** an : ekri [O] (oui) si lè ou fin verifye sou fich la pou wè si plan vaksinasyon an respekte selon komin kote fanm ansent la ap viv la.

Siy danje pandan gwosès la

Li enpòtan pou fanm ansent lan ak fanmiy li konnen koman pou yo rekonet siy danje yo pandan gwosès la. Ajan, ou dwe konseye fanmiy yo pou kouri **lopital touswit** avek fanm ansent lan si l' prezante youn nan sentom oswa siy sa yo :



Vomi souvan



Bra ak pye two anfle



Gwò fyèv/
tèt fè mal



Si w ap bay sang
(Bay san nan bouboun)



Pèdi likid



Atansyon ! Apati 7^e mwa gwosès la, **veye si tibebe a pa fe mouvman ditou oubyen si l fe twòp mouvman.**

Mete kanpe ansanm ak fanm ansent lan ak fanmiy li, yon **plan dijans** pou si youn nan siy danje sa yo ta prezante :

- Koman pou mennen fanm ansent lan lopital ? Ekri adrès ak nimewo telefòn lopital la.
-
-
-

- Kiyès ki ka ale ak fanm ansent la ? Koman yo ka fè maril konnen sa ?
-
-
-
- Kiyès ki ka okipe lòt timoun yo jiskaske manman an tounen ?
-
-
-



Vizit lakay

Lè vizit sa yo ap fèt, li enpòtan pou :

- Mande fanm ansent lan si li pa santi okenn doulè oswa bagay k ap okipe lespri li pandan faz gwo sès sa epi kòman ou ka ede li;
- Pale ak li de siy danje pou gwo sès la;
- Remèt epi li ansanm ak fanm ansent lan fich "Relasyon Lanmou" dapre oryantasyon ki bay nan paj 28 nan Gid sa.
- Reponn kesyon yo ki nan Kaye Ajan an.

Pwozisyon travay pou etap fòmasyon sa

Ajan, vizite yon fanm ansent ou te enskri nan kominote w la.

- Mande fanm ansent lan si yo te mezire wotè matris li epi kisa pwofesyonèl lasante a te di li sou devlopman tibebe a.
- Ranpli plan dijans lan pou fanm ansent lan.

5^e etap Fòmasyon an

Pou evalye ak fete

- Kòman vizit lakay fanm ansent lan te pase?
- Kisa w panse de travay w ap fè pou Pastoral Timoun Piti yo?
- Pataje ak gwoup la plan dijans ou te prepare a.
- Eske gen yon mesaj, yon priyè oswa yon pawol labib ki selebre don lavi ak aksyon nou fè pou moun ki ap viv tou prè nou, fanm ansent yo ak fanmi yo?

Yon pwopozisyon :

*"Wou w beni pami tout fanm yo,
fui zantray ou a beni. »*

Lik 1, 42

Ann gade

**Setyèm, uityèm ak nevyèm mwa gwosès la,
akouchman an ak nesans tibebe a**

1. Kisa fanm ansent yo nan kominote w la renmen konnen sou akouchman ak nesans tibebe a ?
2. Eske fason sistèm sante a organize nan komin nan ap pèmèt akouchman an fèt san tèt chaje ?

Setyèm, uityèm ak nevyèm mwa gwosès

Ann pale de tibebe a

Sou setyèm mwa gwosès la, tibebe a déjà mezire preske 40 santimèt epi li peze plis pase yon kilo. Sèvo li vin pi gwo, li kapab santi doulè epi wè gwo limyè lè limye sa yo touprè vant manman li.

A pati uityèm mwa gwosès la, espas kote tibebe a ye a komanse twò piti pou li, an jeneral li al mete tèt li anba pou li prepare pou l'soti nan moman akouchman an. Lè li fè sa li ogmante presyon sou blad pipi manman an ki pral anvi fè pipi pi souvan.

Nan dènye mwa gwosès la, pwa tibebe a preske rive nan twa kilo ak twa san gram (3,300 gram) epi wotè li varye ant 48 ak 52 santimèt selon sèks li.

Li bon pou paran yo pale ak tibebe a sou sa yo santi paske kounye a lè akouchman an preske rive. Se sa ki pral kreye yon relasyon lanmou ak tibebe a epi ki pral rann relasyon ant timoun nan ak paran li vin pi fò aprè li fin fèt.

Ajan, nan dènye mwa sa yo, tibebe a ap pran 2 kilo konsa, ki vle di pi gwo pati nan pwa lap genyen lè li fèt. Kidonk, li enpòtan pou manman an pran anpil pwa tou pandan dènye mwa gwosès la.

Ann pale de fanm ansent lan

Pandan dènye trimès sa, venn tete fanm ansent lan parèt plis. Vant lan pi gwo, lonbrit la kapab soti epi matris la pouse kòt yo epi peze sou poumon yo.

Chak fanm ansent gen yon fòm vant diferan: fom sa varye dapre fizik fanm nan, dapre jan pwa l'ogmante pandan gwosès la epi tou ak wotè tibebe a.

Pandan twa dènye mwa gwosès la, fanm ansent lan dwe eseye travay mwens epi repoze plis. Si l ap fè yon travay ki twò lou epi k ap fatige l, tibebe a ka fèt avan lè li ta dwe fèt la. Poutèt sa, fanm ansent lan bezwen plis èd nan men patnè li a ak fanmi li nan travay li gen pou li fè chak jou nan kay la, elatriye.



Rodolfo Bahner

Li bon pou fanm ansent lan dòmi sou bò goch la, pou matris la pa twò peze venn ki pi enpòtan nan vant lan.



Reinaldo Okita

Bay ti bebe tete

Anvi pou bay tete se faktè ki pi enpòtan pou alètman an byen pase. Lòt faktè yo ki ka enfliyanse alètman se: volonte manman an, sipò li jwenn depi nan premye jou yo epi si tibebe a byen pran tete a.

Nan dènye mwa sa yo, vizit yo enpòtan pou eksplike fanm ansent lan kòman pou li fe pou tibebe byen pran tete a epi kòman pou li retire lèt nan tete li ak men I. Konsa kè I a pi poze epi prepare pou I fè premye alètman yo. Fason pou tibebe a byen pran tete a eksplike nan paj 113, epi jan pou li retire lèt nan tete a nan paj 163.

Nan konvèsasyon yo, anplis pou motive fanm ansent lan pou li bay ti bebe a tete, ou ka tou chache konnen kisa li santi ak kisa li panse de alètman. Konsa wa ede I selon sa li bezwen.

Manman ki pral fè premye pitit ka pè pou yo pa ka bay tete. Manman ki pat jwenn bon rezulta lè yo tap bay timoun yo te genyen avan yo tete ap bezwen èd ou pou yo bay tibebe ki fèk fèt la tete. Pi bon mwayen pou ede fanm ansent lan se fè I pale ak lòt fanm ki bay tete deja oswa ki ap bay tete.



Bolivie – Archive de la Pastoral del Niño y de la Niña



Jiskaprezan, nou wè kòman li enpòtan pou nou chache akonpaye fanm ansent yo pi bonè posib pou yo ka viv gwosès la pi byen epi pou akouchman an ka pi trankil.

Pou ka plis ede Ajan yo anko nan misyon yo genyen pou chache fanm ansent nan kominote yo, Pastoral Timoun Piti yo fè yon kanpay chak twa mwa: nan fevriye, me, dawou ak novanm. Pandan mwa sa yo, Ajan yo chwazi youn oswa plizyè jou pou yo vizite tout kay nan kominote a pou chache fanm ki fèk ansent pou ankouraje yo aksepte akonpayman Pastoral Timoun Piti yo ap bay la epi kòmanse swiv gwosès la.

Menm si fanm ansent lan pa vle enskri nan premye vizit la, remèt li fich **“Mil Premye Jou yo”** ak fich **“10 bon prensip pou Lapè nan Fanmiy lan”**. Ak pasyans, pa sispann vizite yo, pou w ka remèt li fich Relasyon Lanmou yo, chak mwa jiskaske li abitye ak prezans ou epi aksepte enskri pou jwenn akonpayman. Se pou yo fete chak lè gen yon fanm ki dakò antre nan pwogram lan.

Premye konsiltasyon an dwe fèt depi nan premye mwa gwosès la.

*« Epi li di yo: Ale toupatou nan mond lan,
pwoklame Levanjil la bay tout sa ki ekziste sou latè. »*
Mak 16, 15

Plent nou jwenn pi souvan

Doulè nan do ak fatig

Pandan dènye mwa gwosès la, fanm ansent lan pi fatige epi li plenyen doulè nan do akoz pozisyon kolon vêtebral la. Se pwa tibebe a nan matris la ki koze doulè sa yo. Pou soulaje doulè sa yo, fanm ansent lan dwe repoze plizyè fwa nan yon jounen ak janm li souvle.

Difikilte pou domi ak anpil sousi

Pafwa fanm ansent lan gen difikilte pou l jwenn yon bon pozisyon pou l domi akoz gwosè vant li. Ajan an dwe di li pou l kouche sou bò goch la epi pou li mete kousen kom sipò. Lè li paka domi ak sousi akouchman an, li dwe respire tou dousman epi fò avan li domi pou li ka santi l byen.

Ajan an ka konseye fanm ansent la tou pou li pale de pwoblèm k ap trakase l ak patnè li, fanmi li oswa ou menm Ajan, paske sa ap ede l diminye nan sousi yo.

Fanm ansent la santi vant li balonnen (Vant gonfle)

Sansasyon sa rive an jeneral lè w fin manje. Ajan, nan ka sa di fanm ansent lan pou l pa bwè pandan l ap manje, pa manje anpil men manje souvan, epi chanje preparasyon manje yo, epi manje manje ki pi likid oswa pat. Sa ap rann jesyon an pi fasil.

Atansyon ! Si fanm ansent lan pa santi tibebe a ap fè mouvman nan vant li oswa si l ap bouje twòp pandan plis pase 30 minit, fanm ansent lan dwe kouri al lopital.

Siy ki montre lè akouchman an pral rive

Kèk semèn avan akouchman an, kò fanm ansent lan transfòme pou l ka prepare l pou akouchman an.

- Tibebe a desann pi ba nan vant manman an. Sa fè yon fòs sou anba ti vant lan epi ba l do fè mal;
- Vant lan konn vin di- anplis, kontraksyon yo ki te tou pitit san doulè avan pral kòmanse vin pi fo e pi rapid;
- Sekresyon vajinal (kantit ti likid kap soti nan bouboun nan) yo vin pi plis, yo konn gen yon ti koulè woz akoz kèk venn ki ka koupe. Tout sa se tibebe k ap desann pou l soti nan vant manman ki lakoz.



Ajan, nan twa dènye mwa gwosès la, fanm ansent lan dwe evite fatige kò l nan fè gwo jefò. Sa ka fè timoun nan desann avan lè l. Men fè ti travay lejè ak egzèsis ap ede nan akouchman an.

Plan d'accouchement

Ajan, lè w ap vizite fanm ansent lan, nan dènye mwa gwosès la, li bon pou pale avèk li ak fanmiy lan tou, sou préparatif akouchman an ak nesans tibebe a.

Ou ka mande l si li deja konnen nan ki lopital li pral akouche. Si li rete lwen lopital la li t ap bon anpil pou fè l konprann pou li al dòmi yon kote ki pi pre. Si li deja gen lòt timoun li enpotan pou l kontakte paran oswa moun ke l konnen pou okipe timoun yo pandan l lopital la.

Ou dwe pale l tou sou diferan kalite akouchman ki genyen. Men eksplike l pi bon fason pou yon tibebe fèt se akouchman tradisyonèl la, nou di tou akouchman nomal (tibebe a soti nan boubounn nan). Lè se konsa ti tibebe fèt, li pi vivan epi li gentan gen anvi tete **colostrum** (al gade nan paj 100 pou w esa ki sou colostrum nan).

Akouchman nòmal la li bon pou manman an tou. Li santi mwens doulè apre akouchman an epi li tounen sou de pye l pi vit. Lè sa l'ap pi anfom pou l pran swen tèt li ak tibebe a. Sezaryèn lan dwe fèt sèlman si pa gen chwa.



Bolivie – Archive de la Pastoral del Niño y de la Niña



Nan moman l ap pati pou ale lopital la, fanm ansent lan dwe pote :

- Fich fanm ansent li a;
- Yon dokiman ki kapab swa kat didantite li, kat travay li,
- batistè oswa sètifikasi maryaj li;
- Yon sak ki gen rad li, kotèks, ak kèk rad pou tibebe a.

Mari fanm ansent la, fanmiy ak zanmi yo k ap viv tou prè fanm ansent lan dwe konnen ki **premye siy ki fè wè akouchman an pre** (paj 93) epi tou ki kote pou yo mennen fanm ansent lan. Konsa y ap santi yo pi pare pou mennen fanm ansent lan lopital lè moman akouchman an rive.

Siy k ap fè w konnen lè moman akouchman an diferan lakay chak fanm, pou menm fanm lan, li diferan tou nan chak akouchman. An jeneral, lè se premye pitit akouchman an pran plis tan.

Fè yon **plan akouchman** ak chak fanm ansent ansanm ak fanmiy li, jan sa eksplike nan paj 92 la.

Vizit nan sèvis santé yo

Ajan, vizite sèvis sante yo ki bay swen nan kominote w la. Prezante tèt ou epi eksplike enpe, kisa sevis yo Pastoral Timoun Piti yo ap fè nan kominote yo grasa volontè li yo. Chèche epi ekri yon kote sa ki di pi ba a pou ka pi byen oryante fanm ansent w ap akopanye yo :

- Ki non, nimewo telefòn ak adrès inite sante a ? _____

- Kijan sèvis k ap okipe de fanm ansent yo fonksyone (lè, jou, koman yo resevwa Moun, non Dokte a / enfimye a) ? _____

- Ki kote yo fè analiz san ak pipi ? _____

- Eske fich fanm ansent la ? Eske mezi wotè matris la ekri sou fich ? _____

- Eske se doktè ki abitye fèsuivi gwosès yo kap fè akouchmanyou tou ? _____

- Kijan plan vaksinasyon kont tetanos nan komin nan fèt ? _____

Dapre sa ou te wè, pale ak chak fanm ansent yo sou **plan akouchman** pa li :

1. Nan ki lopital li prale ? _____

2. Kilès k ap mennen fanm ansent lan lopital lè I koumanse gen tranche ? _____

3. Kiles ki pra l' pran swen lot timoun yo pandan li lopital ? _____



Visite à Domicile

Nan okazyon vizit sa yo, li enpòtan pou :

- Remèt enpi li avek fanm ansent lan fich Relasyon Lanmou yo dapre sa ki di nan paj 28 nan Gid sa;
- Mande fanm ansent lan si li gen kesyon oswa kèk bagay ki okipe lespri l epi kijan ou ka ede l;
- Pale sou siy danje yo (paj 80);
- Sou neviyèm mwa a :
 - Pale sou plan akouchman an;
 - Eksplike fanmi an kisa ki siy akouchman an (paj 93);
 - Remèt epi pale sou fich la ki rele « Tibebe a fèt »;
 - Montre fanm ki pral manman an, kijan pou li komanse bay tete.
- Reponn kesyon ki nan Kaye Ajan an.

Tibebe pra l fèt

Siy ki montre fanm ansent lan pral akouche

Gen kèk siy ki montre akouchman an komanse :

- Kase lèzo se yon ti vyann mou ki fèmen twou matris la epi proteje l kont bakteri ak champion. Gen de fwa moun nan konn kase lèzo plizyè jou anvan travay la komanse tout bon;
- Doulè soti nan do pou rive anba ti vant;
- Kontraksyon yo ki komanse tou dousman - vant lan vin di pandan 30 segond konsa epi li retounen jan li te ye a apre sa. Kontraksyon sa yo parèt chak 30 minit konsa.



Fanmiy lan dwe pwograme lè pou ale lopital la, sa depann distans kay kote fanm ansent la rete a ak lopital la. Si li tou pre, ou ka tann lè kontraksyon yo fèt chak 10 minit.

Atansyon ! Si fanm ansent lan pa santi vant fè mal, men li komanse pèdi anpil dlo- jis li rive ap koule nan pye l- sa vle di pòch dlo tibebe a pete (kase lèzo). Lè konsa fòk ou kouri ale lopital touswit.

Akouchman an



Yon tibebe ki fèt se yon moman pou nou selebre lavi ak lesperans. Se yon mirak Bondye ki reyalize.

Tout bagay dwe fèt pou tibebe a fèt dapre metod natirèl san gwo risk ni soufrans pou manman an ak tibebe a. Si akouchman an gen bon asistans, manman an ak pitit lan dwe byen trete ak respè, tandrès epi atansyon. Se pwofesyonèl lasante ki ka fè fas ak nenpòt pwoblèm ki poze k ap resevwa yo nan bon kondisyon lijyèn.

Li t ap bon anpil si papa a te ka la nan akouchman an ak lè ti bebe a fèk fèt. Sa ta montre li pran angajman l vizavi timoun nan epi sa ede kreye bon jan relasyon ant li men avek timoun nan.

Moun Mennen fanm ansent lan lopital la pa dwe asiste akouchman an. Lap prezan nan sal la sèlman si gen anpil risk nan akouchman an.

Viv ansanm



Tibebe a dwe komanse tete tousuit lè li fèk fèt soti nan vant manman an. Konsa, I ap jwenn kolostrom lan, I ap pran sant manman an, I ap santi chalè kò I epi I ap tande vwa li. Se konsa, tibebe a komanse abitye ak lavi deyò vant manman li ak anpil trankilate.

Si manman an ak tibebe a byen anfom, yo dwe viv ansanm; sa vle di tibebe a dwe toujou tou pre manman li, nan menm pyès kay, nan menm chanm.

Konsa, tibebe a ap kapab tete chak lè li vle epi I ap jwenn afeksyon paran I yo. Lè tibebe a rete tou pre manman li, manman an ka kontwole e we fasil lè tibebe a gen pwoblèm.

« *Lè yon fam ap akouche, kèl sere,
paske lè a rive pou l soufri.
Men, lè ptit la fin fèt,
li bliye tout soufrans li yo
akoz kè kontan li genyen paske li bay lavi ak yon moun. »*

Jan 16, 21

Ann gade byen tibebe ki fèk fèt la



Lè tibebe a fèt, po li swa epi li kouvri ak yon kouch grès ki te pwoteje li nan matris la.

Gen kek tibebe ki konn gen ti plim fen sou do yo, sou zòrey yo ak nan figi yo. Men anpil fwa, yo disparèt apre yon semènn.

Tibebe a ka genyen kèk ti pwen sou nen li ki sanble ak bouton. Men nou pa dwe manyen yo paske lè konsa, yo boule. Yo disparèt apre youn oswa de mwa.

Tèt tibebe a pi gwo
parapo kò li.

Zo tèt yo poko soude
youn ak lot, se sak fè tibebe
a gen yon twou nan tèt li kap
bat.

Gen de tibebe ki konn
fèt ak zo yo monte youn sou
lòt. Li nòmal paske sa rive
pou ede tèt timoun nan pase
nan twou akouchman an lè
lap fèt. Li pa nesesè pou
mete bonèt nan tèt tibebe a
pou pwoteje twou k ap bat
nan tèt tibebe a. L'ap fèmen
pou kont li pandan timoun
nan ap grandi.

Nan yon kouch nòmal, tibebe a ka fèt ak po tèt li gonfle. Sa rive
akoz presyon tèt tibebe a fè sou kòl matris la pou l ka ouvè. Kèk jou apre
akouchman an, tèt tibebe a ap pran fòm nòmal li.

Tibebe a ka fèt tou ak figi l anfle, ak mak oswa tach. Gen tibebe ki
fèt ak tach sou dèyè yo tou, tach sa yo ap disparèt pandan l ap grandi.



Katiuscia Dier Francisco

Tibebe fi tankou tibebe gason ka fèt ak tete yo gonfle. Sa rive akoz òmon manman an pase nan kòd lombrit lan pou l al jwenn kò tibebe a. Lè konsa sitou pa manyen yo. Sa ka blese tibebe a oswa fè tete yo anfle. Piti piti, gonfleman sa ap disparèt.

Vant tibebe a gwo epi li wo. Lè l ap respire, vant li monte epi l desann. Kòd lombrit la pwès, gen koule blanch epi li mouye. Bra li ak janb li kout lè n konpare yo ak kò a.


Tibebe gason yo ka fèt ak gwo pwostat ki plen ak yon likid, lap vin pi piti nan premye mwa apre nesans lan. Yo ka fèt ak pwostat san anyen anndan yo tou, paske testikil yo pokò desann sot nan vant lan.
(Pwostat la se yon ti sak ki kouvri testikil yo)

Tibebe fi yo konn fèt ak de bò boubounn yo gonfle epi konn gen yon ti likid blan oswa yon ti san k ap soti ladan l. Sa rive tou akoz òmonn yo ki pase nan kòd lombrit lan. Manman an pa dwe fè tèt cho, Sa ap disparèt kèk jou apre timoun nan fin fèt.



Teofônio Roque

Bay ti bebe tete : Kolostwòm



Unicef

Lè tibebe a komanse tete tousuit apre li fèk fèt, li byen bon ni pou tibebe a ni pou manman an, paske lèt la ap desann pi bonè epi gen plis relasyon ant manman an ak ti bbebe a. Lè tibebe a ap souse tete manman an, sa ede elimine plasenta a, manman an pedi mwens san epi matris la retounen jan l te ye a pi vit. Alò bay timoun tete bon ni pou manman an ni pou pitit la.

Bay tete se yon aktivite manman ak tibebe a dwe aprann. Se pou tet sa manman an dwe konnen li kapab jwenn èd moun ki konnen nan domèn sante sou zafè bay tete. Tout apui nan sans sa beni (byenvini)!

Atansyon ! Se manman an sèlman ki dwe bay tibebe li a tete. Li pa dwe janm bay yon lòt manman bay pili a tete. Gen malady tibebe a ka trape nan lèt manman.



Nan premye jou yo, tibebe a tete **kolostrom lan** ki se yon lèt jònny ki transparan men ki pwès anpil, epi ki gen anpil pwoteyin, anpil sèl minero ladan l. Li pèmèt konbat anpil maladi. Anplis li bon pou lasante, kolostrom lan ede tibebe a fè premye kaka li, sa yo rele mekoniom lan. Li gen yon koulè fonse epi kole tankou goudron asphalt. Gen kek fanm ki konn santi tete yo vin pi lou, gen plis doulè epi yon ti kras pi cho ant dezyèm jou ak senkyèm jou aprè akouchman an. Sa nòmal. Sa ki pi enpòtan se pou manman an kontinye bay tibebe a tete epi pou tibebe a tou **byen pran tete a** (paj 113). Konsa alètman an ap kontinye nòmalman.

Plis jou yo ap pase, kò manman an ap chanje kalite lèt la dapre sa ko tibebe a bezwen. Lèt manman an ap genyen anpil lòt eleman pou nourit kò a pou tibebe a ka devlope an sante. Nou ka di lèt manman an toujou tonbe daplon ak sa tibebe a bezwen nan chak laj li genyen.


Bébé avec un poids faible

Gen tibebe ki kapab fèt ak yon pwa ki pi piti pase de kilo edmi (2500 g). Yo dwe rete lopital pandan plis tan pou yo ka resevwa swen yo merite.

Sa k tap pibon se pou manman ta rete avè tibebe a lopital la pandan peryod sa. Si se pa sa ki fet manman ak papa a dwe vizite tibebe a pi souvan posib.

Nan moman sa, li enpòtan pou bay tibebe a tete, epi kite kò l sou kò manman l pou l ka rete cho, epi pou l santi l tankou li te toujou nan vant, lè l te konn resevwa sansasyon sou po l epi pran sant ak mouvman manman l ap fè. Papa a tou ka mete tibebe a tou prè kòl, pou ranfose relasyon ant li menm, bebe a ak manman an.

Yon tibebe ki gen yon pwa fèb dwe tete pi souvan lajounen kou lannwit. Si li dòmi plis pase twa zèd tan, yo dwe leve l san goumen pou l tete. Konsa l ap vin gwosi pi vit.



Paran yo te gen dwa ak devwa pandan tibebe a fèt.
Gade byen dwa ak devwa sa yo nan **Kaye Ajan an.**

Apre akouchman (pòsnatal)

Peryod ki vini apre akouchman an rele peryod perinatal oswa peryod apre akouchman.

Manman an kapab benyen epi lave cheve l menm jou li fin akouche a.

Aprè tibebe a fin fèt, fanm lan gen yon ekoulman vajinal ki sanble ak règ, men sa ap diminye piti piti. Li enpòtan anpil pou kenbe yon bon lijyèn. Si ekoulman an vin ogmante, gen vye sant, li vinn kaye oswa koule ak pij, fòk manman an al kay doktè, paske kapab se yon enfeksyon ki lakòz sa.

Pandan peryod perinatal la, trip manman an ka travay pi dousman epi kenbe gaz. Manman an dwe fè mouvman, fè atansyon ak sa l ap manje epi bwe anpil likid. Manman an pa dwe soti lopital la si li paka twalèt oswa gen pwoblèm pou l pipi.

Lè lopital la deside kite manman an al lakay li (yo bay ekzeyat), li ka tou pran yon randevou pou yon vizit pou wè si tout bagay anfom. Li enpòtan pou manman an vin nan konsiltasyon sa, paske nan moman sa, doktè a ap verifye si tout bagay ap mache byen pou sante l.

Tout manman dwe pran fè anplis pandan twa mwa apre akouchman an. Ajan, fè manman an sonje pou l mande doktè a pou l preskri l medikamen ki gen fè.

Siy danje pou tibebe ki fenk fèt la

Gen ti bebe ki konn fèt ak tout pwoblèm santé. Lè yo dekouvi pwobleml sa yo bonè, sa ka evite anpil soufrans pou tout moun.

Atansyon ! Pandan li nan matènite a, manman dwe mande pou yo ede l si li wè youn nan siy sa yo lakay tibebe a :

- **refize manje** ;
- **pa tata** ;
- **dèyè l bouche** ;
- **tanperati kò a ba** ;
- **pa pipi** ;
- **lafyèv** ;
- **anpil bave** ;
- **bouch, pye ak men yo gen ti koule ble sou yo** ;
- **pa byen respire** ;
- **vant balone** ;
- **koulè po l jònna anpil** (jonis) ;
- **li parèt fèb anpil** (li pas reyaji).

Vaksen

Vaksen yo proteje tibebe ak timoun kont anpil maladi. Ajan, ou dwe oryante manman ak papa yo pou yo fè yo bay timoun yo vaksen.



Gade nan **kaye Ajan** kote ki ekri vaksen an pou wè ki kalite vaksen timoun dwe pran pou chak laj li genyen.

Pwopozisyon travay pou pati sa nan fòmasyon an

Vizite sant sante yo epi reponn kesyon paj 91 ak 92 pou fanm
ansent wap akonpanye a.

6^e etap fòmasyon an

Pou evalye ak selebre

- Koman vizit nan sant sante a te ye ?
- Eske w gen dout sou sèvis swen pandan gwo sès la ?
- Koman plan akouchman ou fè a ye ?
- Eske gen yon mesaj, yon priye, yon pawol labib pou selebre don lavi a ak aksyon nou fè pou pwochen nou, fanm ansent yo ak fanmi yo?

Yon sijesyon :

Li bon pou w santi

Chante fîm frè solèy, sè lalin

Li bon pou w santi nan kèm

Yon lanmou k ap boujonnen.

Li bon pou m konnen mwen pa pou kont mwen. Mwen fè pati yon kokennchenn lavi,

k ap limen toutotou mwen yon gwo kado lanmou ki pap janm fini.

Syèl la ban nou zetwal k ap briye,

Frè nou, solèy, sè nou, lalin

Ak manman nou, la tè, ak fui yo, jaden yo, flè yo.

Dife, van, lè, epi dlo ki pròp,

Sous lavi ou kreye a,

Kokennchenn kado lanmou w ki pap janm fini.

Ann gade

Tibebe a nan premye semèn li

1. Eske manman yo nan kominate w la anvi bay tibebe yo tête ?
2. Koman fanmi yo nan kominate w la prepare yo pou tibebe k ap vini nan kay la ?

Tibebe a nan premye semèn li nan lavi a



Lè tibebe a rive nan kominote a

Manman an ak tibebe a rantre nan lakay la! Se pou yo fete vini yo nan fanmi lan ak nan kominote a :

*O bondye, tout kominote a di w mèsi pou kado lavi a.
Se pou timoun sa kapab yon senbòl prezans bondye.
Se pou li grandi gras ak lèt manman l.
Nan konesans lanmoun bondye ak pwochen nou yo.
Se pou paran li ba l ekzamp la fwa
Epi edike l nan pawòl bondye.
Se pou la pè, byen, lanmou ak tandrès abite nan kè l. Amèn.*

Paran yo gen pou responsabilte aksepte avèk lanmou travay okipe epi edike pitit yo. Yo dwe fè l dapre koutim yo, sa yo kwè ki bon ak lafwa yo.

Pi bèl temwanyaj la fwa paran yo ka bay, se prezante timoun nan bay kominote kretyen yo. Nan fanmi katolik yo, batèm nan se siy pou montre yon moun antre nan kominote pitit bondye a.

Archive de la Pastoral del Niño y de la Niña - Bolivia

| | | | |
|--|---|--------------------------|---|
| CORTE NACIONAL ELECTORAL REGISTRO CIVIL BOLIVIA | | No. 945729 | Prc. R/G - 62 R.C. SERIE "B-2004" |
| PRIMER CERTIFICADO DE NACIMIENTO GRATUITO | | | |
| Certifico que en la Oficina No. 4165 Libro No. 46-G-08 Partida No. 87 Folio No. 87 | | | |
| del Departamento | Santa Cruz | Provincia | Andrés Ibañez |
| Cantón | | Localidad | CIUDAD |
| Con fecha de partida: Día | 19 | Mes | NOVIEMBRE |
| | | | 1908 - 62 Año |
| Se halla inscrito al nacimiento de: | | | |
| MARISLENA BARBA LOPEZ | | | |
| Nombre y Apellido del nacido | | SANTA CRUZ ANDRES IBÁÑEZ | |
| Lugar de nacimiento: | SANTA CRUZ | Provincia | santa cruz de la sierra |
| Departamento | 9 OCTUBRE | Provincia | Localidad |
| Fecha de nacimiento: | NUEVE DE OCTUBRE DEL DOS MIL SEISCIENTOS OCHO | Sexo | FEMENINO |
| Día | 19 | Mes | AÑO |
| ADEMIR BARBA MONTENEGRO | | | |
| Nombre y Apellido del padre | | PAOLA LOPEZ GARCIA | |
| Nombre y Apellido de la madre | | | |
| OBSERVACIONES ORIGINAL DEL LIBRO | | | |
| LUGAR Y FECHA DE EMISIÓN | | LOCALIDAD | DÍA |
| SANTA CRUZ | | 19 | NOVIEMBRE |
| | | | 2.008 |
| LEY N° 2616 | | | |
| ESTE CERTIFICADO FUE ESCRIBIDO EN LA OFICINA DE REGISTRO CIVIL DE SANTA CRUZ DE LA SIERRA, DIA NOV. 1908 | | | |
| SECCION, NOMBRE Y FIRMA DEL OFICIAL DEL REGISTRO CIVIL | | | |

Este certificado queda NULO si en él se hiciesen cambios o anotaciones.

[Official stamp and signature area]

Tibebe a gen yon Batistè ?

Ajan, mande fanmiy lan si Batistè a fèt deja, paske se premye dokiman timoun nan bezwen pou li yon sitwayen. Si sa pokò fèt, di papa, oswa yon lòt moun nan fanmiy lan ke li enpòtan pou enskri tibebe a pi vit posib.

Pou timoun nan vinn yon sitwayen, li nesesè pou fanmiy li, kominote kote l ap viv la, ak tout sosyete a garanti dwa sa yo.

Dapre prensip ki te pwoklame nan chat Nasyon Zini an, nan atik 7 Konvansyon Dwa Timoun yo: tout timoun dwe tout swit yo fèt anrejistre nan kaye eta sivil epi dwe gen yon non ak yon nasyonalite la menm yo finn fèt, ak anplis jwenn swen nan men manmanl ak papal depi sa posib.

Ajan, fè fanm ansent lan konnen enpòtans Batistè a, epi raple l fok li fè l pi bonè posib.




Ajan, kounya manman an ak ptit la antre lakay yo, fanmiy lan bezwen anpil èd. Prezans ou enpòtan anpil, paske se nan vizit lakay yo w ap wè koman sante manman ak tibebe a ye. Se nan pale ak manman an w ap konnen kisa sa l ap bezwen tout bon vre.

Pandan sèt premye jou lavi tibebe a, li bon pou vizit yo fèt pi souvan, sitou si fanmiy lan pa gen lot moun pou ede yo. Se peryod sa ki pi frajil, paske gen maladi ki ka parèt byen rapid, epi pafwa, yo konn grav. Epi nan peryod sa, manman an tou- jou nan moman pou li rekipere.

Lè se yon premye ptit, paran yo pa konnen sa pou yo fè, paske yo fèk kòmanse ap aprann metye paran an. Sa pa vle di lòt fanmiy ki gen lòt timoun deja pa bezwen èd tou.

Ajan, apwi ou, nan sa ki konsène bay tete, enpòtan anpil.

Archive de la Pastoral del Niño y de la Niña - Bolivia



**Eske gen yon moun nan kay la ki pou ede
man- man an pou I ka okipe tibebe a ?**

Manman an pi sansib epi li dwe disponib pou tibebe a tout tan. Konpòtman I ak santiman I kapab chanje: pafwa li poze, pafwa li fache; li santi I kontan aprè sa li santi I tris. Li kapab enkyete I epi panse li paka okipe yon tibebe, oswa li ap fè sousi pou lòt timoun ki pi gran yo.

Li bezwen pou mari I, ak lòt moun ki bò kote I, ede I, epi kon- prann li pou I pa fatige I, pou li ka byen okipe tibebe a. Si lòt moun yo pote èd yo nan tout sa kap fèt nan kay la epi pran swen lòt timoun yo, lè sa manman an pap fatige anpil. Si li gen yon moun pou I di sa I santi, sa ka kalme I, epi I ap santi li rasire. Fanm ki pa gen mari yo (selibatè) santi yo plis bezwen lòt moun ki pou ede yo.

Ajan, pandan premye jou sa yo, se pou w pote plis atansyon sou relasyon manman an ak tibebe a. Si w ap obsève kijan manman an chanje kouchèt tibebe a, benyen l oswa ba l tete, w ap kapab konprann pi byen kalite relasyon ki genyen nan mitan tou lè de.

Manman ki okipe tibebe ak kè kontan ak volonte, ki karese l, ri avè l, montre yon bon relasyon.

Nan premye jou yo apre akouchman, gen manman ki ka vinn tris epi pa gen anvi okipe tibebe a pandan yon tan.



Li enpòtan pou motive manman an, avèk dousè pou li byen pran swen tibebe a. Pale ak mari a epi fanmiy lan tou, pou w ba yo konsèy swiv kalite relasyon ki genyen ant manman an ak pitit la. Lè tristès la kontinye lakay manman an, li bon pou li al kay doktè pou li kapab resevwa yon trètman.



Papa tibebe a kapab vinn pi sansib, li ka enkyete oswa li santi l pou kò l. Se paske nan moman sa se tibebe a ak manman an ki jwenn plis atansyon. Li ka pè tou paske li pa konnen kijan pou li okipe tibebe a.

Ajan, pale avèk papa a, montre l konbyen li enpòtan pou li menm tou okipe tibebe a. Papa ak manman dwe aprann pataje sa ki ap ba yo problème.

Apwi ajan an, apwi fanmi an, apwi zanmi yo ak kominate ap fè solidarite a vin pi fò epi pèmèt paran yo gen yon anviwonn- man ki gen sekirite, lanmou ak sante pou tibebe a.

*« Pa kite okenn move pawòl soti nan bouch nou.
Pale bon koze ki ka ede lòt yo grandi nan konfyans Bondye,
koze ki ka ede yo lè yo nan move pas.
Konsa, se yon byen na fè pou moun k ap tandé nou. »*

Ef 4, 29

Bay ti bebe tete

Archive de la Pastoral del Niño y de la Niña - Panamá



Panamá – Gisela Argelis Montenegro



Ajan, sipò w ap gen plis valè nan premye jou yo. Montre man- man an ki pi bon fason pou li bay timoun nan tete. Eseye wè kijan pou w rezoud problèm ki ka parèt.

Bay tete a dwe bon ni pou manman an ni pou tibebe a. Gen plizyè pozisyon kòrek pou bay tibebe tete :

- Manman an kenbe dèyè tibebe a avèk men l' ;
- Tèt tibebe a apiye sou bra manman an ki dwe double ;
- Vant tibebe a apiye sou kò manman an.

Lè tibebe a byen pran tete a

Montre manman an kòman pou li fè pou tibebe a byen tete san li pa blese tete l. Pou tèt sa :

- Je tibebe a dwe byen klè;
- Bouch tibebe a dwe byen louvri epi kouvri tout pwent tete a ak yon pati nan pati nwa a;
- Po bouch ki anba a la dwe rete deyò;
- Babinn tibebe a dwe touche tete a.

Tibebe gen abitid tete aprè sa li pran yon poz pou li reprann tete a pi devan, manman an dwe tande lèt la ap desann nan lalwèt tibebe a.

Menm lè tibebe a byen pran tete a, manman an ka santi l ap pense l: se tibebe a kap rale pwent tete a.

Pa gen yon kantite lè ki presize pou tibebe a tete. Gen tibebe ki bwè lèt la a rapid, gen lòt ki bwè l dousman. Tibebe ki fenk fèt yo gen abitid tete soti 15 pou rive nan 20 minit. Kantite tan sa bon pou yo jwenn tout eleman nitritif ki nan lèt la.



Lepli souvan, tibebe
yo pa ka rive bwè lèt ki
nan tou de tete yo. Li
enpòtan pou kite l vide
yon tete nèt avan w
chanje l bò. Si tibebe a pa
vle tete anko, sa vle di
vant li plen.

Lè l ap retire tete a
nan bouch tibebe a
manman an dwe mete
dwèt li nan kwen bouch li
konsa l ap lage tete a san
li pa blese l.

Lè tibebe a fin tete,
manman an dwe mete l
kanpe nan bra l, do l ak
tèt li byen apiye sou li. Si li
vale van, li pra l rann gaz.
Ou pa bezwen frape do
tibebe a, ni souke l.

Ajan, bay manman an
konsèy, pou l rekomanse
bay tete a :

- Nan tete tibebe a pa bwe tout lèt la lè l t ap tete anvan an;
- Si tibebe a tete nan tou de tete, nan denye tete li tete a.



Pou kenbe tete a pwòp pou tibebe a, fòk ou benyen chak jou epi pou chanje soutyen chak lè li mouye.

Lè I fin bay tete, pou I ka pwoteje yo, manman an dwe tire youn oswa de gout lèt epi lage yo sou pwent tete ak sou pati ki nwa a tou, epi kite yo sèche avan li mete rad sou li. Matyè ki gen anpil grès ki nan lèt la (lipid) bay proteksyon kont bakteri yo fè po a bèl epi proteje pwent tete a pou li pa gen maleng.

Tibebe a dwe bwè lèt manman an chak fwa li anvi. Konsa li ap gwosi byen rapid.



EPI PIO

Tibebe ki bwè lèt manman pa bezwen bwè ni dlo ni te. Lèt manman an pase swaf tibebe a men lè li fè cho.

Tibebe ki pa bwè lèt manman pran enfeksyon pi fasil, tankou dyare ak nemoni.



Lè manman an di li pa gen anpil lèt, oswa li gen difikilte pou li bay tete, li nesesè pou verifye sak fè sa :

- Eske tibebe a byen pran tete a ?
- Eske tibebe a bwè dlo, te oswa lòt lèt anplis lèt man- man an ?
- Eske tibebe tete chak fwa li anvi ?
- Eske manman an gen difikilte ?
- Eske mari a motive epi apiye madann lan lè I ap bay tibebe a tete ?
- Eske lòt moun nan fanmiy lan, zanmi yo, vwazen yo, ede manman an nan moman sa ?

Gen difikilte ki ka parèt, espesyalman lè se premye ptit, epi manman an pa gen anpil eksperyans oswa li te gen pwoblèm lè li t ap bay lòt timoun anvan tete. Fanm sa yo ap bezwen apwi fanmiy lan ak apwi ajan an.

Pa gen okenn lèt manman ki fèb. Lè manman an fatige anpil oswa estrese, pafwa nou ka wè kantite lèt la diminye. Bay manman an konsèy pou I bwè plis likid, pou I manje pi byen epi pou li repose I pi plis

Li bon pou eksplike paran yo tout tibebe pedi pwa yo nan pre- mye mwa nan lavi yo. Apre sa, gras ak tete a, li pral pran pwa. Plis tibebe a tete, plis manman an ap gen lèt.

Chak tibebe manje epi dòmi nan vitès pa li. Paran yo ka kon- nen lè tibebe a fin tete, lè y ap fè pou pou oswa pipi plizye fwa pa jou. Twalèt la mou, jòn oswa vèt, epi tou yon ti kras. Se pa dyare li ye.

Papa a ka ede manman an, yon lòt jan, pou relasyon ak tibebe a ka vinn pi fò. Pa ekzanp li ka mennen tibebe a tete, fè li rann gaz, chanje kouchèt sou li, pale avè l epi chante pou li.

Ajan, li enpòtan pou tou prè manman an, lè li kòmanse bay tete a. Swiv epi pote konsèy pou de premye tete yo ka "byen pase", pou wè kòman tibebe a tete epi pou ou kalme manman an padan peryod sa.

« Kè kontan pou Fanm kite pote ou nan vant li epi ki te ba w tete a, se yon fanm Bondye beni. »

Lik 11, 27

Pwooblèm ki repete souvan lè w ap bay tete



Gen manman ki konn gen difikilte pou yo bay tete. Si sa rive, fòk nou ba yo konsèy ak tout apwi yo bezwen.

Tete di nou ka jwenn sa nan de ka; lè manman an gen plis lèt pase sa tibebe a ka bwè, oswa lè tibebe a pa tete ase pou li bwè tout lèt ki nan tete a. Sa ka rive plizyè jou apre akouchman an.

Tete a vinn di paske lèt la vinn konsantre, li vinn pwès. Sa fè lèt la gen difikilte pou li soti epi gen ti bouton ki fòme.

Si tete yo plen, tibebe a pap ka tete byen. Sa ap fè manman an gen doulè epi l ap fè tibebe a irite. Nan ka sa, li enpòtan pou manman an retire lèt la nan tete l

Ajan, pou evite tete yo vinn di, li enpòtan pou manman an :

- Kòmanse bay tete a pi bone li kapab;
- Bay tibebe a tete chak fwa li mande l. Pa bliye vide chak tete yo youn apre lòt;
- Asire l bebe a byen pran tete a;
- Pa bay tibebe a lòt manje oswa likid anvan li gen 6 mwa;
- Toujou itilize soutyen.

Si tete yo vinn di ou kapab ede manman an retire lèt la - gade nan gid sa nan paj 163.

Ajan, si manman an nève, chache yon mwayen pou w kalme l pou lèt la ka desann.

Twou sou pwent tete yo

Twou sou pwent tete se sa ki lakòz doulè lepli souvan lè wap bay tete. Sa rive lè tibebe nan yon move pozisyon nan men manman an ak lè li pa byen pran tete a.



Unicef

Pou evite twou sa yo, manman an dwe :

- Fè ti bebe a byen pran tete a ;
- Pase lèt nan pwent tete a lè I fin bay tete, epi kite I sèch avan li mete rad ;
- Pa itilize okenn pwodwi sou tete a ;
- Pa kite rad mouye kole sou tete a ;
- Pa itilize bagay ki pou proteje pwent tete a ;
- Avan ou bay tete si tete a gen twòp lèt fòk ou retire ladan l.

Si manman an gen twou sou pwent tete a, an plis swen ki endike pi wo yo, fòk :

- Li bay tibebe tete chak fwa li mande sa, pou li pa fòse tete manman an twòp ;
- Li mase tete a anvan li bay tibebe a li pou lèt la ka soti pi byen ;
- Manman an bay tibebe a tete ki pat sèvi anpil la avan ;
- Chanje pozisyon tibebe a lè I ap tete, tankou nou wè sa nan foto yo ;
- Toujou kenbe tete a sèch ;
- Si li posib tete yo pran soleil padan 15 minit chak jou granmaten oswa lè solèy la pral kouche.



M. E. Hill/Unicef

Mas nan tete



Mas nan tete se yon anflamasyon gland ki nan tete a ki kapab bay enfeksyon. Se lèt ki pa koule ak twou nan tete ki ka lakoz li. Depi sa rive pati ki malad fè mal, li vin wouj epi li cho. Si gen enfeksyon, manman ap gen malèz ak lafyèv (tanperati kòl ap depase 38 C°) epi l ap gen frison.

Kòm se twou nan pwent tete a ak lèt la ki pa koule ki lakoz mas nan tete a, fòk nou :

- Asire n ke tibebe a byen pran tete a epi kite l pran l chak fwa l anvi ;
- Si tibebe pa bwè tout lèt ki nan tete a, tire rès la.

Lè manman an soufri ak mas nan tete a, li nesesè pou l al kay doktè pou di l sa pou l fè, epi jwenn yon trètman pou ka sa. Si li pran twòp tan pou li kòmanse trètman an, li ka fè enfeksyon, epi trètman ap fè plis tan.

Kòman tibebe a ka aprann epi devlope

Depi nan vant, relasyon paran yo genyen ak tibebe fòme karaktè l. Nan dènye mwa gwosès la, tibebe a tande son, li reyaji lè gen limye ki fò ki prè vant manman an, epi li ka santi lè li fatige anpil oswa lè li nève.

Avan li fèt, kontak manman an ak tibebe a fèt dirèk dirèk. Se nan li menm li jwenn manje, chalè ak konfò vant manman l. Lè l fèt, tout konfò sa yo disparèt byen vit, epi tibebe a dwe abitye ak yon environnman tounèf.

Tandrès, rega dous paran yo, ti pawòl swa, jan w kenbe l nan bra w, fè tibebe a santi l proteje epi fè l santi yo renmen l.


Tibebe a fè konnen bezwen l lè l kriye. Li kriye pou grangou, lè yon bagay ap fè l mal, lè li frèt, lè li cho, lè li anvi yo kenbe l, oswa lè li mouye. Lè ou fè sa li bezwen an, li wè gen yon moun k ap okipe l, epi de tan zan tan paran yo ap konnen bezwen tibebe a pou yo ka ede l pi byen devlope.



J. R. Ripper

Tibebe pase preske tout tan I ak bra I epi pye I pliye, menm I fèmen, tankou li lè I te nan vant manman an. Souvan li konn rann gaz, li gen okèt, li fè yon ti touse oswa li fè ti bri. Bagay sa yo fè pati lavi tibebe a.

Tibebe a pa bouje anpil epi li toujou reyaji preske menm jan lè w fè mouvman devan I. Pa ekzamp, si ou mete yon dwèt nan menm I, I ap kenbe I di; si ou manyen I, si li tande bwi oswa si w ap retire rad sou li, I ap louvri menm I oswa li ki ka fè mouvman ou pat menm panse.



Tibebe dòmi preske tout tan. Konsa, li pran fòs li bezwen pou I tete ak pou I grandi. Gen ladan yo ki pa dòmi di, gen lòt ki dòmi anpil. Tibebe ki gen paran k ap pran swen I ak anpil lanmou toujou gen yon somèy trankil.

Lijyèn

Lapwòpte a enpòtan paske li pwoteje tibebe a pou li pa malad epi li fè l santi l byen. Men manman an oswa men nenpòt lòt moun k ap okipe tibebe a, dwe pwòp, epi zong li dwe koupe.


Pou fè travay la pi byen, li pi bon pou prepare tout bagay w ap bezwen yo avan ou mete tibebe a nan dlo. Fòk ou verifye si dlo pa twò cho, ni twò frèt. Ou ka fè sa lè w mete kouda bra w nan dlo a pou pran tanperati a. Konsa w ap evite li boule.

Ou dwe lave figi ak tèt tibebe avan ou mete l nan dlo a. Sa ap evite rès poupou oswa pipi kontamine dlo a epi fè zye l anfle.

Ou dwe byen kenbe tibebe a, pou li pa li pa pè. Pou sa ka pi fasil, ou dwe apiye l sou bra w epi ou benyen l ak lòt men an.



Téofônio Roque



Rodolfo Bührer

Ou dwe byen siye pli ki nan kou l yo, bra l epi janm li pou yo pa chofe. Li enpotan pou prepare yon twal ki swa oswa yon sèvyèt k ap sèvi pou tibebe a sèlman. Ou pa bezwen itilize poud talk paske li pa itil anyen. Ou dwe mete sou tibebe a rad ki pa kole sou li pou pa anpeche l fè mouvman.

Chak lè kouchèt li mouye, ou dwe chanje l. Dèyè tibebe a dwe toujou pwòp, lave epi seche chak lè ou retire kouchèt sou li, sa se pou evite li gen chofi ak enfeksyon.

Pou lave yon tifi, ou dwe pase yon twal mouye nan ti bouboun li soti devan pou al dèyè. Gras ak teknik sa, mikwòb ki nan dèyè l yo pa pral kontamine ti bouboun li ou irèt li .

Pou ti gason yo, li enpòtan pou w pouse po ti koulout li avèk prekosyon, byen retire rès pipi ak kras twalèt ki rete nan pli yo. Sa ap anpeche li gen enfeksyon.

Kòd lonbrit la tonbe

nòmalman 14 jou aprè tibebe a fin fèt. Pansman kòd lonbrit la dwe chanje chak jou, jiskaske l tonbe. Sa k pi bon, se pou ou itilize **alkòl 70°**. Alkòl sa ou ka achte l nan famasi oswa nan sal enfimyè yo.



Teotônio Roque

Pou fè pansman an, ou dwe byen seche lonbrit la lè l fin benyen, epi pase yon twal gaz ki mouye nan alkòl 70% a. Ou pa bezwen mete bandaj sou lonbrit la. Sa ap anpeche tibebe a respire byen epi li pa pèmèt kòd lonbrit la seche pou li tonbe.

Atanzyon ! Si gen yon senyen wouj fonse, avec yon vye sant parèt lè kòd lonbrit la tonbe, fòk ou mennen tibebe a kay doktè menm lè a.

Lakay kèk tibebe, ou ka wè ti tach blan ki sanble ak lèt kaye nan bouch li. Se kapab '**aphte**'. Men kijan ou kapab trete yo :

- Yon vè dlo byen pwòp ;
- Yon priz bikabonak ;
- Mouye yon twal pwòp ak dlo sa epi netwaye bouch tibebe a avan w ba l tete ;
- Mouye lòt pwent twal la epi netwaye pwent tete a ak sou kote a avan ak aprè chak tibebe a fin tete ;
- Aprè lè w fin itilize l, twal sa pa dwe sèvi ankò.

Li nesesè pou ou mennen tibebe kay doktè si pwen blan yo pa soti.

Siy danje pou sante tibebe a depi li fèk fèt pou rive de mwa

Ajan, li enpòtan pou fanmiy lan ka idantifye siy danje pou sante tibebe a. Ba yo konsèy pou yo kouri direkteman **lopital** ak tibebe a si youn nan siy sa yo ta parèt :



Pa vle tete epi pa ka manje



Tibebe qui twò féb, toujou anvi dòmi, pa ka kriye fò epi ap plenn



Gwo lafyèv (tanperati pi wo pase oubyen egal ak 38°C)



Tanperati ba (pi ba pase oubyen egal a 35°C)



"Atak" (Konvilsyon)



Dyare



Lonbrit rouj k-ap bay pi



Anpil bouton (zanpoud) ak pi koulè violet sou kò tibebe a



Vizit lakay

Pandan vizit sa yo li enpòtan pou w :

- Mande kòman akouchman an te pase ;
- Remèt, li epi pale ak manman an sou fich relasyon lan- mou yo daprè sa ki di nan paj 28 Gid sa ;
- Pale sou 'Bay tete' epi gade si tibebe a **byen pran tete** a (paj 113) ;
- Bay, li epi pale ak manman an sou fich **10, 11**, epi **12** Relasyon Lanmou an, tankou yo montre sa nan paj 29 Gid sa.

Ajan, toujou mande nan premye vizit yo :

- Kòman pansman kòd lonbrit yo fèt;
- Eske yo te pran pwa tibebe nan lopital la. Si sa pat gentan fèt, konseye manman an pou li mennen timoun n nan lopital pou fè sa;
- Si tibebe a resevwa vaksen li dwe pran pou laj li.

Enskri tibebe a nan kaye Ajan an, nan menm paj ak manman I epi reponn kesyon 1 ak 2 ki ale ak eksplikasyon ki nan paj 141.

Sijesyon travay ki dwe fèt nan etap sa nan fòmasyon an

- Vizite yon tibebe pou gade kijan yo ba I tete.
- Reflechi sou kèk lide ki ka motive manman yo bay tibebe yo tete.

7^e etap fòmasyon an

Pou evalye ak selebre

- Kòman vizit tibebe a te ye ?
- Eske ou te gen okazyon gade tibebe a lè l t ap tete? Kòman li te pran tete a?
- Eske manman an te montre li gen difikilte nan peryòd sa ?
- Pataje lide ou genyen yo, pou w pouse manman yo bay tibebe yo tete.
- Eske gen yon mesaj, yon priyè oswa yon pawòl labib ki ka pèmèt selebre kado lavi a ak aksyon nou fè pou pwochen nou ?

Ann Gade

Tibebe a pandan premye mwa a

1. Kisa manman ki nan kominote w la bay timoun yo man- je nan laj sa ?
2. Ak kiyès manman ki nan kominote w la pale lè yo gen difikilte pou bay tete ?

Tibebe a rive nan yon mwa

Bay ti bebe tete



J. R. Ripper

Pandan I ap bay tibebe a tete, eske manman an ak tibebe a youn gade lòt, eske gen yon ti bizou ki fèt ?

Bay tete se yon bagay ki enpòtan anpil pou tibebe a ak manman an. Anplis li resevwa yon manje ki fèt espesyalman pou li, bay tete a se moman kote manman an ak timoun nan gen plis relasyon.

Lè youn ap gade lòt epi youn ap karese lòt pandan I ap bay tete a, sa ranfòse relasyon yo. Chak fwa I ap tete, timoun nan ak manman an aprann konnen youn lòt ak apresye youn lòt. Se pou tèt sa li enpòtan pou w swiv kijan manman an ak tibebe a kominike pandan I ap bay tete.

Di manman an, lè tibebe a ap gade I, lè I ap tete, I ap kontan si li gade I tou. Li enpòtan anpil pou I pale ak tibebe a, pou I karese I pandan I ap ba I tete.

Jiskaske I gen 6 mwa, tibebe a pa bezwen lòt bagay ankò apre lèt manman an. Li enpòtan pou eksplike manman an ke lèt an poud la pa gen menm valè ak lèt manman an.

Tibebe ki bwè yon lèt ki pa lèt manman gen plis chans pou I fè maladi poumon (nemoni), dyare, enfeksyon nan zòrey, alèji oswa enfeksyon nan pipi. pwoblèm sa yo ka pi grav lakay yo akoz sistèm defans kò yo ki pa ranfòse ak lèt manman an.

Si w bay tibebe a manje likid, ki pa lèt manman anvan I gen 6 mwa, w ap fè I vin pa renmen lèt manman ankò. Sa pap pote okenn benefis nan kwasans timoun nan.

Lè n ap bay tibebe a bwè oswa manje, li nesesè pou n pran tout prekosyon lijyèn pandan n ap prepare I epi ak kiyè n ap itilize pou n bali I.


*« Lè w antre nan yon kay,
premye bagay pou w di se:
Se pou la pè Bondye rete nan kay la. »
Lik 10, 5*

Kòman tibebe a ka aprann epi devlope



Chak jou k ap pase, paran yo ak tibebe ap konnen youn lòt pi byen. Tibebe a gen bon jan relasyon ak manman l ki se sous sekirite ak lanmou pou li. Li renmen rete nan men manman an pou l gate l. Lè manman an mete tibebe a bò kè l, li tande yon lòt fwa ankò batman sa yo ke li konnen byen deja. Konsa, li sonje sa l te konn santi yo lè l te nan vant manman l. Tout sa yo fè l santi l byen epi an sekirite.

Li renmen tande vwa papa l, epi lè paran yo chante oswa pale dousman, yo montre tibebe a kòman yo renmen l.



**Eske tibebe a kalme I lè li tandé vwa paran li
yo, lè yo touche I oswa fe ti souke I ?**

Lè I nan bra paran I se yon prèv lanmou, li bezwen sa. Si li santi I toumante oswa si I ap kriye, tibebe ap kalme depi paran I yo pran I nan bra yo pou yo pale avè I, chante oswa pou fe yon ti souke I dousman. Chak tibebe gen yon jan diferan yo reyaji.

Kriye se yon fòm komunikasyon pou tibebe a. Lè w prann tibebe a nan bra w, lè w chache konnen poukisa lap kriye, sa pa bay tibebe a yon movèz abitid pou sa. Yon tibebe ke yo pa okipe lè I ap kriye li gen tandans kriye pi plis. Yon tibebe yo okipe santi li gen yon moun k ap pran swen I, sa fèl pe pi vit.

Je ak zòrey tibebe a toujou ap amelyore, men li tandé ak wè yon pati nan sa kap pase bò kote I. Souvan tibebe a konn gen je veron nan premye 6 mwa yo

Li pi bon pou bebe a dòmi ak vant anlè

Li posib pou w diminye plis pase 70% pou san ka lanmò sibit tibebe. Pou tèt sa ou dwe bay paran yo konsèy pou yo :

- **Mete tibebe a kouche sou do avek vant li anlè.**
- Bay lèt manman an selman jis rive 6 mwa.
- **Pa fimen epi pa kite moun fimen nan kay la sitou pan-dan gwosès ak lè timoun nan piti.**
- **Pa kouvri** tibebe a twòp.
- **Pa kite kousen, jwèt,** epi lòt bagay ki soup nan bèso ti bebe a.

Timoun nan bezwen yon kote pou kont li pou l dòmi, yon kote ki pa gen bwi epi ki gen anpil lè kap sikile.

Si kote kay la ye a gen moustik, li rekòmande pou kouvri kote l ap kouche a ak yon twal moustikè. Li bon pou tibebe a pran yon ti solèy, chak jou, anvan nevè nan maten, oswa apre katrè nan lapre midi. Nan lè sa yo, solèy la se yon sous sante.



Archive de la Pastoral da Criança

Lijyèn



Bolivie – Archive de la Pastoral del Niño y de la Niña

Tibebe a dwe benyen chak jou. Si l fè cho, ou ka benyen l plizyè fwa nan yon jounen. Si li fè frèt, li pi bon pou w benyen l lè li fè pi cho nan jounen an. Lè sa ou dwe pwoteje tibebe kont van k ap soufle pou li pa pran fredi/bronch.

Rad tibebe a ak kouchèt li dwe byen lave, rinse epi seche nan solèy. Li pi bon lè w lave yo apa. Tout sa, pou ka evite li gen tach wouj sou kò l, pou l pa fè alèji oswa pran enfeksyon sou po l.


Tibebe a, lè l piti, santi fredi pi plis pase yon granmoun. Pou tèt sa, nan peyi kote li fè cho li bon pou abiye timoun nan ak rad ki pa fè cho. Kote ki fè frèt menm, li enpòtan pou w kenbe tibebe a byen chofe.

Atansyon ! Yon tibebe ou wè ki gen koulè viyolèt nan pye l, nan men l oswa sou bouch li, apre lè l fin manje, menm si li byen abiye, ka gen pwoblèm nan kè. Li dwe al wè yon doktè byen vit.

Òganize aktivite ajan an

Pastoral Timoun Piti yo baze l sou levanjil ki pale de miltiplikasyon pen ak pwazon pou l kòmanse òganize travay nan kominite a.

- 1** Levanjil daprè st Mak 6, 30-31 di nou ke Jezi t ap koute tout sa apot yo tap aprann moun ak tout sa yo t ap fè :
- Ajan, kòman w santi w lè w ap travay pou Pastoral Timoun Piti yo ?



- 2** Nan menm levanjil la, Jezi mande apot yo pou yo fè yon ti repoze yo. Yo ale nan yon dezè pou kont yo. Men foul la te swivi paske yo te tankou yon bann mouton ki pa gen bèje :
- Ajan, konbyen timoun ak fanm ansent nan komi-note w la ki bezwen Pastoral Timoun Piti yo ?

- 3** Disip yo te vle Jezi voye foul la ale pou yo chache yon kote pou yo dòmi epi manje, men Jezi ba yo lòd : « ba yo manje nou menm ».
- Kòman nou kapab fè fas ak defi Jèzi lanse nou jounen jodia, pou nou gen responsabilite pou pote lavi an kantite bay tout timoun ak fanm ansent nan kominote nou an ?

4

Jezi te mande disip yo : « konbyen pen nou genyen ? Al gade » Youn nan disip yo di : « gen yon jèn gason ki genyen senk pen ak de pwazon. Men kisa sa ka fè pou tout moun sa yo ? » (Jan 6, 8-9) :

- Ki resous nou genyen nan kominote nou an? (Sant sante, lekòl, legliz, assosiyasyon katye elatriye...)
- Ki moun ki ka ede nou yo nan misyon nou an?
- Eske manje ki geyen ase pou satisfè bezwen moun nan kominote a ?

5

Jezi mande disip yo pou yo reyini pèp la an ti gwoup pou yo manje :

- Nou menm, kòman nou ka òganize kominote nou an? Eske nou ka fè plizyè ti gwoup fanmi pou chak ajan ?

6

Nan moman sa Jezi pran pen ak pwason yo epi li beni yo; aprè sa, li separe epi li bay disip yo mòso yo pou yo distribiye bay foul la.


- Kòman nou pataje kado nou yo, tan nou, kone- sans nou, eksperyans lavi nou epi lanmou nou ak pwochen nou ?

7

Tout moun te manje vant plen epi te rete anpil rès :

- Eske nou kwè ti kal nou genyen an, lè nou pataje I avèk benediksyon Bondye, sa fè anpil?
- Kòman pou nou konnen si sa nou pataje yo se yon èd pou chache yon lavi miyò, pou tout timoun yo ak pou tout fanm ansent yo ?

Pou ka òganize fanmi yo, li enpòtan pou ajan yo fè yon **kat kominote a**; sa vle di, idantifye kiyes ki ladan I epi ki kote fanmi yo ap viv avèk fanm ansent yo epi timoun ki gen mwens pase 6 lane yo. Aprè sa, li nesesè pou ajan an òganize gwooup fanmi yo li pral akompaye yo.



Lè fanmi yo anpil, ou dwe okipe sa ki plis gen bezwen yo. Pa ekzanp, fanmiyi ki gen fanm ansent oswa timoun ki pi jèn oswa ki malad. Aprè sa, moun ki reponsab branch sa, ak sipò ajan yo ki deja prepare epi aktif, pral chache lòt ajan pou akonpanye tout fanmi ki nan kominote a.

« Sipoze youn nan nou gen san mouton. Si I pèdi youn ladan yo, eske li p ap kite katrevendisnèf lòt mouton yo nan dezè a, pou I al deyè sak pedi a? L ap chache I jouk li jwenn li ? »

Lik 15, 4

Jezi te mande disip yo si foul la gen bagay pou I manje. Li nesesè pou verifye si fanm ansent yo, timoun yo ak fanmi ki akonpaye yo, rive amelyore kondisyon lavi yo. Pou evalye travay ki rive fèt yo, Pastoral Timoun Piti yo itilize endikatè Kaye Ajan an.

Se mirak Jezi te fè a k ap repete jounen jodia !

Ankouraje pou gen yon anviwònman ki bon pou devlòpman timoun yo

Archive de la Pastoral del Niño y de la Niña



Lè n ap pale de devlopman, n ap pale de chanjman. Se gras ak swen yo, atansyon, relasyon ak aktivite ki fèt depi lè timoun tonbe nan vant manman l epi ki kontinye pandan tout lavi yon moun ki rann devlopman sa posib.

Gran moun yo, nan fanmiy lan oswa nan kominate a, responsab pou yo kreye yon anviwonnan ki bon pou devlopman timoun nan; oswa, organize kondisyon epi bay okazyon ki ka pèmèt timoun nan, devlope.

Chak timoun devlope nan jan pa l. Sa vle di, chak timoun gen fason pa l pou l pwofite de avantaj li jwenn nan lantouraj li.

Menm yon timoun ki fèt ak yon pwoblèm nan fonksyoman kòl li ezanp, yon timoun ki soud - gen jan pa l pou l devlope. Ajan an ap ka ede fanmiy lan aksepte epi konpran devlopman timoun sa pap menm jan ak lòt timoun nòmal yo, men l ap gen dwa, tankou tout lòt timoun, li gen posibilité pou aprann ak devlope.

Kèk endikatè pou w ka akonpanye timoun nan

Pou I devlope, yon timoun dwe viv nan yon environman ki bon pou li. Pou rive apiye kreyasyon ak òganizasyon yon anviwonman konsa, Pastoral Timoun Piti yo gen Endikatè Sante, pou pèmèt mezire pwogrè timoun nan fè nan sante I) ak Endikatè Opòtinite ak Konkèt, (ki pèmèt mezire avansman li fè nan devlopman kò I).


Archive de la Pastoral Materno Infantil - République Dominicaine



Endikatè sante yo trete kesyon bay tete, pwa, dyare, vaksen yo ak posibilite pou jwenn sant sante.

Endikatè Opòtinite ak Konkèt yo ap chache montre si timoun nan rankontre yon sitiyasyon ede I nan devlopman I, nan fanmi an ak nan kominote a. Opòtinite yo pèmèt timoun nan fè konkèt sa vle di aprann epi devlope.

Sa k ap pèmèt timoun nan grandi ak devlope, se jwenn sante, lanmou, atansyon ak patisipasyon yo nan aktivivite nan fanmiy lan, ak nan kominote a. Konsa, si nou vle akonpaye ak ankouraje devlopman timoun yo, li enpòtan pou gade kalite lavi yo.



Verifye nan **Kaye Ajan** an ki vaksen timoun nan dwe pran pou chak laj li genyen epi bay paran yo konsèy pou yo mennen tibebe a pran vaksen sa yo.

Anrejistremman timoun nan

Ajan, depi tibebe a fèt, vizite l epi anrejistre l nan menm fèy ou te konn sèvi pou akonpaye fanm ansent lan, ki deja genyen enfòmasyon sou manman an.

Nan tèt la, w ap jwenn kesyon **1, 2, 27**, ak **28** ke w ap reponn lè w fin anrejistre tibebe a, oswa lè w kòmanse ak yon kaye tounèf oswa lè timoun lan kite Pastoral timoun yo.

Kesyon soti nan **5** pou rive nan **18** la pale sous devlopman timoun nan ou dwe reponn yo chak mwa, dapre laj timoun w ap akonpaye a.



Nan **Kaye Ajan** an :

- Nan **kesyon 1** an, enskri dat timoun nan fèt ak pwa tibebe a te peze lè li fèt. Gade pwa l nan Kanè Sante a oswa nan Deklarasyon lè Li Fèt la (fèy yo dwe remèt paran yo nan matènité a). Si yo pat pran pwa timoun nan lè l te fèt la, peze l pi vit posib. Li ta pi bon si se nan premye semèn li fèt la. Si gen plis tan depi tibebe fèt epi ou pa konnen pwa lè li te fèt la, mete [?] (pwen entèwogasyon).
- * Nan **kesyon 2** a, enskri **[O]** (oui) si timoun nan fèt ak yon pwa ki pa nòmal.
- * Oswa **[N]** (non) si tibebe a fèt avek yon bon pwa.

Endikatè opòtinite yo ak konkèt yo



N ap jwenn premye endikatè opòtinite ak konkèt nan Gid sa nan paj 107. Endikatè sa yo divize nan 5 tranch laj, ki kòmanse nan premye mwa lavi tibebe a jiskaske timoun nan gen sis lane. Pou chak tranch laj, n ap itilize kat endikatè.

Endikatè sa yo sèvi pou bay valè epi ankouraje efò fanmiy lan ak kominate a pou pèmèt timoun yo devlope. Yo pa la pou evalye devlopman timoun nan li menm. Se yon mwayen pou kòmanse epi kenbe dyalòg ak fanmiy lan. Avèk endikatè sa yo, ou menm ajan, ou dwe pale epi reflechi ak paran yo sou sitiyasyon chak jou nan fanmi an ki kapab yon chans pou timoun ki genyen pou fasilité devlopman l.

Endikatè opòtinite yo ak konkèt yo

Ajan an dwe pale ak fanmi ti gason oswa ti fi a ki ap fete fèt li nan mwa sa epi mande li enfomasyon sa yo :

1 mwa

1. Eske tibebe a gen batistè ? (Gid paj 107)
2. Eske gen yon moun nan kay la pou ede manman an byen okipe tibebe a ? (paj 109)
3. Pandan tibebe a ap tete eske li menm ak manman li youn ap gade lot epi chanje lot jès afeksyon ? (paj 130)
4. Eske tibebe a trankil lè li tande vwa papa li, manman li, lè yap manyen li oubyen lè yap fè li dòmi ? (paj 133)

Soti nan 2 pou rive 3 mwa

1. Lè manman an oubyen papa a souri ak tibebe a, eske tibebe a souri tou ? (paj 150)
2. Lè manman an oubyen papa a souke figi yo devan figi tibebe a eske li swiv mouvman ak tèt li ? (paj 151)
3. Lè manman an ak papa a mete tibebe a kouche sou vant, eske li apiye sou men li pou li leve tèt li ak zepol li ? (paj 152)
4. Eske manman an ak papa a pran tibebe a pou yo kare- se li, jwe ak li, pale ak li menm lè li pap kriye ? (paj 153)

Soti nan 4 pou rive nan 5 mwa

1. Eske tibebe a rekonèt moun ki toujou ak li ? (paj 166)
2. Lè yon moun fè bri dèyè tibebe a, eske li vire pou li chache kote bri a soti ? (paj 167)
3. Eske manman an ak papa a ankouraje tibebe a pou li fè mouvman pou li pran bagay yo mete bò kote li ? (paj 169)
4. Eske tibebe a ka rete chita lè yo mete yon bagay dèyè li ? (paj 169)

Soti nan 6 pou rive nan 8 mwa

1. Eske manman ak papa oubyen moun ki ap okipe tibebe a ba li okazyon pou gen kontak ak lòt moun ? (paj 188)
2. Eske moun nan fanmi an ankouraje tibebe a pou li jwe avèk jwet ? (paj 189)
3. Eske tibebe a pran sa li jwenn pou li jwe ak yo, frape yo, chire yo ? (paj 190)
4. Eske moun nan fanmi an kominike ak tibebe a, fè jès ak li, fèl repete kèk mo ? (paj 191)

Soti nan 9 pou rive nan 11 mwa

1. Eske tibebe a fè jès pou li kominike, lonje dwet li, fè kapris, fè babay ? (paj 202)
2. Eske moun nan fanmi an di non bagay yap manyen yo epi pale de kisa yap fè ak tibebe a ? (paj 203)
3. Eske moun nan fanmi an mete yon plas pou tibebe a pou li aprann jwe pou kont li ? (paj 204)
4. Eske tibebe a kenbe bagay pou li mache ? (paj 205)

Soti nan 1 lane pou rive nan 1 lane ak 11 mwa (soti 12 mwa rive 23 mwa)

1. Eske moun nan fanmi an pale ak dyaloge ak timoun nan? (paj 217)
2. Eske timoun nan tande oubyen konprann lè yo mande li yon bagay? (paj 218)
3. Eske timoun nan komanse itilize ti bout fraz pou li pale? (paj 223)
4. Eske timoun nan gen yon kote ki an sekirite pou li mache, kouri epi jwe? (paj 226)

Soti nan 2 lane pou rive nan 3 lane ak 11 mwa (soti nan 24 mwa rive 47 mwa)

1. Eske moun nan fanmi an enterese timoun nan jwe, eske yo jwe ak li tou? (paj 235)
2. Eske moun nan fanmi an montre timoun nan san yo pa fè bwi sou li ni bal kou kisa li pa gen dwa fè? (paj 239)
3. Eske timoun nan renmen jwe jwet kote li fè tèt li pase pou yon lot bagay? (paj 244)
4. Eske timoun nan jwenn okazyon pou li jwe ak lòt timoun? (paj 246)

4 à 5 ans et 11 mois (48 mois à 71 mois)

1. Les membres de la famille, ont la possibilité de lire pour l'enfant ? (Guide, p. 257)
2. Les membres de la famille, incitent l'enfant à dessiner et le valorise ? (Guide, p. 58)
3. Les membres de la famille montrent ce qu'ils font, et encouragent l'enfant à participer de leurs activités ? (Guide, p. 259)
4. L'enfant fréquente l'école maternelle ? (Guide, p. 262)

Nan Kaye Ajan an, n ap jwenn kesyon :

13. Ki pwogre timoun nan fè pandan mwa sa ?

| | | | |
|---|---|---|---|
| 1 | 2 | 3 | 4 |
| | | | |

W ap ka reponn **kesyon 13** la gras ak endikatè ki nan kouvèti Kaye Ajan an, epi tou gras a Gid sa. Selon laj timoun nan, pale sou endikatè yo avèk manman an oswa ak moun k ap okipe l la. Nan chak ti kare nan kesyon 13 la, ekri :

- **[O]** (wi) si endikatè a te atenn ;
- **[N]** (non) si endikatè a pat atenn ;
- **[?]** (entèwogasyon) si gen dout oswa si ou pat reyisi wè endikatè a ak je w.

Si gen yon diferans ant sa w wè ak repons manman an oswa moun k ap okipe timoun nan ba wou, ekri **[?]** (Entèwogasyon).

Pou repons endikatè opòtinite ak konkèt yo, li nesesè pou konnen chak fanmiy gen fason pa l pou leve ak edike timoun yo, epi tou chak timoun devlope ak kadans pa l.



Lè repons pou yon endikatè se **[N]** (non), ou dwe toujou fè yon ti ankèt.

Repons la kapab endike, pa ekzanp li nesesè pou kreye kèk okazyon pou pale de li nan yon endikatè men ki poko nan reyalite fanmiy lan. Pa ekzanp, nan ka yon tibebe ki déjà gen 6 mwa ki pa rive jwenn endikatè sa « moun nan fanmiy lan ankouraje tibebe a pou l jwe ak jwèt ? », Ajan an, kapab pale sou sa ak paran yo, pou konnen kisa ki pase, epi wè kijan li ka ede yo.



Eske fanmi an gen mwayen pou l ofri jwèt, pou tibebe a jwe? Eske fanmiy lan konnen li enpòtan pou li ofri tibebe a jwèt?

Lè gen opòtinitè a, pi fò timoun yo rive atenn konkèt endikatè yo pale de li nan laj li te dwe atenn li a.

Repons **[N]** (non) pou yon endikatè ki fè pale sou yon opòtinite ak yon konkèt, kapab montre tou timoun sa pat gen okazyon pou l te aprann fè sa oswa li fèk ap aprann fè bagay sa. Se ka, pa ekzanp, endikatè sa : « lè yon moun mete tibebe a chita epi li apiye l, eske l a ka kenbe pozisyon sa ? »



Lòt sitiyasyon an ankò, se lè timoun nan manifeste konkèt yon lòt jan akòz kò li fonksyone yon lòt fason - tankou nan ka yon timoun ki soud. Nan ka sa, repons pou endikatè ki gen relasyon dirèk avèk tandé a ap **[N]** (non). Na bay eksplikasyon ki pi klè sou ka sa yo nan paj 281 an.

Fòk nou fè atansyon lè yon endikatè pat rive kòm sa dwa nan fen laj la, sa vle di, lè repons la toujou **[N]** (non). Nan ka sa, li nesesè pou kontinye swiv timoun nan, epi bay paran yo konsèy nan mwa k ap vini yo. Li enpòtan tou pou ajan gade ansanm ak kòdonatè sektè pa I la sa ki ka fèt.

Objektif endikatè yo se fè ajan an konnen nan ki moman fanmiy lan plis bezwen èd.


Peryòd ki swiv akouchman an fini (perinatal)

Manman an dwe retounen lopital pou yon evalyasyon medikal nan dat doktè a te di li a lè li t ap soti lopital la.

Konsiltasyon pou gade si tout bagay te byen pase a ka fèt jiska yon mwa apre akouchman an. Li nesesè pou mari a al lopital ak manman an. Konsa y ap ka resevwa konsèy sou kantite tan ki dwe separe 2 gwosès.

Peryod apre akouchman an dire karant jou. Lè fanm lan byen, koup la ka retounen gen yon vi seksyal nòmal tout swit apre peryòd sa.

Doktè a dwe preskri manman an pou I pran fè anplis jiskaske timoun nan gen 3 mwa.



Nan **Kaye ajan** an :

- Pou **kesyon 5** lan, ou kapab mete laj timoun nan an mwa oswa an ane.
- Pou **kesyon 6** lan, enskri **[O]** (wi si w verifye twa bagay sa yo :
 - Ou ale jis lakay timoun nan;
 - Ou wè timoun nan, menm si li t ap dòmi;
 - Lè vizit ou a, ou te pale avèk manman an oswa tout lòt moun ki responsab timoun nan sou sijè tablo « Vizit Lakay » la.
- Kesyon aprè a – **eske timoun nan pran tete a** - ekri si timoun nan pran tete a.



Vizit lakay

Lè vizit sa yo, li enpòtan :

- Pou gade si yo bay tibebe a tete kòrèkteman epi si li byen pran tete a (wè paj 113);
- Pou ensiste pou manman an bay tibebe a tete sèlman;
- Pou swiv, pale ak papa a epi manman an sou Endikatè Opòtinite ak Konkèt yo ak sou vaksen tibebe a dwe pran;
- Pou remèt, li epi pale avek fanm lan sou fich Relasyon Lanmou yo dapre enfòmasyon ki nan paj 29 nan Gid sa;
- Pou reponn kesyon ki nan Kaye Ajan an.

Sijesyon tach pou etap sa nan fòmasyon an

- Mete kanpe yon kat pou kominote w a.
- Chache idantifye ki kote fanm ansent yo ak pou piti twa tibebe ki gen pi piti pase yon lane ye.

8^e etap fòmasyon a

Pou evalye ak selebre

- Kòman w te rive fè kat kominote a ?
- Kòman yo te rive pataje gwooup timoun ak fanm ansent bay chak ajan ?
- Dapre sa w te wè ak sa w te santi, kisa ki pi enpòtan pou w pataje ?
- Eske gen yon mesaj, yon priyè oswa yon pawòl labib ki selebre kado lavi ak aksyon nou fè pou pwochen nou ?

Ann gade

Tibebe 2 mwa epi 3 mwa

1. Nan kominote w la, kòman yo bay tibebe yo manje nan laj sa?
2. Ki pwoblèm sante yo jwenn pi souvan lakay tibebe yo nan laj sa ?

Tibebe a lè I gen 2 ak 3 mwa

Bay ti bebe tete

Ajan, lè w ap pale ak manman an oswa lòt manb nan fanmiy lan, eksplike yo lèt manman an se sèl manje tibebe a bezwen. Fè yo konnen tou sa rive souvan yon tibebe nan laj sa ka pase 2 jou san I pa twalèt.

Manman k ap bay tete pa dwe fimen, bwè bwason ki gen alkòl ni pran dwòg. Li dwe pran medikaman sèlman si se doktè ki preskri I yo. Gen kèk eleman ki nan sigarèt la, nan alkòl la oswa nan kèk medikaman ki pral pase nan lèt la epi al bay timoun nan pwoblèm. Se pou tèt sa, manman k ap bay tete dwe fè anpil atansyon pou byen pa I, byen tibebe a ak pou byen lòt moun nan fanmiy lan.


Lè manman an bay plis lèt pase sa tibebe a bezwen, li kapab fè yon lopital ki genyen yon bank lèt kado I. Y ap detwi tout mikwòb lèt sa ta ka genyen epi y'ap bay yon tibebe ki bezwen I.

Ajan, verifye si lopital nan komin ou an genyen yon Bank pou sere lèt manman. Si ta genyen, ankouraje manman ki kapab yo pou yo fè kado lèt yo genyen anplis. Fè kado enpe lèt se yon jès lanmou !



Archive de la Pastoral del Niño Y la Niña – Bolivie

Kòman tibebe a kapab aprann epi devlope



J. R. Ripper

**Lè manman an ak papa souri ak
tibebe a, eske li souri tou ?**

Chak tibebe gen yon fason pa yo pou kominike ak moun. Lè li grangou, lè li gen vant fè mal oswa si li vle chanje pozisyon, li kapab kriye, ajite oswa pliye janm li; lè li santi l byen, li kapab souri oswa souke bra l ak janm li ak kè kontan.

Yon tibebe ki reponn souri manman l oswa papa l montre bon jan relasyon li genyen ak yo, ak kòman atansyon granmoun yo gen anpil enpòtans pou li. Sa tibebe a pi renmen epi bezwen, se rete bò kote manman l oswa yon moun pou okipe l. Si papa a toujou rete bò kote tibebe a, y'ap gen bon jan relasyon tou.

Lè tibebe a leve nan domi, li rete poze si manman l oswa papa l bò kote. Lè w ap travay nan kay la, paran yo kapab mete tibebe a bò kote yo pou yo pale ak li oswa chante pou li. Konsa, tibebe a ap chache fè son li tandé yo tankou : « arg, arg, arg » obyen « grrr, grrr, grrr ».



Lè manman an oswa papa a bouje figi yo devan tibebe a, eske li fè mouvman an ?

Tibebe a renmen bouje epi jwe ak figi (vizaj) oswa men moun ki bò kote l. Li montre kolaborasyon l tou lè l ap fikse atansyon l epi swiv mouvman je ak kò mouvman paran l yo.

Tibebe a renmen gade, manyen epi jwe ak ti men l yo, ki rete pi louvri. Li kòmanse ka pran bagay ki tou prè men l, tankou ochèt ak lòt bagay ki gen koulè ki parèt fo. Li mete tout sa l pran nan bouch li, paske bouch tibebe a se yon sous plezi ak aprantisaj.

Atansyon ! Fanmiy lan dwe fè atansyon pou pa kite twal oswa moso plastik bò kote tibebe a, paske li ka toufe tèt li. Fil ak ti kòd bò bèso a oswa ti kòd nan sisèt pase nan kou danjere tou, paske tibebe a ka trangle tèt li.

J. R. Ripper



**Lè paran yo mete tibebe a sou vant, eske li
leve tèt li ak zepòl li pandan l ap apiye sou
bra l ?**

Tibebe a bezwen alèz pou li ka aprann kontwole mouvman kò l. Li bezwen sipò yon moun pou li chanje pozisyon, pou l kouche sou kote, sou do oswa sou vant. Konsa, li kapab wè sa ki antoure l yo plizyè jan, li kapab kontwole chakfwa pi byen mouvman l ap fè ak tèt li epi fè bra l vin gen plis fòs.

Pifò tibebe yo domi anpil, men chak tibebe gen lè l pou li repoze, gen ladan yo ki bezwen dòmi anpil, gen lòt se kontré a.



Eske paran tibebe a pran I nan bra yo pou karase I ak pou pale avè I, menm si li pap kriye ?

Tibebe a renmen epi bezwen tandrès ak kares. Li renmen lè yo touche li, abrase li, tande paran I k ap pale avè I chante tou dousman pou li. Nou pa dwe karese tibebe a sèlman lè I ap kriye. Si se konsa, I ap panse ke se sèlman lè I ap kriye I ap jwenn atansyon paran yo. Tibebe a entèlijan, li aprann vit.

Li enpòtan pou kontinye mete tibebe a nan solèy, san rad sou kò I. Sa ap ede po I respire epi fè I pran **vitamin D**. Vitamin D a ede vyann kò a ak zo yo vin pi djanm epi anpeche tibebe a vin rachitik.

Atansyon ! Timoun piti yo pa ta dwe prann tibebe a nan bra yo san yo pa sivèye yo, paske yo ka lage I atè.

Fe masaj pou tibebe a




Teofônio Roque

Yon masaj dous sou tout kò tibebe fè l santil byen, sa fè san l sikile pi byen epi fè l santi kò l. Sa se yon lòt fason pou fè relasyon tibebea ak paran yo vin pi solid.

Masaj la dwe fèt :

- Sou vant, avèk mouvman anwon;
- Sou bra yo, lè w ap etire soti nan zepòl pou rive nan men l;
- Sou janm yo, lè w wap etire soti nan kwis pou rive nan pye;
- Sou do, soti anwo pou ale anba, soti nan kou rive janm tibebe a.



Rodolfo Bührer

Li nesesè pou gade si tibebe a renmen pran masaj yo, paske pafwa li konn prefere rete trankil.

Ou ka fè masaj la avan l benyen oswa lè manman an oswa papa a gen yon ti tan ak trankilate pou kapab pwofite moman an net ak tibebe a. Nou kapab fè l deyò, si tanperati a agreyab, si pa gen van, paske tibebe dwe rete toutouni.

« Lè mwen fèt ou resevwa m, denpi nan vant manman m, ou se Bondye mwen. »

Sòm 22, 11

Nemoni



©iStockphoto.com/Sebastian Kaulitzki

Nemoni an se yon enfeksyon respiratwa ki grav. Si timoun nan pa jwen trètman ka li a mande epi pivot posib, li kapab menm mouri.

Nemoni an pi danjere pou tibebe :

- Ki gen pi piti pase 2 mwa ;
- Ki fèt avèk yon pwa fèb parapo pwa li ta dwe genyen ;
- Ki pa tete lèt manman an ;
- Ki mal manje ;
- Ki pa pran vaksen lè pou l pran yo.

Gen kèk kondisyon nan lantouraj la ki anpwazonnen lè n ap respire a epi ki ka pemet yon kalite maladi konsa parèt: Se kay kote solèy pa antre, lè a pa renouvre, kote ki gen pousyè oswa lafimen sigarèt, lafimen dife bwa, vye gaz machin, yon izin oswa yon dife pay.

Lè w lafimen bò kote yon timoun sa ogmante chans pou li gen pwoble problem respirasyon ki vle di maladi nan poumon tankou bronch anfle, enflamasyon zorèy, sinizit, las oswa nemoni.



Difikilte pou respire :

- Yon bwi ki pa nòmal lè I ap respire
- Kòt yo parèt, lè I ap respire

Ajan, lè yon tibebe montre yon siy enfeksyon respiratwa, bay manman an konsèy pou li :

- Mennen tibebe kay yon doktè pi vit li kapab;
- Kontinye ba l tete;
- Bay tibebe a medikaman yo, men respekte dòz yo ak orè doktè a bay la;
- Retounen nan sant sante a nan jou doktè a bay rendevou a oswa nenpot ki moman, si tibebe a pa amelyore oswa si li vin pi mal.

Si ou wè siy danje lakay timoun wap akonpanye yo, fe mennen yo lopital tout suit.

Enfeksyon Respiratwa Grav yo se youn nan premye pwoblèm sante lakay yon timoun ki gen pi piti pase senkan. Si w konnen siy danje yo epi w komanse trètman bonè, sa kapab evite maladi a vin pi grav epi anpeche timoun nan mouri ak nemoni.

Se pou tèt sa òganizasyon mondal lasante (OMS) mande pou tout timoun resevwa premye dòz medikaman an nan Sant Sante a.

Atansyon ! Kelkeswa medikaman an, ou paka bay yon tibebe li san se pa yon doktè ki di w kijan e kile pou w bay li.

Lijyèn

Lè I benyen chak jou, sa pwoteje po tibebe a pou li pa gen chofi ki kapab enfekte epi ki lakòz lòt maladi.

Pou w ka anpeche chofi yo, manman an kapab fè yon pat avèk yon ti lanmidon mayi (mayizena) oswa poud (gòm) melanje avèk yon ti dlo frèt. Li dwe pase pat sa nan dèyè tibebe a ki dwe sèch lè I fin benyen oswa chak fwa yo chanje kouchèt sou li.



Li enpòtan pou paran kòmanse fè lapwòpte nan bouch tibebe a, menm avan li koumanse fe dan. Netwayaj sa fèt avèk yon twal mouye yo pase dousman, avek anpil prekosyon nan jansiv yo, nan machwe yo panndan ak lang tibebe a chak fwa I fin tete. Y ap itilize twal sa pou sa sèlman epi li dwe toujou rete pwòp.



Ajan, al gade nan **Kaye Ajan** an pou w konn kòman pou w akonpanye timoun yo k ap grandi nan kominote w la.

Siy danje pou sante timoun 2 mwa pou rive 5 lane

Ajan, li enpòtan pou manb nan fanmiy lan kapab idantifye siy danje yo. Ba yo konsèy pou yo ka fè atansyon epi kouri lopital tousuit si tibebe a ta prezante youn nan pwoblèm sa yo :



Pa tête, pa pran
anyen likid
oubyen pa
manje



Fèb, ap kriye
tou piti epi ap
plenn



Atak
(konvulsyon)



Pèdi anpil pwa,
pal epi pye anfle



Gen difikilte
pou li respire :

- Ap fè bri dwòl
lè l ap respire ;
- Si ou wè zo
kòt li lè lap
respire.



Vomi tout bagay



Dyare oswa li
pèdi dlo :

- Kò l plise
- Je l antre nan
twou/je l fon

Vaksen

Timoun yo bezwen pran vaksen pou pwoteje yo kont kèk maladi. Se pou tèt sa, Ajan, li enpòtan pou motive epi bay manman yo konsèy, pou yo ka fè yo bay timoun yo vaksen. Vaksen yo ede tou nan diminye kantite timoun k ap mouri.

Kalandriye vaksen an kapab diferan nan chak peyi. Ajan an dwe chache enfòmasyon nan Sant Sante a sou kalandriye ki genyen an.



Vizit lakay

Nan moman vizit sa yo, li enpòtan pou :

- Pale sou bay tête ak sou bay tibebe a manje;
- Pale sou vaksen ki gen pou wè ak laj tibebe a;
- Lè tibebe a gen 3 mwa, remèt, fè lekti epi pale ak manman an sou fich **15** ki nan ti liv «Relasyon Lanmou» an dapre sa k di nan paj 29 Gid sa.

Reponn kesyon yo ki nan Kaye Ajan an.

Sijesyon travay pou etap sa nan fòmasyon an

- Vizite timoun yo ki déjà anrejistre, epi pote yon atansyon apa sou endikatè opòtinite ak konkèt yo.

9^e etap fòmasyon an

Pou evalye ak selebre

- Kòman vizit la te ye ? Eske li te posib pou te pale sou Endikatè Opòtinite ak Konkèt yo ?
- Dapre sa w wè ak sa w santi, kisa w ta renmen pataje ?
- Eske gen yon mesaj, yon priyè oswa yon pawòl labiblik ki selebre moman sa ?

Ann gade

Tibebe ki gen kat ak senk mwa

1. Kòman manman yo bay tibebe yo manje nan laj sa ?

Tibebe kat ak senk mwa

Bay ti bebe tete



Lèt manman an toujou rete pi bon e sèl manje ki nesesè pou tibebe a. Nan premye mwa yo kote se sèl lèt manman an ti bebe a ap bwè, li nòmal pou li pran plizyè kilo anplis. Jis rive nan katriyèm oswa senkyèm mwa, l ap kontinye gwosi, men l ap gwosi pi dousman. Chak jou pi plis, lèt manman an ap pote plis sante ak lanmou pou tibebe a!

Lèt manman an tèlman adapte pou tibebe a, lè li gen senk mwa lèt la vin pa gen anpil sik ankò, sa pèmèt manman an bay tibebe a lòt kalite manje li bezwen.

Menm lè manman yo pap travay nan kay la, yo dwe kontinye bay tibebe yo tete. Lè manman an soti moun k ap okipe tibebe a kapab ba li lèt manman an tire kite pou li. Lè manman an tounen, li dwe bay tibebe a tete.

Tire lèt la

Anvan ou tire lèt la, pou lèt la pa pedi kalite li, li nesesè pou pran kèk prekosyon :

- Byen lave men w epi siye yo avèk yon twal pwòp;
- Chwazi yon vesò pwòp ki bouyi nan dlo;
- Chita nan yon pozisyon kote w santi ou alez, si posib yon kote ki kalm.

Pou pije lèt la nan tete a :

- Fè masaj sou tete a ak pwent dwèt ou fè tankou ou tap fè yon wonn pou rive nan pwent tete a.
- * Mete pouz la sou tete a, sou pati ki nwa a epi lòt dwèt yo anba tete a pou fè yon kokiy ak men an;
- * Fè mouvman pou tire lèt la, peze tete a dousman, epi pouse l vinn devan epi dèyè, nan yon mouvman ale vini;
- * Jete premye gout lèt la, paske premye gout yo gen mikwòb nou jwenn nan pwent tete a. Mikwòb sa yo kapab gate lèt k ap konsève a, men li pap nui sante tibebe a lè li pran lèt la direkteman nan tete a.



Eli Pio

Lè manman an tounen lakay la, li dwe bay tibebe a tete. Apre sa, li kapab tire lèt la ki pral itilize nan demen. Kantite ak aparans lèt la chanje chak fwa ou tire l.



- Refè mouvman tire lèt la menm jan an. W ap woule pwent tete avèk men w pou ou tire lèt la nan tete a;
- Lè yon tete kòmanse pa gen lèt, chanje pou al tire nan lòt la oswa tann senk minit, pou w refè masaj la epi piye l jiskaske ou jwenn kantite ou bezwen an;
- Aprè w fin piye lèt la, pase yon ti lèt sou pwent tete yo pou evite twou sou pwent tete a.

Kòman pou w konsève lèt ou piye nan tete a :

- Kite l frèt. Ou dwe fèmen vèso ki gen lèt la epi mete l nan dlo glase pandan de (2) minit. Lèt la dwe rete nan yon etajè nan frijidè a (pa janm mete l nan pòt la). Ou ta dwe bay timoun nan bwè l nan 24 trè pou pi plis;
- Lè ou pral bay tibebe a lèt la, Itilize sa ki te tire avan an epi chofe l nan dlo cho (pou chofe l, mete vesò ki gen let la chita nan chodye oswa yon kaswol ki gen dlo epi mete l sou dife a). Ou dwe bay tibebe a lèt sa avèk yon kiyè oswa yon gode.

Chak fwa manman an nan kay la, li nesesè pou l bay tibebe a tete pi souvan. Konsa l ap vin gen plis lèt epi l ap ka bay tete pi lontan. Lè w bay tibebe a bibwon, sa ap fè l pa anvi pran tete ankò.

Moun k ap okipe tibebe a,
dwe ba li lèt la avèk yon kiyè
oswa yon gode. Tetin bibwon
an bay tibebe a yon move
abitid epi lap fè l refize tete
manman an.

Lè tibebe a pase yon mwa
li pa pran pwa, pale ak
manman an pou konnen sa k
pase. Gen dwa se tibebe a ki pa
tete anpil, gen dwa se manman
an ki fatige oswa ki pa byen
manje. Si manman an retounen
al travay, pale ak moun k ap
okipe tibebe a tou.

Márcia Mamede



Lè manman pa gen ase lèt, li pi bon pou kòmanse ba l
labouyi depi nan senkyèm mwa a olye w itilize bibwon lèt.
Konsa, wap kapab bay timoun nan manje avèk yon kiyè,
san pa gen danje avèk tetin bibwon an.

Kòman tibebe a kapab aprann epi devlope

Rodolfo Bahier



**Eske tibebe montre li konnen
moun ki toujou avè l yo ?**

Tibebe a kòmanse konnen li gen yon non. Li montre sa lè l gade yon moun k ap rele l. Li kòmanse rekonèt pi byen moun nan fanmiy lan epi li renmen rete ak yo. Li ri, li sekwe bra l yo, sekwe kò l lè l wè moun sa yo. Li renmen kenbe men moun epi manyen figi yo. Abite avèk gran paran yo, tonton, frè ak sè kapab ede tibebe a devlope pi byen.

Bò kote moun li pa abitye ak yo, tibebe a kapab timid, pentad, li ka menm kriye. Sa montre li pa konnen sa, oswa moun sa pa toujou bò kote l.

Tibebe a reyaji lè manman l separe avè l, souvan, li kriye lè l pou kont li. Paran yo ak manb fanmiy lan kapab jwenn plizyè fason pou yo regle zafè yo ak tibebe a bò kote yo.



**Lè yon moun fè bri dèyè tibebe a, eske li
vire tèt li pou li chache kote bri a soti ?**

Paran ak manb fanmiy lan kapab kreye dives kalite opotinite pou tibebe tande epi rekonet son yo. Y ap rive fè sa lè yo pote atansyon ak sa tibebe ap fè, lè y ap imite bri l ap fè, lè yo mete bò kote tibebe a bagay ki gen son diferan. Tibebe a pran jwèt pou souke, frape yon bagay ak yon lòt pou ka tande kalite bri yo fè.

Tibebe a gen lòt fason pou li kominike. Anvan, li te konn fè son avèk gòj li sèlman. Kounya, li kòmanse fè son avèk po bouch li. Li pouse ti kri, li fè « m, m, ma, ma »; « p, p, pa, pa ». Li renmen repete epi tande vwa pa l. Lè tibebe a aji konsa, li montre l ap eseye aprann pale. Si moun nan fanmiy lan repete son li fè yo, l ap ede tibebe a aprann pale.

« *Mwen, M'ap di nou sa papa m moutre mwen.
Men nou menm, n'ap fè sa papa pa nou di nou fè.* »
Jan 8, 38


Archive Pastoral da Criança



**Eske paran yo ankourage tibebe a pou l
esaye pran bagay yo mete bò kote l ?**

Nan laj sa, tibebe kapab kòmanse enterese avèk objè yo. Men pou sa rive, l ap bezwen sipò moun ki bò kote l yo. Yo dwe mete bò kote l objè ki pa menm, pou yo ka ankouraje l pote atansyon.

Lè yo fè sa konsa, moun ede tibebe a kowòdone mouvman l yo avèk sans li yo tankou je, zorèy, men. Li gade, li mete bagay nan bouch, mòde, niche (lanbe yo), souke yo. Konsa, tibebe a santi kòman bagay yo ye: si yo di, si yo mou, si yo lejè, si yo lou, si yo graj oswa si yo swa.



**Lè yon moun mete tibebe chita nan yon pozisyon
avèk yon apui, eske li rive kenbe pozisyon sa ?**

Rodolfo Bührer

Tibebe a dwe chita ak yon apui, pou li pa tombe ni devan ni sou kote. Konsa sa, l ap aprann chita pou kont li. Pozisyon tounèf sa ap ede tibebe a wè ak pran plis bagay epi prepare l pou l kanpe.

Nan laj sa, ou dwe mete tibebe a atè pou l ka bouje plis. Asire w kote w ap mete l la pwòp. Konsa, l ap aprann vire epi woule tou de kote yo san pa gen danje pou l tombe.

Atansyon ! Nou pa dwe kite tibebe pou kont li, yon kote li ka woule epi tombe. Li enpòtan pou pa kite bagay ki danjere bò kote l tankou sak plastik, paske li ka trangle epi toufe.

Lijyèn

Tibebe a vin renmen chak jou pi plis lè pou li benyen. Li renmen santi dlo tyèd la sou po l, bat pye l ak men l nan dlo a ak kè kontan sa pote pou li.

Chak fanmiy gen fason pa yo pou pran swen timoun yo, men li nesesè pou genyen yon woutin chak jou, avèk yon orè pou benyen l, pou l manje, pou l dòmi epi tou pou tibebe a jwe. Li kapab vin nève epi san pozisyon lè gen anpil chanjman nan sa l ap fè chak jou.



Anvan premye dan yo parèt, jansiv yo anfle epi yo fè l mal. Sa lakòz tibebe a vin irite epi ajite. Fòk ou kontinye netwaye bouch tibebe a. Netwayaj sa dwe fèt ak yon twal mouye byen pwòp, lè tibebe a finn manje, sitou aprè dènye tete lan nwit la.

Chak timoun fè dan nan lè pa yo: gen de timoun ki fèt ak tout dan epi genyen lòt ki tann yon lane pou l fe dan. Nòmalman, premye dan yo parèt lè tibebe a gen 6 mwa.



Si nou bay tibebe a manje, nou pa dwe bali manje ki dous. Fòk nou pa soufle manje tibebe a pou w fè li frèt oswa itlize pou tibebe a menm kiyè ki sèvi pou yon granmoun. Sa kapab transmèt mikwòb ki soti nan bouch granmoun nan al nan bouch tibebe a. Lè sousèt tibebe a tonbe atè, gen moun ki gen abitid pase l nan bouch yo epi bay tibebe a li: sa tou kapab transmèt kari, – anplis salte ki nan sousèt la kapab kontamine granmoun nan.

Verifye si Sant Sante nan komin ou an fè konsiltasyon pou dan tibebe. Si sa fèt ankouraje paran yo pou yo ale ak tibebe a, pou yon konsiltasyon.

« Granmèt ki gen tout pouvwa a bay moun lasyans pou yo ka ba l onè pou mèvèy li fe yo. »
Ko 38, 6

Selebrasyon lavi a



Jou **Selebrasyon Lavi** a se yon lòt aktivite enpòtan ou menm ajan, ou reyalize nan Pastoral Timoun Piti yo.

Jou sa, ki fete yon fwa chak mwa, yo pran pwa timoun yo, fanmi yo reyini pou selebre timoun yo ki byen yo epi pou ede yo si yo gen difikilte.

Kote ki chwazi pou selebrasyon an fèt dwe tou prè kay fanmiy yo. Li enpòtan pou pa gen anpil moun nan gwoup yo, pou fanmiy yo ka santi I yo byen akeyi yo, pou ka santi yo alèz, pou yo gen okazyon pou pale de timoun yo epi pou timoun yo gen espas pou yo jwe.

Jou Selebrasyon Lavi a se yon temwanyaj vivan la fwa. Li montre solidarite ak patisipasyon yon kominate nan chache dwa sitwayen I tout bon vre. Pou tèt sa, se yon jou Bondye beni.



Vanderlícia da Silva

Ajan, poukisa nou reyini fanmiy yo nan kominote a?

Se fanmiy lan ki pote, nan premye lane timoun nan, tout bagay pou satisfè bezwen sante li, manje li, afeksyon, jwe, kominike, sekirite, epi aprann. Se nan fanmiy lan tou timoun nan komanse apran vin granmoun tèt li. Konsa, fanmiy lan bezwen fe valè tet li sou kapasite pou l diskite, reflechi ak defini fason pou kreye ak edike timoun li yo.

Lè fanmiy yo reyini pou fete lavi ak pwogrè timoun yo rive fè, yo kapab wè gen difikilte se pa yo menm sèlman ki rankontre yo epi y ap pataje yo avèk lòt yo. Paran ki gen timoun ki fè malnitrisyon, ki twò gwo, ki malad oswa ki pa byen devlope pra l rann yo kont yo pa pou kont yo, y ap kapab dekouvri anpil ansanm fason pou yo afronte difikilte yo.



Ajan, lè w ap obsève yon timoun ki prezante yon pwoblèm ki gen pou wè ak endikatè yo ki nan Kaye Ajan an, pale sou sa ak moun nan fanmiy lan lè vizit lakay yo pou wè ki sa yo ka fè pou amelyore sitiayson an.

Menm lè paran yo fè sa yo kapab pou timoun yo, kèk fwa pwoblèm yo kontinye epi paran yo kapab panse timoun nan konsa paske yo pa konn kijan pou yo byen okipe l.

Kisa k pou fèt lè sa ?

Jou Selebrasyon Lavi a, pandan fanmiy yo reyini, se yon bon moman pou pale sou sitiayson difisil yo, konsa plizyè sijesyon oswa lide kapab bay pou ede sipote fanmi yo ki konnen difikilte sa yo.

Nan konvèsasyon avèk fanmiy ki reyini yo, sa ki bon : ou pa dwe site non timoun ki mal manje, oswa ki twò gwo, oswa ki pa rive atenn kokèt yo ki make indikate yo e yon lot kote eseye dekouvrir kisa ki lakòz sa epi gade kisa ki ka fèt pou resoud pwòblèm sa.



Bolivie – Vanderlúcia da Silva

Nou dwe prepare jou Selebrasyon Lavi a avèk anpil lanmou. Li bon pou konte sou sipò tout Ajan yo, moun nan fanmiy yo tankou manman yo, papa yo ak gran paran yo ki nan kominate a, pou ansanm, nou òganize jou sa pandan n ap prepare :

- Yon bon akèy pou timoun yo ak fanmiy yo;
- Yon priyè kè kontan ki rejwi timoun yo;
- Yon bon repa rich ki fèt ak manje nan zòn nan;
- Yon lokal ki gen jwèt ak kote pou timoun jwe;
- Yon moun ki pou jwe ak timoun yo pou Ajan yo ka pale pi byen ak paran yo.

Konvèsasyon avèk manman yo, papa yo ak paran yo se yon bon okazyon pou kreye yon anviwonman ki bon pou devlòpman timoun yo. Men, pale avèk paran yo dwe pèmèt tabli bon jan dyalòg. Ajan, dyalòg sa mande pou w gen yon lespri ouve, ki vle di alez ak moun ki nan fanmiy yo pou kapab rive byen konprann sa yo di epi eseye reponn. Konsa, w ap kapab ede paran yo ak fanmiy yo jwenn sipò k ap fè yo santi yo pi fò.

Nan finisman aktivite yo jou Selebrasyon Lavi a, li enpòtan pou Ajan yo reyini pou evalye kòman aktivite a te pase. Ou dwe gade si te manke yon bagay, sa ki te byen mache, sa ki kapab amelyore nan lòt selebrasyon k ap vini yo.



Anplis jou Selebrasyon Lavi a, li nesesè pou jwenn lòt moman pou pale avèk paran yo. Nan moman konvèsasyon sa yo paran yo kapab chanje enfòmasyon sou sante, edikasyon oswa lòt sitiyasyon ki aji sou lavi fanmiy yo nan kominote a.

Nou kapab pote doleyans sou kèk pwoblèm ki genyen nan kominote a bay otorite lameri yo. Pa ekzamp: manke kote pou gade timoun yo (krèch), manke yon sèvis sante ki korèk...

Avèk fanmiy yo ki reyini pou pale, yo tout gen kondisyon pou yo diskite sou pwoble yo, dekouvri solisyon yo, verifye ki devwa moun yo epi planifye ki aksyon ki dwe mennen pou garanti dwa timoun yo ak fanmiy yo. Fanmi yo enfòme, òganize epi konnen ki devwa yo. Lè sa, yo gen plis pouvwa pou fè presyon pou ekzije dwa yo !

*« Depi lè sa, yo atache yo pou koute sa apot yo t ap anseye,
pou viv nan kominyon youn ak lòt,
pou pataje sa yo genyen epi priye ansanm. »*

Ak. 2, 42



Vizit lakay

Lè vizit sa yo li **enpòtan** :

- Pou pale de bay tete /bay manje;
- Pale sou devlòpman tibebe a nan laj sa epi gade nan Kaye Ajan an si tibebe a bezwen resevwa vaksen;
- Lè tibebe a gen senk mwa, remet manman an, fè lekti epi pale ak manman an sou fich **15** ki nan dokiman 'Relasyon Lanmou' an, dapre sa k di nan paj 29 nan Gid sa.

Reponn kesyon yo ki nan Kaye Ajan.

Sijesyon travay pou etap fòmasyon an

- Vizite yon tibebe w te akonpanye epi verifye si paran yo ap panse sou devlopman li.
- Envite manb fanmiy tibebe a patisipe nan jou Selebrasyon Lavi a.

10^e etap fòmasyon an

Pou evalye ak selebre

- Eske gen Kèk fanmiy ki gen kesyon sou devlopman tibebe ou a ?
- Eske gen kèk dout ou ta renmen pataje ?
- Eske yon mesaj, yon priyè oswa yon pawòl labib pou selebre moman sa ?

Ann gade

Tibebe a soti 6 pou rive 8 mwa

1. Kouman fanmi yo nan kominate w la abitye bay ti moun yo manje nan laj sa ?
2. Dapre ou, kisa yon tibebe nan la sa ta dwe manje ?
3. Ki maladi ki pi frekan nan laj sa? Kisa fanmiy yo fè lè tibebe yo malad ?

Tibebe soti 6 pou rive 8 mwa

Bay ti bebe tete ak bay manje

Jous rive 6 mwa, lèt manman se toujou tout sa tibebe a bezwen pou li ka byen manje. Apre laj sa, li nesesè pou ba li tete ak lòt manje tou. Piti piti, tibebe a ap aprann konnen lòt gou, lòt tanperati oswa lòt fòm preparasyon: mou, di, fen oswa gwo. Sa ap ede devlopman tibebe a.



Argentine – Ricardo Bernabeu

Bay tibebe a lòt manje mande pou manman an oswa moun k ap okipe l la, montre yo gen anpil atansyon, swen ak pasyans. Nan kòmansman, tibebe yo bezwen yon manje ki pi pat ak pi mou, paske yo pokonno mastike.

Li bon pou w ogmante, piti piti, kantite manje a. Li enpòtan tou pou verifye si tibebe a aksepte manje a, san prese, jiskaske li satisfè.

Gen tibebe ki kapab refize manje yo. Sa pa vle di li pa renmen yo; se pito paske yo pa konnen gou sa. Nan yon lòt moman, yo kapab aksepte manje yo pat vle avan an. Fòk ou bay tibebe a manje sa ankò, san w pa fòse l.



Premye manje pou bay tibebe a, se fwi yo ak labouyi.

Fui yo se yon sous vitamin enpòtan, ou kapab kraze oswa rape ak yon kiyè. Pito w bay timoun nan fui ki genyen nan zòn nan epi ki donnen sezon an. Y ap pi fre epi yo pap chè. Li pi bon pou bay fwi yo olye w bay ji ki fèt ak fwi yo.

Fòk ou byen lave fui yo avan ou bay tibebe a yo.

Labouyi a kapab fèt ak :

- Sereyal, tankou diri, mayi oswa avwan;
- Legim, tankou gwo pwa, ti pwa, lantiy oswa pwa chich;
- Vyann oswa ze: bèf, poul, fwa mou, fwa di, jòn ze;
- Rasin, tankou manyòk, pòm de tè, yanm, patat dous;
- Legim tankou chou, kawòt, jiwomom (joumou)
- Kòm epis, ou ka itilize zonyon, pèsi, lay epi yon ti sel. Anplis li bay bon gou, epis yo se yon sous vitamin tou.

Nou dwe kòmanse bay tibebe a tout manje nouvo tikal pa tikal, keseswa fui oswa labouyi. Nou dwe kòmanse bay yon ti kantite, youn oswa de ti kiyè pa jou. W ap ogmante kantite a chak jou dapre jan w wè tibebe a aksepte manje sa.



Pedro Séraphin

Pou labouyi a ka rete mou, legim yo dwe byen kuit. Pa itilize anpil dlo, pou manje yo pa pèdi vitamin ak lòt eleman nitritif yo, tankou fè ak kalsyòm. Lè I ap sèvi tibebe a, manman an dwe byen kraze manje yo ak yon fouchèt. Pa janm itilize yon blendè. Fòk ou evite kraze tout manje yo ansanm pou tibebe a ka konnen gou yo chak. Konsa, manje a ap pat, di epi I ap gen koulè, sa ap fè tibebe a anvi moulen I.

Koumanse pwopoze tibebe a labouyi a midi. Kapab pwopoze labouyi aswe Selman le tibebe a byen aksepte I amidi. Pwopoze fui yo kom goute nan maten oswa nan apremidi.

Tibebe a dwe tete pou pipiti 2 fwa nan jounen an. Tan ki pase ant 2 repas diferan pou chak bebe, ki vle di tibebe a pran yon kantite tan anvan li rekomanse manje. An jeneral yon tibebe pran soti 2 pou al 3 zèd tan lè I fin manje pou I manje ankò.

Ti bebe a dwe kontinye bwè lèt manman an jiska 2 lane pou pi piti, menm lè li kòmanse manje lòt manje.

Lòt manje ki enpòtan pou tibebe a



Ou kapab kòmanse bay tibebe a **fwa** (bèf oswa poul) depi l gen 6 mwa. Se yon sous enpòtan pou jwenn fè ak vitamin A. Fwa a dwe byen fre, gen yon bon sant ak yon koulè wouj. Ou dwe kwit fwa poul la epi mete l nan labouyi de (2) oswa twa (3) fwa nan yon semèn. Fwa bèf la menm ou kapab fri li, kuit li ak sòs. Li enpòtan pou teste ki kalite preparasyon tibebe a pi renmen.

Jòn zè a se yon sous proteyinn ak vitamin A ak D. Ou kapab bay tibebe a ze kwit. Nan kòmansman ou kapab bay yon ka nan jòn sèlman nan jon ze a, oswa mwatye, jiskaske w rive nan yon jòn ankè (antye). Si pa gen siy ki montre li pa tolere l, tankou dyare, vomisman oswa alèji sou po ko li, ou kapab menm bay tibebe a de (2) jòn ze nan yon menm semèn, byen kraze epi toujou melanje ak lòt manje (tankou labouyi).

Pwa yo, lè yo fin kuit epi melanje ak yon ti epis (sèl, zonyon, lay ak lwil), kraze kraze yo ak yon fouchèt. Ou ka bay tibebe a li konsa oswa ak diri, polanta, soup pen oswa farin.

Polanta a se yon pla ki fèt ak farin mayi. Nòmalman tibebe a renmen l, sitou si li gen pwa ak vyann bò kote l.

Varye manje yo

Nan setyèm mwa a, tibebe a kapab pran premye « moso vyann » li. Sa dwe yon gwo moso vyann, fèm ki griye. Ou dwe mete moso vyann sa nan men tibebe a pou li ka souse li lè I vle anba je moun ki responsab li a.

Lè li gen wityèm mwa a, tibebe a kapab kòmanse manje menm manje ak fanmi lan, paske li déjà fè eksperyans manje lòt manje depi I te gen sis mwa. Nan laj sa, ou dwe kraze diri ak pwa, menm jan ak vyann ki kuit nan legim, men yo pa bezwen kraze menm jan ak lè I te konn pran labouyi a.


Anplis li kapte atansyon tibebe a, yon pla ki varye epi ki gen koulè pèmèt li aprann konnen gou tout manje yo epi dijere tout kalite vitamin li bezwen.

Fwi ki plen vitamin C, tankou zoranj, pòm kajou, gwayav, mango ak sitron, lè yo sèvi yon ansanm ak yon repa, yo ede kò tibebe a pwofite pi byen fe ki manje yo paske sa evite vin anemi. (pou plis detay gade nan paj 36 Gid sa).

Lè w mennen yon bon konvèsasyon ak manman an sou divès kalite manje ki genyen nan zòn nan, sa kapab ede I chwazi yon alimantasyon ki pi sen. Li enpòtan pou fè atansyon pou lè manje a pa tounen yon chantaj, oswa yon moman kè sote. Ou pa dwe ni fòse, ni frape tibebe a pou I manje.

Se sèl yon manje ekilibre, byen balanse ki kapab asire tibebe a jwenn tout sa kò I bezwen epi devlope lakay li yon bon abitid pou manje sa ki bon pou kò a.

Li enpòtan pou tibebe a manje kantite li vle epi pou li ka touche manje yo ak men l, pou l eseye itilize yon kiyè ak yon gode si l vle. Nan faz sa, li renmen bouje ak manyen tout bagay, sa ap ede l aksepte pi byen manje tounèf yo.



Nan kaye ajan an :

- Pou reponn **kesyon 3** nan Kaye Ajan an, li nesesè pou ajan an chache konnen ki manje yo te bay timoun nan denye jou yo. Gras ak repons yo, li posib pou konnen ki laj tibebe kòmanse manje chak kalite manje ki ekri nan kesyon sa.
- Pou reponn **kesyon 4** nan Kaye Ajan an, ajan an dwe sèlman verifye nan kesyon 3, si timoun nan resevwa yon manje solid oswa likid avan li te gen 6 mwa. Si timoun nan resevwa lèt manman an sèlman Ajan an make yon [O] wi. Fok Ajan an sonje kesyon sa dwe reponn yon sèl fwa, lè timoun nan gen 6 mwa.

Sa k t ap pi bon, se pou tibebe a pa resevwa ni dlo, ni te, ni ji oswa lòt manje yo, anvan li gen 6 mwa. Si li kòmanse bwè anvan peryod sa, ou menm, Ajan, ou dwe eseye konvenk manman an pou li pa bay anyen ki likid, oswa manje dapre enfòmasyon ki nan Gid sa.

*« Kiles domestik fidel enpi entelijan met la te bay reskonsabilite
pou pran swen tout lot yo
pou l ba yo manje ale ?
Se chans pou sevite sa, le met tounen lakay li
l'ap jwenn li ap fe travay li jan met la te pase l lod fe li a ! »*
Mt 24, 45-46

Anemi poutèt manke fè



Anemi poutèt manke fè se pi gwo pwoblèm nitrisyonel nan lemonn kote yon bon kantite tibebe gen pwoblèm sa. Fè a se yon eleman nitritif enpòtan anpil pou lavi enpi li aji anpatikilye sou fabrikasyon global wouj nan san an epi transpòte oksijèn nan tout selil kò a. Lè manke fè, sa lakoz rezistans kò a diminye, sa ka fè tibebe a pran enfeksyon pi fasil.

Lakay timoun nan, anemi poutèt manke fè a parèt lè kantite li pran an fèb alòske kò a bezwen fè a anpil. Ou jwenn anemi an pi souvan lakay tibebe ki bwè lèt ki pa lèt manman yo oswa lakay tibebe ki gen plis pase sis mwa ou jwenn li lakay tibebe ki nan tete toujou.

Atansyon ! Tibebe yo ki fèt anvan lè oswa ak yon pwa ki fèb bezwen plis atansyon, paske yon pa gen anpil rezèv fè.



Tibebe ki sen, ki bwè lèt manman an sèlman jous rive 6 mwa, pa bezwen fè anplis jiskaske li kòmanse manje lòt manje.

Lè se lèt bèf (naturel) sèlman timoun nan bwè, gen plis risk pou li manke fè paske lèt sa pa gen anpil fè epi ti sak genyen an kò moun pa rive absòbe l byen.

Ajan, ou gen lòt enfòmasyon sou bon alimantasyon nan paj 34, 35, 36, 37 et 38 nan Gid sa.

Òganisasyon mondal lasante rekòmande pou tout tibebe ki gen plis pase 6 mwa resevwa fè anplis. Ajan, verifye si tibebe ki gen plis pase 6 mwa yo resevwa kompleman sa. Sa enpòtan anpil pou devlopman yo.

*« Lè moman pa yo rive, yo priye Sènyè pou ba yo soulajman ak gerizon pou sove lavi ptit Bondye yo.
Moun ki peche nan je Bondye doktè pa ka fè anyen pou li. »*
Ko 38, 14-15


Ajan, selon sa ou wè, fè yon lis :

- Kòman nou kapab konstui pi bon sous fè, vitamin... pou nouritibebe yo : _____

- Recet timoun pi remnmen : _____

Vaksen

Ajan, si yon tibebe an reta nan vaksen yo, di paran yo pou yo mennen l nan sant sante, pou l resevwa dòz ki manke pou laj li.



Nan **Kaye Ajan** an :

- Nan **kesyon 18**, note **[O]** (wi) si timoun nan resevwa tout vaksen yo pou laj li.

Kòman tibebe a kapab aprann devlope tèt li



Eli Pio

Eske paran yo oswa moun k ap okipe tibebe a pèmèt li gen kontak ak lòt moun ?

Swenn yo, lanmou ak atansyon manman an ak papa a pèmèt tibebe a byen konnen yo, epi santi l an sekirite ak yo. Menm jan an tou, grasa èd paran yo, li kapab aprann tabli bon relasyon konfyans ak lòt manb nan fanmiy lan epi zanmi pwòch yo. Men fòk ou ale dousman, respekte krent kèk tibebe genyen vizavi moun ki pa bò kote yo chak jou.

Tibebe a renmen jwe nan manyen figi moun, oswa kèk bagay ki bò kote l. Konsa, li aprann gen moun ak bagay ki ekziste, menn si li pa wè yo. Nan fason sa, li ap aprann abitye ak absans manman l, papa l oswa lòt moun ki enpòtan pou li.



**Eske manb nan fanmiy lan ankouraje
tibebe a jwe ak objè yo ?**

Tibebe a toujou renmen gen yon moun bò kote l ki ankouraje l jwe ak sa ki nan antouraj li. L ap bezwen èd tout moun ki bò kote l. Èd sa se pou montre yon enterè pou bagay w ap bay tibebe a. Lè l jwe ak yo, tibebe a pa two bezwen prezans gramoun epi aprann lòt bagay tounèf.

Tibebe a vin plis renmen konnen chak jou pi plis, li kòmanse ap deplase epi pran tout sa k ap pase bò kote l. Chak jou li itilize men l pi byen – li aprann kenbe bagay ant pou li ak endèks li (dezyèm dwat nan men an). Li aprann kenbe, gòde, kraze, chire, jete, frape bagay yo pou l wè kòman yo ye.

Chak lè tibebe a vle pran yon bagay ki pou yon gramoun epi ki danjere, oswa si li vle fè yon bagay li paka fè, paran yo dwe distrè l epi mennen l yon lòt kote. Tibebe a pokonprann mo ki rele «non» an. Si l ap fè tèt rèd, nou dwe rete, pase sou li, men fòk nou pa ba l kou.



J. R. Ripper

**Eske tibebe a pran bagay,
frape yo, jete yo oswa chire yo ?**

Nan jwe ak bagay yo, tibebe a aprann lè li fè yon bagay, gen yon lòt bagay ki rive. Pa ekzanp, li frape yon kiyè sou yon kastwòl epi sa fè bri; li pese yon bouton radyo epi li komanse jwe. Kòm li gentan konnen pran epi lage, li renmen pran bagay yo pou li jwe epi kite yo tombe pou I wè sa k ap pase. Konsa I ap wè, genyen kèk bagay ki tombe pi rapid pase lòt, genyen ki fè bri epi gen lòt ki pa fè bri. Pafwa, fòk ou gen anpil pasyans epi rebay tibebe a sa li jete a.

Atansyon ! Fanmiy lan dwe mete an sekirite, bouton, klou, egiy ak tout objè ki menm jan an, paske nan laj sa tibebe a rive ka pran ti bagay piti epi mete yon nan bouch, nan nen ak nan zorèy li. Yon tibebe ki gen yon likid oswa yon move sant nan nen oswa nan zorèy li gen dwa te antre yon bagay ladan I yo. Fòk yo mennen I nan yon sant sante, paske li pa konseye pou retire I lakay



**Eske manb nan fanmiy lan kominike
ak tibebe a plizyè fason diferan,
nan itilize son, jès oswa mo ?**

Tibebe a kòmanse konprann sa yo di l chak jou, ezamp « vin isit », « di orevwa ». Pou kòmanse, l ap konprann sa yo di l, aprè l ap aprann pale.

L ap swiv konvèrsasyon moun yo epi eseye imite sa yo di. Li bon pou moun yo pale ak tibebe a ak son tankou «ma, ma», «pa, pa» epi tann li repete. Fanmiy lan kapab envante plizyè jwèt son ak tibebe a, tankou : imite vwa bét yo, machin yo, avyon yo. Lè yo jwe ak tibebe a, lè yo ap fè jès ak men pou di orevwa, lè yo fè grimas pa ezanp, paran yo montre l lòt jan pou li kominike.

Lè moun yo itilize plizye jan pou kominike, yo pèmèt tibebe a kreye relasyon epi envite l pale avèk yo, menm si li gen pwoblèm tankou soud.

Tibebe a bezwen pou w mete l atè pou li eseye deplase pou kont li.

Li eseye prann tout sa ki bò kote l: gen tibebe ki pral woule, gen lòt k ap rale oswa mache sou kat pat pou pran objè yo. Paran yo dwe veye pou pa gen danje kote timoun nan ye a, paske li pokò aprann pou li pa manyen tout bagay oswa pou l pa ale tout kote.



J. R. Ripper

Atansyon ! Priz kouran yo, mach eskalye yo ak fil fè, se danje, paske tibebe a kapab pran yo. Fòk ou ranje tout pwodwi netwayaj yo tou, konsa li pap ka jwenn yo. Si tibebe a bwè yon pwodwi netwayaj oswa yon medikaman, fòk ou mennen l ijan ijan nan Sant Sante.

Nan laj sa, anplis yon bon dòmi lannuit, tibebe a dwe dòmi lajounen tou. Paran yo dwe dekouvi kisa tibebe a renmen ki kalme li pou l dòmi epi chache fè l chak fwa menm jan an. Sa, se paske repetisyon se yon bon fason pou aprann tibebe a, epi pou li santi l pi an sekirite.

*« Mwen mete konfyans mwen nan ou.
Depi granmanten, fè m chonje jan ou remenm anpil.
Se ou menm map lapriyè.
Moutre m chemen pou m pran. »*
Sòm. 143, 8

Hygiène

Ajan yo dwe bay paran yo konsèy pou yo toujou okipe pwòpte bouch tibebe a, sitou koulye a lap manje lòt kalite manje. Li pa nesesè pou sikre manje tibebe yo. Sik la se youn nan kòz kari nan dan. Konsa, mwens ou bal sik, mwens I ap gen chans pou li gen kari nan dan.

Si gen yon bon ijyèn pandan preperasyon manje yo, n ap evite maladi, tankou dyare. Li nesesè pou moun kap prepare manje a toujou lave menm I anvan I prepare manje yo, pou li fè atansyon nan moman l'ap ranje yo, evite kontak ak mouch epi toujou bay tibebe a dlo trete, dlo bouyi oswa filtre.

Kòm tibebe a gen pou I ale atè pou I ka bouje, li ap sal kò I plis. Benyen chak jou a gen yon gran enpòtans. Se yon bon okazyon tou pou pale ak tibebe a, pou manyen I ak tandrès. Konsa, anplis lave li, benyen an kalme tibebe a.



Tectónio Roque

Atansyon ! Tibebe a pa kapab rete pou kont li lè lap benyen, ni menm pandan yon minit. **Gen gwo risk pou I tombe oswa nwaye !**

Dyare epi dezidrate

Dyare a se yon matye ki mou, ki mouye epi ak yon frekans ki pa nòmal. Li kapab akonpanye ak vomisman. Dyare tankou vomisman, se yon okazyon pou kò nou rejete sa ki fè l mal, tankou yon pwazon, yon manje ki pouri oswa kontamine. Se pou tèt sa fòk ou pa bay medikaman pou kanpe dyare a.

Argentine - Verónica Megna y Ana Bisighano



Se medsen sèlman ki dwe preskri medikaman yo. Lepli souvan, yo preskri medikaman pou dyare a lè twalèt timoun nan gen "cumus" ladan, ki vle di li pa ni likid ni di men li pat enpi li gen gle, oswa si twalet la gen san ladan l.

Dyare a se yon maladi mikwòb ki kontamine dlo, manje, vesò, men ak sa nou itilize pou prepare manje yo bay. Mouch, rat, ravèt, ak lòt bét ankò, kapab mennen mikwòb ki nan poubèl andan kay la.

Dyare a pi fasil devlope yon kote ki pa gen lapwòpte; kote nou pa jwenn dlo pwòp; kote yo mete poubèl yo yon kote ki pa bon, yon kote ki pa gen fòs septik ki vle di wate, oswa twalèt. Lè tibebe a kòmanse ap manje lòt kalite manje, mete bagay nan bouch li, deplase atè, li gen plis chans pou li gen dyare.



M. F. Hill

Nan ka sa, li nòmal pou apeti tibebe a diminye. Men, paran li oswa moun kap okipe li a dwe kontinye bal manje nòmalman. Li ka toujou kontinye itilize epis yo ak lwil. Li konseye pou bay timoun ki gen dyare labouyi diri.

Lè I ap vomi, oswa gen dyare, tibebe a pedi anpil likid ak sèl minero, sa ki ka fèl **dezidrate**. Pou evite dezidratasyon an, fòk kantite likid li pèdi a ranplase. Pou fe sa, se bay tibebe a plis likid, e menm ba li yon sewòm ki fèt lakay oswa ki achte nan famasi, plizyè fwa pa jou, nan yon ti kantite.

Atansyon ! Si tibebe a vomi sewòm nan, tousuit aprè lè I fin bwè I, li pa ramplase dlo li pedi a. Fòk ou mennen li lopital, pi vit posib.

Tibebe ki pa pran tete, konn gen dyare grav pi souvan epi mouri pi fasil, swa akòz dyare a, swa akòz nemoni. Fanmiy lan dwe fè anpil atansyon ak timoun ki pa pran tete.

Sewòm ki fèt lakay




Sewòm lan fèt ak dlo, sèl epi sik. Pou evite erè nan kantite yo, Pastoral Timoun yo itilize yon kiyè ki espesyal pou mezi kantite necese pou prepare sewòm lan. Yo dwe bay sewòm lan pou anpeche tibebe a pèdi dlo nan kò l. Sewòm nan nou rele « sewòm lakay la » pa anpeche dyare, li sèvi sèlman pou ranplase likid li pedi yo.

Pou prepare « sewòm lakay la » fòk ou genyen :

- Yon gran vè dlo (ak 200 ml dlo)
- Yon kiyè mezi (meziret)
- Sèl ak sik.

Aprè w fin byen lave men w, ranpli yon vè dlo, ak dlo pwòp ki vle di dlo pota bou trete : bouyi oswa filtre (200 ml). Ak kiyè ki pou mesire a, vide nan vè a, yon ti kiyè sèl, de gro kiyè sik. Byen melanje;brase yo jistan sèl la ak sik la fonn.




Anplis pou aprann paran yo fè « sewòm lakay la », fòk ou di yo pou yo toujou bay timoun ki gen dyare a li, ti kal pa ti kal, epi gade si gen amelyorasyon.

Ou dwe bay sewòm lan nan yon kiyè oswa yon gode, epi yo dwe itilize kantite ki prepare a nan yon tan ki pa depase 24 trè. Si li nesesè pou pran sewòm pandan plis pase yon jou, w ap prepare yon lòt chak jou.

Kèk timoun konn pa vle pran sewòm nan. Fòk ou esplike manman an li enpòtan pou I kontinye eseye ba li I, san goumen avè I. Li kapab pale ak timoun nan, di I ke sewòm sa ap fè anpil byen pou li, si I bwè I lap pi anfòm, se paske li renmen I anpil, li pa ta renmen wè I malad.

Anplis sewòm lan, timoun nan dwe kontinye manje nòmalman, I ap geri pi rapid ak dyare a, li pap pèdi pwa, epi ap gen mwens konplikasyon.



Nan Kaye Ajan an :

- **Kesyon 11** lan (eske timoun nan te gen dyare nan mwa sa), enskri **[O]** (wi) si sa te rive.
- Alòs nan **kesyon 12** la (eske timoun nan te gen **dyare**, li te pran **sewòm** epi manman an te **ensiste pou ba I manje** lè I te gen dyare a ?), enskri **[O]** (wi) sèlman si timoun nan te gen dyare, epi te pran sewòm epi man- man an te ensiste pou ba lmanje, menm si timoun nan pat manje. Li kapab se sewòm ki fèt lakay tankou sak soti nan sant sante a.



Vizit lakay

Pandan vizit lakay sa yo, li enpòtan :

- Pou pale sou kesyon bay manje ak bay tête a.
- Pou pale sou enpòtans pou evite dezidrataşon grasa « sewòm lakay la » lè timoun nan gen dyare.
- Pou pale sou siy danje yo, fe fanmiy lan sonje fich Relasyon Lanmou sou Siy Danje ki pale sou : « timoun ki gen soti de mwa pou rive senk lane » ou te remèt li déjà.

Reponn kesyon yo ki nan Kaye Ajan an.

Sijesyon travay pou etap sa nan fòmasyon an

- Vizite timoun ki enskri yo, remèt kiyè pou mezire a, epi aprann manman an prepare « sewòm lakay la ».
- Ranpli lis manje yo ki nan paj 187 la.

11^e etap fòmasyon an

Pou evalye ak selebre

- Kòman vizit nan fanmiy yo ki gen tibebe soti 6 pou rive 8 mwa yo te pase?
- Ki fasilite ou te jwenn?
- Ki difikilte ou te jwenn?
- Eske gen esplikasyon Gid Ajan an manman yo pat pale de yo? Kiyès ladan yo?
- Kisa ou ta renmen aprann oswa diskite sou sitiyasyon tibebe soti 6 pou rive 8 mwa yo nan kominote w la ?

Dapre sa w te wè ak sa w santi, kisa w ta renmen pataje ?

Eske ou sonje yon teks labib, yon lapriyè oswa yon mesaj ki kapab klere moman sa ?

Ann gade

Ti bebe soti nèf rive onz mwa

1. Eske manman yo kontinye bay tête, menm aprè yo kòmanse bay tibebe yo lòt manje ?
2. Kòman fanmiy yo fè fas ak bezwen tibebe a genyen, pou l bouje pandan faz sa ?

Tibebe a soti nèf pou rive onz mwa a


Bay ti bebe tete ak bay manje

Nan laj sa, anplis lèt manman an, tibebe a bezwen twa repa chak jou. Si li pa tete ankò, fòk ou bali senk repa chak jou. Manje l ap manje yo dwe rich ak fè, vitmin A epi kalsyòm. Kò tibebe a pwofite pi byen de vitamin A a lè nou mete yon ti lwil vejetal oswa yon ti lwil doliv nan manje l.

Tibebe a manje jòn ze yo deja, men sèlman apre yon lane li konseye pou kòmanse ba l blan ze a, paske li ka lakòz alèji lakay kèk timoun.

Pwason se yon manje ki nitritif anpil. Pwason fre rete toujou pi bon chwa a. Li dwe gen vyann ki byen fèm, elastik, kal yo byen kole sou li, po a dwe klere, je yo klere epi pou l pa gen sant amonyak.

Tibebe a renmen eseye manje pou kont li. Li bon pou kite yon ti manje nan yon ti asyèt, epi pou ou kite li eseye pou kont li ak kiyè a. Nan menm tan sa tou, yon gran moun ba l pi fò manje a, nan yon lòt asyèt. Li bon pou tibebe a gen asyèt pal, pou l manje menm lè ak tout moun nan lè repa a. Konsa, n ap konnen ki kantite manje li manje. Anplis, n ap tou aprann li ke lè manje yo se yonn nan gwo aktivite fanmiy lan ansam enpi li menm tibebe a se yonn nan manb fanmi an.


Archive de la Pastoral del Niño y de la Niña - Bolivia

Kòman tibebe a kapab aprann devlope tèt li

Tibebe a toujou depann de manman oswa de moun k ap okipe l la. Li renmen rete toujou bò kote paran l yo. Kòm li paka toujou bò kote yo, li renmen jwe ak bagay ki pou yo : peny, bwòs, kastwòl, mato, radyo.

Lè li jwe ak kès, po,
kastwòl, bwòs, basin ou kivet,
kiyè oswa jwèt, tibebe a
dekouvri de (2) bagay enpòtan :

- Kisa yo ka fè ak bagay sa yo : godè a pou bwe, kastwòl la pou fè manje, peny lan pou penyen, boul la pou jwe.
- Kòman bagay sa yo ye: di, mou, gwo oswa piti, graj oswa swa, lejè oswa lou.

Tibebe a aprann tou lè
paran l yo ak manb nan fanmiy
lan di l kòman objè yo ye ak
kisa yo fè ak yo oubyen kisa yo
itil.





Eske tibebe a itilize jès pou l kominike : frape men, montre yon bagay ak dwèt li, di orevwa ?

Lè fanmiy lan pote atansyon epi chache konprann sa tibebe a vle kominike, li aprann itilize jès pou l di ak mande sa li vle a. Lè li itilize dwèt li pou l montre yon bagay li vle, fòk paran yo di li kijan bagay li montre a rele, pou li kapab aprann non bagay li wè.

Tibebe a konprann chak jou pi byen sa moun di l. Menm si paran yo eseye detounen tibebe a pou l pa fè sa l pa dwe fè, l ap eseye fè l ankò. Lè paran yo di « non », tibebe a sispann fè sa li tap fè a, menm si li rekòmanse menm bagay la menm moman an. Lè w aji konsa, tibebe a montre li kòmanse konnen kisa l pa dwe fè epi konnen li gen yon limit.

Paran yo dwe deside sou kòman yo pral reyaji lè tibebe a kòmanse dezobeyi. Yo dwe aji ak fèmte san vyolans men nan fè l konnen gen bagay li pa gen dwa fè.



**Eske mamb nan fanmiy lan di non bagay yo epi
pale sou aktivite y ap fè avek tibebe a ?**

Tibebe a eseye imite sa li tandé k ap pale nan fanmiy lan epi li gentan ka repete kèk mo nan jan pal. Li di « bay » lè li vle yon bagay; li rele papa ak manman - « mama - papa ». Men li kapab kòmanse pale pita. Sa ki enpòtan se pou moun yo pale ak li sou bagay chak jou yo, pou I ka kòmanse itilize lapawòl kòm premye mwayen pou I di sa I santi.

Lè yon moun poze tibebe a kesyon sou yon moun ki soti, pa ekzamp: « kote papa w ? », epi li gade, I ap chache, sa montre li pa bezwen wè papa I, pou I konnen li ekziste. Sa montre li deja kenbe kèk bagay nan tèt li.



Eske mamb nan fanmiy lan prepare yon espas pou tibebe a kapab aprann deplase pou kont li ?

Nan etap sa, tibebe a pa rete trankil menm pandan yon sekond, paske l ap aprann leve ak deplase pou kont li, sitou l ap eseye kanpe. Se pou tèt sa, li bezwen yon espas ki asire pou pèmèt li eseye deplase divès fason. Si gen yon moun, yon chèz oswa yon tab pa ekzamp kote l ka grenpe, li pral eseye kanpe. Men li kapab tonbe plizyè fwa, paske li pokon gen ekilib. Nan anpil ka sa yo li pap blese lè l tonbe.

Pou tibebe a kapab deplase an sekirite, li tap bon pou paran yo òganize yon espas nan kay la. Li pi bon pou òganize yon espas nan kay la pou tibebe a olye w entèdi l deplase. Retire sou wout li bagay li pa gen dwa pran, bloke pòt kuizin nan ak lòt kote ki danjere ak yon planch oswa yon chèz pou l pa ka rantre ladan yo.



J. R. Ripper

Le bébé marche-t-il avec un appui ?

Nan etap sa, tibebe a pa rete trankil memm pandan yon sekond, paske li ap aprann leve ak deplase pou kont li, sitou l ap eseye kanpe. Se pou tèt sa, li bezwen yon espas ki asire pou pèmèt li eseye deplase divès fason. Si gen yon moun, yon chèz oswa yon tab pa ekzamp kote l ka grenpe, li pral eseye kanpe. Men li kapab tonbe plizyè fwa, paske li poko gen ekilib. Nan anpil ka sa yo li pap blese lè l tonbe.

Pou tibebe a kapab deplase an sekirite, li tap bon pou paran yo òganize yon espas nan kay la. Li pi bon pou òganize yon espas nan kay la pou tibebe a olye w entèdi l deplase. Retire sou wout li bagay li pa gen dwa pran, bloke pòt kuizin nan ak lòt kote ki danjere ak yon planch oswa yon chèz pou l pa ka rantre ladan yo.


Prann yon beny solèy, deyò kay la, respire yon bon lè, se bagay ki ede tibebe a manje ak dòmi byen. Li aprann byen, paske li wè lòt timoun, ak lòt bagay ki diferan. Lè li soti ak paran l yo, sou beka n, nan bis oswa nan machin, tibebe a dwe byen an sekirite pou evite aksidan.

« *Delivrans ou se sentiwon pwoteksyon mwen enpi men dwat ou soutni mwen. Bonte ou fe vin fo.* »
Sòm 18, 36

Aksidan lakay

Tibebe a ap eseye deplase nan tout kay la. kwizin nan se kote ki plis atire atansyon l. Se la manman l, oswa moun k ap pran swen l lan, pase plis tan epi li jwenn bagay ki enteresan pou l jwe. Se pou tèt sa kuizin se yon kote aksidan rive timoun pi souvan.

Fanmiy yo dwe fè atansyon pou manch kastwòl yo toujou rete vire pa anndan sou fou a. Fòk ou fè anpil atansyon pou timoun nan pa manyen fou a lè li cho.




Si tibebe a brile, paran yo dwe mete yon konprès dlo frèt oswa glase kote li brile a pou diminye doulè a. Fòk ou pa mete anyen sou brile a san yon preskripsyon medikal, epi fòk ou pa pèse anyen non plis pou evive enfeksyon.

Fòk ou retire bò kote tibebe a tout bagay li kapab prann epi ki ka blese l tankou vè, sizo, kouto.

Bagay li kapab mete nan bouch li danjere tou, paske li kapab bay tèt li pwazon ak : medikaman yo, gaz kerozèn, dlo ki gen kloroks, asid... Se pou tèt sa nou pa dwe mete pwodui netwayaj nan boutey limonad, pa ekzanp ! Si tibebe a pran yon medikaman, oswa bwè yon pwodui netwyaj, yo dwe mennen l lopital tout swit

Analiz sitiyasyon timoun nan, daprè Endikatè Opotinite ak Konkèt yo

N ap wè kounya kòman entèprete repons ki bay yo sou kesyon 13 la, nan egzamine repons kesyon 14 ak 15 yo nan Kaye Ajan an, ki konplete anrejistreman Endikatè Opòtinite ak Konkèt yo. Li pa nesesè pou reponn kesyon yo nan moman vizit la. Chwazi yon moman pi frankil pou fè sa.



Pou reponn **kesyon 14** la, obsève repons kesyon 13 la :

- Ekri **[O]** (wi) si tout endikatè yo nan kesyon 13 la make N (ki vle di non) n. Nan ka sa, sitiyasyon an pa bon pou devlopman timoun nan, paske pa gen youn nan endikate yo kite rive reyalize.

13. Kí pwogre timoun nan fè pandan mwa sa ?

14. Eske repons kesyon 13 la montre yon move siy pou devlopman timoun nan (timoun nan pa pwofite pandan mwa a) ?

- Ekri **[N]** (non), si gen youn pou pi piti nan endikate yo nan kesyon 13 la ki te rive reyalize.

Chak fwa gen yon **[?]** (entèwogasyon) nan youn nan endikatè yo nan kesyon 13 la, repons nan kesyon 14 la se **[N]** (non).

| | | | |
|---|---|---|---|
| 1 | 2 | 3 | 4 |
| N | O | N | N |
| N | | | |
| N | | | |

| | | | |
|---|---|---|---|
| 1 | 2 | 3 | 4 |
| ? | N | N | N |
| N | | | |
| N | | | |

Ann reflechi sou sa repons **kesyon 13 ak 14 la vle di** ?

Lè nan mwa a pa gen okenn endikatè nan kesyon 13 la ki te rive atenn ou reyalize, nou di gen yon sitiyasyon defovorab ki ekziste pou devlopman timoun nan. Sa kapab vle di fanmiy lan ak kominote a pa rive kreye opòtinite pou devlopman timoun nan epi, konsa, li pa rive reyalize konkèt endikatè yo pale de yo a. Tankou tout sityasyon, sa kapab chanje tou, men fòk ou menm Ajan, ou analize tout swit sityasyon an. Fanmiy lan kapab ap viv yon peryòd difisil ki fè pa gen antant tet ansanm nan fanmiy lan. Pale ak fanmiy lan pou w ka ede yo jwenn solisyon.

Si pandan plizyè mwa endikatè yo kontinye pa atenn, sa montre fanmiy lan pa reyisi travèse sitiyasyon difisil l'ap viv la, menm lè li jwenn sipò ou menm, Ajan.

Nou konnen yon fanmiy pa kapab pou kont pa l selman rive satisfè tout bezwen yon timoun. Paran yo bezwen jwenn yon kote pou yo viv, sipò yon Sant Sante, edikasyon ak lòt fòm asistans sosyal nan ka kote moun yo pòv anpil. Yo gen bezwen tou sipò lòt moun ki nan fanmiy lan, vwazen, zanmi pou fòme yon rezo solid ak lanmou, pou kreye yon anviwònman ki bon pou devlopman timoun yo.

Li enpòtan pou ou menm Ajan, ak Kowòdonatè branch ou a (pawas) sa ki kapab fèt lè ou we, pandan plizye mwa, tout endikatè yo pat rive atenn.

Li enpòtan pou w panse sou sitiyasyon ki pa bon pou devlopman timoun, tankou pa ekzanp :

- Lè fanmiy lan pa jwenn sèvis sante ak sèvis edikasyon, epi kote yo rete a pa ofri anyen; paran yo pa rive jwenn yon travay, sa kapab bay lòt pwoblèm tankou vyolans, bwè alkòl.....difikilte sa yo si tèlman anpil manb fanmiy lan vin pa bay timoun nan yon tikal atansyon, yon tikal tandrès epi pa ankouraje timoun nan dapre bezwen I genyen pou I ka aprann enpi devlope tèt li.
- * Lè timoun nan malad epi maladi sa repeète, oswa li pa geri vit, I ap fèbli, I ap pedi pwa, anmenm tan lap pedi volonte pou I aprann, pou I jwe si moun nan fanmiy lan pa chache yon lòt mwayen pou motive timoun nan.
- * Lè timoun nan soufri yon fom vyolans : li abandone, li santi I meprize, li dekouraje ; le gen vyolans seksyèl, sa montre yon sitiyasyon chaje ak pwoblèm anndan fanmiy lan.

Kidonk, Ajan, atitid ou dwe genyen fasa endikatè sa yo, se toujou fè yon ankèt. Endikatè yo se yon chemen pou dekouvri, ak fanmiy lan epi lòt Ajan yo ak kowònaditè yo, sa ki ka pase: endikatè yo pa dwe sèvi regleman pou mete etikèt sou fanmiy yo pou w di yo neglijan, oswa yo pa enterese pou okipe timoun yo. Nou pa menm bezwen pale pou w ta mete yon etikèt "malad", "retade" oswa "andikape" sou timoun nan.

Lè tout endikatè yo atenn oubyen reyalize, Ajan an dwe fete sa ak fanmiy lan epi bay vale ak okazyon li bay timoun nan pou I devlope. Men Ajan an dwe kontinye obsève, menm si timoun nan kontinye nan menm tranch laj la, paske endikatè yo montre kondisyon lavi timoun nan pandan laj sa. Kondisyon sa kapab chanje : kapab pa gen okazyon sa yo ankò ki ka lakòz timoun nan pa kapab fè konkèt yo.

Konsa, repons **[O]** (wi) pou yon endikatè merite selebre. Repons **[N]** (non) pou yon endikate toujou mande mennen yon ankèt.



Pou reponn **kesyon 15** lan, obsève sèlman repons ki bay yo pou kesyon 13 la :

- Note **[O]** (wi) si tout pwen yo (tout endikate yo) te atenn.

| | | | | | | | | | |
|--|--|---|---|---|---|---|---|---|---|
| 13. Ki pwogre timoun nan fè pandan mwa sa ? | <table border="1"><tr><td>1</td><td>2</td><td>3</td><td>4</td></tr><tr><td>0</td><td>0</td><td>0</td><td>0</td></tr></table> | 1 | 2 | 3 | 4 | 0 | 0 | 0 | 0 |
| 1 | 2 | 3 | 4 | | | | | | |
| 0 | 0 | 0 | 0 | | | | | | |
| 14. Eske repons kesyon 13 la montre yon move siy pou devlopman timoun nan (timoun nan pa pwofite pandan mwa a) ? | N | | | | | | | | |
| 15. Eske timoun nan pwofite nan fason nou ta swete ? | 0 | | | | | | | | |

- Note **[N]** (non) si kek nan endikatè pa te atenn.

| | | | | | | | | | |
|--|--|---|---|---|---|---|---|---|---|
| 13. Ki pwogre timoun nan fè pandan mwa sa ? | <table border="1"><tr><td>1</td><td>2</td><td>3</td><td>4</td></tr><tr><td>0</td><td>N</td><td>0</td><td>0</td></tr></table> | 1 | 2 | 3 | 4 | 0 | N | 0 | 0 |
| 1 | 2 | 3 | 4 | | | | | | |
| 0 | N | 0 | 0 | | | | | | |
| 14. Eske repons kesyon 13 la montre yon move siy pou devlopman timoun nan (timoun nan pa pwofite pandan mwa a) ? | N | | | | | | | | |
| 15. Eske timoun nan pwofite nan fason nou ta swete ? | N | | | | | | | | |

Chak fwa yon **[?]** (entèwogasyon) parèt pou yonn nan endikatè nan kesyon 13 la, repons 15 la ap **[N]** (non).

Kesyon ki anba kesyon 15 lan («eske timoun nan te malad nan mwa sa, enskri non maladi a») sèvi ak sa pou tabli yon lis maladi timoun nan abitye genyen.

Nan **kesyon 16** la, note **[O]** si timoun nan te ale kay doktè, lopital oswa nan yon lòt sant sante pou yon konsiltasyon, pou yon vaksinasyon, yon vizit woutin oswa paske li te malad.

Lijyèn

Fè pwòpte sou kò a ak nan kay la se bagay ki enpòtan anpil pou sante tout fanmi an sitou tibebe a, paske li pèmèt li evite anpil maladi. Kòm li renmen manyen tout bagay, yo dwe toujou byen lave men tibebe a, anvan li manje.

Lè I ap benyen, tibebe a renmen pase savon an sou kò I. Lè paran yo site pou li pati yo ki nan kò a : tèt, men, pye, li aprann non sa yo byen vit.


Tibebe a kapab deja gen 8 dan ki bezwen lave nan laj sa pou evite kari. Kari a se yon maladi yon bakteri (mikwòb) lakòz ki soti nan yon moun al nan yon lòt. Tibebe a kapab pran mikwòb sa yo tou nan kiyè ak tas lòt moun itilize, oswa lè li mete nan bouch li yon tetin (sisèt) sal, mal lave.

Li nesesè pou gide fanmiy yo pou yo pa soufle sou manje yo, oswa pou yo pa kraze manje a nan bouch yo avan yo bay tibebe a li. Kari a kapab transmèt tou nan fason sa.



Teotónio Roque

Vèminoz



Vèminoz yo se enfeksyon nan trip anpil kalite vè ka lakòz. Fason ki pi fasil pou pran yon vèminòz se bwè dlo oswa manje manje ki kontamine.

Lè timoun nan gen vè, li kapab plenyen ak doulè nan vant, kolik, anvi vomi. Li kapab vomi, gen dyare, pedi pwa, fè anemi ak lafyèv. Lè vèminòz la pa trete, li kapab bay konplikasyon paske vè yo enpeche kò a jwenn eleman nitritif ki pou nouri li, lè sa li fè timoun nan gen plis chans pran enfeksyon ak pou l' vin anemi akòz manke fè nan san l.

Pou ka anpeche vèminòz lakay tibebe a, fòk ou fè siveye pwòpte moun yo ki nan kay la, pwòpte kay la ak pwòpte manje yo tou. Li enpòtan tou pou kominote a lite pou jwenn pi bon kondisyon asenisman ak yon sant sante ki reponn ak bezwen yo epi ki bon kalite.

Lè tibebe a prezante siy ki montre li fè vèminòz la, sa vle di li gen ve, li nesesè pou fanmiy la ale nan sant sante pou suiv yon tretman ki reponn ak ka timoun nan.

FABS yo – Fèy akonpayman yo



FABS la – Fèy akonpayman ak evalyasyon chak mwa aksyon nan sante ak nan edikasyon andedan kominote a – se zouti, kote yo anrejistre tout enfòmasyon sou tout fanm ansent ak tout timoun Ajan yo ap akonpanye nan yon kominote.

Yon fwa pa mwa, nan reyinyon refleksyon ak evalyasyon an, Ajan yo reyini ak kòdonatè kominote a, pou ranpli FABS yo ansanm. Kòdonatè nan kominote a dwe siyen fèy sa, epi kòdonatè branch lan (pawas) dwe revize l.

Yon fwa FABS la ranpli, li pi fasil pou WE enpi JIJE sitiyasyon timoun ak fanm ansent yo nan kominote a. Sa fe li posib pou planifye AKSYON korek pou eseye chanje sitiyasyon sa. Ak zouti sa, l ap posib tou pou EVALYE enpi fe fet pou chak pwogrè ki reyalize nan rezoud pwoble yo nan kominote a.

Kowòdinate chak kominote yo dwe voye FABS bay Kòdinasyon Pawas la/ Branch lan. Kowòdinasyon an ap antre enfòmasyon sa yo FABS la prezante a nan Sistèm Enfòmatik Pastoral Timoun Piti yo. Konsa li pi fasil pou konnen :

- Kijan sante fanm ansent yo ak timoun yo Pastoral ap akonpanye yo ye ;
- Kòman timoun yo ap grandi, ap aprann epi devlope ;
- Kòman aktivite ak aksyon ki merite ranfòse yo ap avanse ;
- Ki rezulta ki jwenn.

Lè yo jwenn erè nan fason yo rampli enfòmasyon yo nan yon FABS, Kowodinasyon Pawa la/Branch la retounen FABS la nan kominote a, pou yo ka analize l, korije l nan moman Reyinyon Refleksyon ak Ealyasyon epi retounen l nan Kòdinasyon nasyonal la (kòm **kopi korije**). Chak FABS Ajan yo fè gen anpil enpòtans pou Pastoral Timoun yo.

Nenpot moun kapab wè enfòmasyon FABS yo nan sistèm enfòmatik Pastoral Timoun Piti yo. Konsa, anpil moun, andedan tankou deyò Pastoral Timoun yo, ap kapab wè sou entènèt kalite travay Ajan yo reyalize nan chak kominote. Me kek adres entenet kote yon moun ka jwenn enfomasyon sou chak kominote yo:

Bresil: <http://www.pastoraldacriana.org.br/pastcri-dev/>

Colombie : <http://www.pastoraldacriana.org.br/colombia/>

Paraguay : <http://www.pastoraldacriana.org.br/paraguay/>



Archive de la Pastoral Materno Infantil - Colombie



Vizit lakay

Pandan vizit sa, li enpòtan pou w :

- Pale sou bay manje ak bay tete;
 - Pale sou devlopman tibebe a, sitou sou nesesite li genyen pou li fè mouvman ;
 - Fe sonje siy danje yo.

Reponn kesyon yo ki nan Kaye Ajan an.

Sijesyon travay pou etap fòmasyon sa

- Organize yon jounen pou Selebrasyon Lavi a nan kominate a.

12^e etap fòmasyon an

Pou evalye ak selebre

- Kòman Selebrasyon Lavi a te ye ?
- Eske ou gen kek dout sou aktivite sa ?
- Ki lòt konsèy ou ta kapab bay pou aktivite sa ?

Lè w sonje sa w te wè ak sa w te santi, kisa w ta renmen pataje ?

Eske gen yon mesaj, yon lapriyè oswa yon refleksyon ki selebre moman sa ?

« Gen divès kalite sèvis, men se yon sèl menm Bondye a ; se ki bay chak moun travay pa yo nan tout sèvis k ap fèt.

Lèspri Bondye a fè travay li yon jan espesyal nan lavi chak moun, men li fè I pou byen tout moun. »

1 Ko 12, 6-7

Ann gade

Tibebe soti yon (1) lane pou rive 23 mwa

1. Kisa timoun nan kominate w la renmen fè nan laj sa ?
2. Dapre ou, ki pi bon fason pou aji lè yon timoun fache ?

Timoun yon lane, Yon lane ak senk mwa

Kòman timoun nan kapab aprann ak devlope.



J. R. Ripper

Eske moun nan fanmiy lan pale ak timoun nan ?

Timoun nan vin enterese konnen chak jou pi plis tout sa ki nan lantouray li: bagay yo, plant yo, zannimo yo. Li renmen pou moun montre l'bagay yo epi pale l'de sa li wè ak sa li pran nan men l. Li enterese tou ak desen oswa foto nan liv ak jounal yo. Pou ede timoun nan aprann pale, li bon pou w site non bagay li wè yo, pou fè l'repete epi pale ak li sou aktivite chak jou yo.

Timoun nan deja kapab di kèk ti mo tankou : manman, papa, dlo, boul. Men li toujou kontinye itilize jès pou kominiye : li voye bo, li balanse tèt li pou di non. Pou aprann pale, timoun nan bezwen moun pale avè l. Li renmen tou lè fanmiy lan pale avè l pou mande l èd. Pa ekzanp : « pran soulye papa l, anba kabann nan ». Nan fason sa, l ap aprann konnen kote : anba, anlè, « pre », « lwen ».



J. R. Ripper


**Eske timoun nan konprann lè yon
moun mande I yon bagay ?**

Timoun nan kapab konprann kèk lòd tankou: « nou pral mache? », « pran soulye w ». Men, li pa toujou obeyi lòd li resevwa yo. Anpil fwa, li obeyi sèlman lè li wè sa yo mande la enteresan.

Timoun nan montre sa li vle ak sa li pa vle fè. Lè li pa vle fè yon bagay, pafwa, li konn ap plede di « non », li rete fem sou desizyon I. Fè yon timoun pè oswa frape I, se pa sa kap fè l' chanje konviksyon li enpi fè sa w mande a. Ajan, esplike paran yo sa ki pi bon an se kite kout tèt la pase, pa okipe timoun nan lè lap fè kout tèt epi kontinye ba l' limit li. Lè li wè li bloke, timoun nan ap bay vag epi I ap al kòmanse fè yon lòt bagay.

Lè I ap jwe ak kès, bwat oswa po, timoun nan ap aprann itilize men I pi byen. Lè li retire oswa mete yon bagay nan yon lòt, I ap tou aprann konnen gwosè bagay yo. Fanmiy lan kapab pwofite enterè sa pou li aprann timoun nan kòman pou I ranje jwèt li yo nan yon sak oswa nan yon bwat.

Timoun nan renmen antre ak soti kès, tirwa tou, lè li jwenn yon amwa ki louvri. Li aprann gwosè, fòm epi chak fwa, li kontwole mouvman I yo pi byen.



Archive de la Pastoral da Criança

Lè timoun nan ap aprann mache san sipò lòt moun se yon kokennchenn konkèt !

Menm si li tombe kèk fwa I ap kontinye eseye, paske I gen volonte pou I aprann epi fè anpil bagay. Ak sipò fanmiy lan I ap santi l' an sekirite epi mache chak fwa pi byen nan lantouray li. Kòm li kapab mache nan tout kay la epi li toujou renmen wè, li manyen tout sa I ka pran. Si timoun nan tonbe epi blese, li bon pou fè konprès glas oswa dlo frèt pou diminye doulè epi evite I anfle.

Atansyon ! Fanmiy lan dwe fè anpil atansyon ak sekirite timoun nan. Fòk pòt yo rete fèmen, fòk fènèt yo pwoteje, vesò ki gen dlo, pi ak twou yo dwe kouvri, medikaman ak pwodwi netwayaj yo dwe ranje nan yon kote li pap ka rive. Fòk ou fè atansyon tou pou timoun nan pa mete plant ki gen pwazon nan bouch li, paske yo kapab anpwazonen l.

Bay manje ak bay ti bebe tete


Ajan, esplike paran yo ak moun nan fanmiy lan timoun nan laj sa manje menm manje ak rès fanmiy lan, men pa anpil. Kòm li gentan gen dan li ka mastike. Li renmen eseye manje ak kiyè epi bwè nan gode ak men pa l. Konsa, lap aprann manje pou kont li.

Pou evite l' gate manje yo, li bon pou paran yo mete yon ti kal nan chak manje yo nan asyèt timoun nan. Chak fwa sak te nan asyèt la fini mete ankò jiskaske li kite nan asyèt la oswa li pa vle lòt manje ankò.

Anplis li manje lòt manje, li bon pou timoun nan kontinye pran tete a lè l pap manje. Lèt manman an kontinye yon sous sante pou timoun nan!

Ajan, si timoun nan pran anpil pwa, fòk ou pale ak paran yo sou fason fanmiy lan abitye manje. Timoun yo ki pran tete gen mwens chans pou yo vin obèz lè yo vin granmoun.

Obezite a kapab lakòz pwoblèm respirasyon, tansyon wo ak sik.




Archive de la Pastoral da Criança

« *Manje twop se move pou lasante, manje san kontwol ap fe w malad, l'ap ba w vant fe mal. Konsa anpil mouri nan fè saf, moun ki kontwole tet li viv pi lontan.* »

Qo 37, 33-34

Lijyèn



Teófilo Roque

Kounya timoun nan gentan gen plizyè gress dan, fòk ou byen lave yo. Pou fè sa, ou dwe itilize yon bwòs dan, ki gen pwal soup, san pat. Montre paran yo pou yo :

- Bwose pati deyò dan yo ak yon mouvman anwon;
- Bwose pati andedan yo ki tou pre lang la ;
- Bwose pati plat dan an ak yon mouvman ale vini ;
- Lave jansiv yo ak lang lan tou ak bwòs dan an.

Li enpòtan pou bwose dan timoun nan chak fwa li fin manje ; bwose dan yo lè li finn manje bagay ki dous ak avan li dòmi. Sa ap evite li gen mikwòb ki fòme kari yo.

Sante bouch la depann de yon bon alimantasyon ak pwòpte ki fèt nan dan yo.

Lè yon tach blan parèt sou dan an, se premye siy ki dwe atire atansyon nou. Tach sa vle di li gen yon kari, men li pokò gen twou nan ladan l. Fòk ou mennen timoun nan lakay yon dantis.

Timoun nan poko gen kontwòl pipi ak twalèt. Lè l fè siy oswa yon moun rann li kont ke timoun nan dwe fè pipi oswa kaka, nou ka mete l sou yon ti vaz pou wè si l ap fè yon bagay. Pa janm fòse timoun nan, paske li jèn anpil, piti piti, l ap vin kon-prann ke gen yon kote espesyal pou l fè bezwen l yo.



Fòk nou aprann timoun nan lave men l avan li manje, menm jan tout moun nan fanmiy lan dwe fè l.

Lè w itilize twalèt, sa ap anpeche vè yo kontamine moun epi lakòz maladi. Pou anpeche rat, ravèt ak mouch pote maladi ba nou, nou dwe mete fatra yo nan yon sachè plastik ki byen fèmen, epi pa jete yo nan lari oswa nan yon teren ki pa abite. Netwayaj andedan ak deyò kay la enpòtan pou sante tout kominate a.

Ajan, si yon timoun pa pran vaksen yo a lè oswa pa gen kanè vakzinasyon an, bay fanmiy lan konsèy pou l al nan yon sant sante. Konsa, moun ki nan sante yo ap rezoud sitiayasyon an.

Timoun nan soti yon lane e demi pou rive yon lane ak onz mwa

**Kòman timoun nan kapab
aprann devlope tèt li**



Archive de la Pastoral da Criança

Eske timoun nan kominike ak ti fraz kout ?

Timoun nan ap aprann kounya byen fasil anpil mo tounèf. Si yo te aprann li sa, li kapab montre epi repete plizyè pati nan kò l: tèt, lonbrit, men, pye.

Si fanmiy lan abitye pale ak timoun nan, li kapab kole de (2) oswa twa (3) mo pou li fè yon ti fraz : « papa boul » (papa, banm boul la), «manman soti lari» (manman, ann soti nan lari a ?). Li enpòtan pou manb nan fanmiy lan chache konprann sa timoun nan vle di, lè sa n ap ankouraje l pou li aprann pale pi byen.

Anvi timoun nan pou l konnen ak itilize tout sa ki bò kote la kontinye gandi. Anvi konnen an ede timoun nan aprann pi byen. Li pèmèt timoun nan wè sa moun yo ap fè : mete soulye manman l yo, mete sentiwon papa l.



J. R. Ripper

Lide timoun nan pi devlope kounya, ou ka wè sa nan aktivite l yo. Ekzanp, lè li vle pran yon bagay li paka pran, li pa tann yon moun pran l pou li, li itilize yon lòt bagay pou li pran sa l anvi pran an. Li pran yon mòso bwa pou l pouse yon boul ki anba kabann nan, pa ekzanp !

Timoun nan aprann di «non». Si granmoun yo kite bò kote l bagay ki danjere oswa anpil lòt bagay li gen dwa manyen, yo pral oblige di l tanzantan «pa manyen !», «pa pran sa !». Kòm timoun nan ap imite granmoun yo, l ap di «non» pou tout sa yo pral mande l. Pou pa bezwen di “non” pou tout bagay, paran yo oblige pa kite sou je timoun nan bagay yo pa vle li manyen. Konsa, l ap aprann konnen sa li gen dwa ak sa li pa gen dwa manyen, men li pap tande «non» tout jounen.

Li enpòtan pou pa kite bagay ki danjere bò kote timoun nan, epi montre ak kisa li kapab jwe. Limit yo enpòtan pou devlòpman timoun nan.



J. R. Ripper

Timoun nan vin pi alèz koulye a ak men I. Li gentan ka souvle yon kouvèti ak fè desen atè oswa sou papye.

Li renmen fè pil avek bagay yo epi fè I tonbe, monte ak demonte bagay yo. Fanmiy lan kapab jwenn pou li kèk mòso bwa ki gen gwosè ak fòm diferan epi byen poli. Kalite jwèt sa yo ap kreye anpil anvi lakay timoun nan, paske li kapab jwe ak mòso bwa yo plizyè fason.

Nan laj sa, timoun nan, enterese konnen kòman pati jenital li yo ye. Li fè sa menm jan I fè pou I konnen rès bagay yo: nan gade ak manyen. Lè I manyen pati jenital li yo I ap santil dous. Si paran yo pa diskite lè li manyen pati jenital li yo, plis I ap gen posibilité pou jwe ak lòt jwèt, plis li pap enterese ankò ak pati sa yo.



Eske timoun nan gen yon kote pou li mache, kouri ak jwe ?

Timoun nan mache pi byen jou apre jou, déjà li koumanse kouri yon ti kras epi li renmen monte tout kote. Nan eskalye, li rale pou li monte epi li chita pou li desann. Si yon moun ba l men li kapab monte yon eskalye kanpe. Timoun ki jwenn èd aprann pi byen.

Timoun nan renmen mache pandan l ap rale yon bagay ki mare nan yon kòd, oswa pandan l ap pouse yon jwèt. Li renmen jwe tou pandan l ap imite bét yo : mache tankou yon ti chen, galope sou yon mòso bwa, elatrye.


Nan faz sa, li remen jwe, pi plis toujou ak lòt timoun, men li kapab goumen pou yon jwèt. Li enpòtan anpil pou paran montre yo gen pasyans nan moman sa yo. Se pa frape timoun nan ki vle di w ap edike l, se sitiyasyon an w ap fè vin pi grav.

Jwe ak dlo, sab ak tè kapab kalme timoun nan. Li pran anpil tan pou l gade ak aprann sa li ka fè ak materyo sa yo. Men kote timoun nan ap jwe a dwe toujou pwòp.

*« Bondye ap pase zanj li yo lòd pou yo veye sou ou,
pou yo pwoteje ou kote ou pase. »*
Sòm 91, 11

Pou

Rodrigo J. V. Barbosa



Pou se yon parazit ki ponn ze l yo nan cheve. Ze sa yo blan, piti, epi yo pa dekole fasil. Li fè w grate anpil.

Si timoun nan gen pou, bay manman konsèy pou li pase yon peny ki gen ti dan nan cheve a, chak jou, chak lè li fin lave yo epi itilize yon medikaman dòkte preskri. Fòk ou pran swen sèvyèt twalèt yo tou, ak dra /zorye epi gade si moun k ap okipe timoun nan pa gen pou.

Pou anpeche pou pa gaye nan kay la, fòk ou :

- Fè lapwòpte epi benyen chak jou ;
- Kenbe cheve yo pwòp ;
- Chanje rad chak jou ;
- Pa itilize peny yon lòt moun ;
- Evite mete sou tèt timoun nan yon bonèt, yon kas oswa yon chapo yon lòt moun.



Atansyon ! Fòk ou pa janm :

- Itilize yon pwodui (spray) ki pou tiye ensèk pou tiye pou yo, paske li kapab lakòz yon entoksikasyon ki grav lakay timoun nan.
- Pa mete yon sachè plastik sou tèt timoun nan, paske li kapab toufe.

Gal

Gal la parèt sou fòm anpil ti boul wouj ki fòme yon tiyo anba po a. Yo parèt sou tout kò a, sitou nan fant dwèt yo, anba zezèl, nan senti, nan dèyè ak sou pati jenital yo. Yo lakòz moun ki genyen l lan grata anpil.



Dermatologia Pediátrica UFPR

Kontaminasyon an fèt nan kontak po ak po, oswa kontak ak bagay moun ki gen gal la tankou: rad, sèvyèt twalèt oswa dra. Li nesesè pou aplike yon medikaman ki bon pou li, pou ka fini ak gal la. Pandan tretman an, yo dwe chanje rad, sèvyèt ak dra yo, chak jou, epi lave e repase yo ak yon fè cho. Kite rad yo seche nan solèy, sa kapab ede tou.

Li bon pou lave zong timoun nan pou retire mikwòb ki rete nan zong li lè l ap grata, konsa w ap evite yon kontaminasyon. Si gen lòt moun nan fanmiy lan ki gen gal, fòk yo tout suiv menm trètman an, an menm tan.

Yon beny chak jou, lave tèt la ak itilize rad pwòp ede anpeche kontaminasyon ak pou, gal ak lòt maladi po yo.

Atansyon ! Si timoun nan ap benyen nan yon benwa oswa yon kivèt fon, fòk li toujou gen yon moun bò kote l' pou evite l' nwaye.

Bay manje ak bay ti bebe tete



Archive de la Pastoral del Niño y de la Niña – Bolivie

Timoun nan gentan kapab manje pou kont li. Lè l ap manje ak lòt moun nan fanmiy lan, li manje pi byen. Fòk li manje yon bagay nan mitan 2 repa, paske lestimak li piti, li paka kenbe anpil manje. Nan lè goute yo, li pi bon pou ba li fwi ki fèt nan zòn nan. Timoun ki manje fui ak plizyè kalite legim bonè, resevwa plis vitamin, fè, epi aprann gen yon bon abitid alimantè.

Li bon pou pa bay bay timoun nan sik, kafe, manje konsèv, manje fri, limonad, bonbon, chips ak lòt goumandiz sitou nan premye ane lavi li. Manje sa yo pa sen epi yo koupe apeti timoun yo.

Reyinyon Refleksyon ak Evalyasyon

Ajan, Reyinyon

Refleksyon ak Evalyasyon yo se yon aktivite enpòtan anpil nan travay ou. Nan moman sa, non sèlman w ap selebre pwogrè ki fèt yo, men tou, ou kapab pataje difikilte ou rankontre nan travay ou chak jou. Anpil nan difilkilte sa yo kapab rezoud gras ak aksyon ou pral mennen aprè nou fin diskite antre nou.



Archive de la Pastoral Materno Infantil – République Dominicaine

Lè reyinyon sa yo, ki dwe fèt nan 10 premye jou nan chak mwa, nou ap kapab etidye sitiyasyon fanmi n ap akonpanye yo, pale sou rezulta chak mwa epi yonankouraje lòt, grasa solisyon n ap pote pou pwoblèm yo.

Menm metòd etid ak refleksyon ki itilize nan gid sa ap ede òganize enpi mete anvi ak chale nan Reyinyon pou Refleksyon ak Evalyasyon yo pou fè diskisyon yo avanse. Konsa, reyinyon an ap kòmanse ak yon evalyasyon aksyon denye mwa a ak selebrasyon konkèt yo. Aprè sa, **Gade** atravè FABS yo reyalite fanmiy akonpanye yo ap viv; **Jije** ki vle di konsidere sa kip a bon e ensiste sou sa kip a bon nan reyalite sa yo epi sitou panse sou reyalite fanmiy sa yo pa rapò ak limyè nou jwenn nan bib la, nan Gid Ajan an ak lòt materyèl ki disponib, e alfen, planifye aksyon parapo reyalite yo epi **Aji** ansanm ak fanmi yo.

Nan paj ki apre yo n ap wè ak plis detay metòd sa ki rele: **WE, JIJE, AJI, EVALYE** ak **SELEBRE** a.

Òganizasyon Reyinyon Refleksyon ak Evalyason an

Nan kòmansman reyinyon an li enpòtan pou yonn akeyi lòt epi passe yon moman nan lapriyè pou bay lamitye ak linyon nan lafwa nou plis fos.

Ann gade

Aprè akèy la, nou dwe **WE** enpi **EVALYE** denye mwa a. Keson sa yo kapab ede reyalize aktivite sa :

- Pami aksyon kite pwopoze nan denye reyinyon an, kiles rive reyalize ?
- Ki konkèt ki rive fèt ?
- Ki pwoblèm ki te genyen ?
- Ki sitiyasyon timoun ak fanm ansent nan kominate w la ?

Pou ede reponn kesyon sa yo, li enpòtan pou ranpli FABS yo. Pou fasilite reyinyon an li enteresan pou chak Ajan vini ak katriyèm pati nan kaye I la ranpli.

Aprè FABS la fin ranpli, n'ap kapab pale sou fanmiy chak Ajan akonpanye yo, etan n'ap reponn kesyon sa yo :

- Dapre rezulta FABS yo, ki pwoblèm ki pi frekan nan kominate nou an ?
- Kiyès nan fanmiy n'ap akonpanye yo ki jwenn pi gwo difikilte yo ?

Nou kapab chwazi sitiyasyon yon timounn oswa yon fanm ansent yon ap akonpanye e ki mande plis atansyon. Ajan an ki akonpanye fanmiy sa kapab bay plis detay sou difikilte li jwenn. Li enpòtan pou lòt Ajan yo poze kesyon, pou konprann sitiyasyon an pi byen.

Jije

Nan moman **JIJE** a ki vle di konsidere sitou reyalite ki grav nan fanmi yo, li enpòtan pou li nan Gid Ajan an, enfòmasyon ki gen rapò ak fanm ansent lan, oswa timoun nan. Sa depann ka kite chwazi a: si pa ekzanp gwooup la diskite ka yon fanm ansent ki nan senkyèm mwa gwòsès, nou dwe li pati ki pale sou gwoses nan Gid Ajan an, chache verifye ki pwoblèm fanm ansent la ap fè fas ak yo epi idantifye sa ki lakòz yo.

Si gwooup la chwazi ka yon timoun yon lane, pa ekzanp, li dwe li pati nan Gid Ajan an ki koresponn ak tranch laj sa. Lè sa n ap verifye ki kalite swen ki dwe pote sante timoun nan enpi opotinite pou timoun nan devlope.

Nan moman etid sa, li enpòtan tou pou gen nan men w bib la ak dis kòmandman pou lapè nan fanmiy lan, paske yo kapab pote limyè ki nesesè pou ede pi plis toujou fanmiy nap pale sou li a.

Aji

Nan moman pou **Aji** a ki vle di mennen aksyon, gwooup la kapab planifie pwen sa yo :

- Ki sa nou dwe kontinye fè pou fanmiy lan ?
- Ki lòt aksyon ki dwe mennen pou fanmiy lan oswa lòt yo?
- Kiyès ki kapab ede nou?
- Jou Selebrasyon Lavi a
- Pwochen reyinyon an : kiyès k ap akeyi, jere tan lapriyè a, prepare lokal la, kowòdone reyinyon an, elatrye?
- Selebrasyon konkèt fanmiy yo atenn kapab yon moman kominotè pandan selebrasyon ekaristik la, pandan yon ofis oswa yon lòt kalite reyinyon nan kominote a. Anpil bagay kapab selebre : lè yon timoun fèt, yon papa ki jwenn yon travay, kalite dlo a ki vin pi bon, yon asenisman (travay sou anviwonman) ki rive reyalize nan yon katye, yon lekòl tounèf, elatrye.

Li enpòtan pou bay kapasite fanmiy yo genyen vale pou sitiyasyon difisil nan lavi a tounen viktwa ak konkèt.

Pou fini reyinyon an, Ajan yo dwe evalye sa yo aprann, verifye sa yo kapab ranje, reyalize pi byen nan lòt chita pale (reyinyon) k ap vini yo ; remèsy Bondye pou linyon, pou sa yo aprann, fòs ak renmen tout moun.

Nan Reyinyon Refleksyon yo ak Evalyasyon yo, Ajan yo ap jwenn wout pou rezoud kèk pwoblèm. Pou jwenn yon solisyon sou pwoblèm yo ki afekte plizyè fanmiy, li kapab nesesè pou reyini kowòdinasyon Branch lan (Pawas), ak lòt gwoup nan kominate a.

« Se pou nou younn veye sou lòt, se pou yonn ka ede lòt gen renmen nan kè nou, pou younn ka ankouraje lòt nan fè byen sa ki byen.

Pa pran egzanp sou moun ki pran abitid pa vin nan reyinyon nou yo. Okontré, se pou yonn ankouraje lòt fè sa, kouneya pi plis pase anvan, paske nou wè jou Granmet a ap pwoche. »

He 10, 24-25



Vizit lakay

Pandan vizit sa yo li enpòtan :

- Pou pale sou devlòpman timoun nan ;
- Pou pale sou manje ak bwè lèt manman ;
- Fe sonje siy danje yo.

Reponn késyon yo nan Kaye Ajan an.

Konsèy sou travay pou etap sa nan fòmasyon an

Prepare yon reyinyon Refleksyon ak Evalyasyon.

13^e etap fòmasyon an

Pou evalye ak selebre

Pou evalye enpi selebre timoun gen yon lane a, yon lane ak onz mwa :

- Kòman vizit fanm assent ak timoun w ap akonpanye yo te pase ?
- Kòman reyinyon refleksyon ak evalyasyon yo te pase ?
- Eske gen kèk dout ki kapab disparèt kounya ?

Dapre sa w te wè ak sa w te santi, kisa ou ta renmen pataje ?

Eske gen yon priyè oswa yon chante pou timoun ki selebre moman sa ?

Ann gade

Timoun soti de lane pou rive twa zan ak onz mwa

1. Eske Timoun yo gen yon espas pwòp ki asire, pou yo jwe ansanm nan kominate w la ?
2. Poukisa li enpòtan pou timoun yo jwe ansanm ?
3. Eske Fanmiy yo chache apiye enpi troke lide sou kesyon ledikasyon timoun yo ?

Timoun soti de lane pou rive de lane ak onz mwa a

Kòman timoun nan kapab aprann pi devlope tèt li

Archive de la Pastoral da Criança



**Eske namb fanmiy lan rive fè timoun
nan jwe epi yo jwe avè li ?**

Nan laj sa, timoun nan toujou renmen rete bò kote paran l' yo. Si l' rete lwen yo, li santi absans yo anpil. Lè yo fè ti teyat, sa pèmèt timoun nan chache bagay paran yo itilize. Timoun nan kòmanse vle fè tout bagay, pou kont li menm sa l' paka fè. Fè ti teyat la enpòtan, paske li pèmèt timoun nan fè nan jwèt sa li paka fè nan reyalite a. Se konsa l' ap kòmanse konnen pwòp limit li epi aksepte absans paran l' yo.

Pou jwe ti teyat la, timoun nan posede pwòp objè pal, oswa jwèt ki sanble ak objè sa yo. Paran yo ak moun nan fanmiy lan kapab fabrike jwèt sa yo, tankou poupe, kastwòl, mèb, machin, tanbou. Fòk ou jwe ak timoun nan, paske li renmen jwe toujou ak gramoun.




Nan laj sa, timoun nan dekouvre chak bagay yo gen yon non ; l'ap mande non chak bagay. Konnen non chak bagay ape de timoun nan panse ak sa li we déjà men li pa gen anba je l. Ekzamp : Timoun nan ka di « boul », li gen yon lide sou sa boul la ye san li pa bezwen genyen l anba je l.

Si fanmiy lan gen abitid pale ak timoun nan epi tande l, l ap aprann pale pi byen, epi itilize fraz ak plis mo tankou : « gade bèl chen papa a ».

Li kapab aprann kèk ti priyè epi priye ak paran l yo anvan li manje, anvan li dòmi, lè li leve. Li kapab aprann tou non li, non papa l ak manman l non frè ak se l yo.

Timoun nan gentan kapab plis sou sa l ap fè pi lontan. Paran, gran paran ak tonton l yo kapab esplike istwa labib oswa lòt kalite istwa ; se pou n rakonte l tou, istwa moun nan fanmiy lan. Aktivite sa yo ap ede timoun nan devlope langaj li ak panse l. Li aprann anpil bagay ak desen, sou foto ak lè li wè mo ki ekri.




J. R. Ripper

Timoun nan gentan enterese ak yon kalite langaj : desen. Li dekouvri kèk materyèl, tankou kreyon, lakrè, mòso wòch oswa yon brik ki fè liy sou papye oswa atè. Li kòmanse fè desen.

Li gentan kapab pran epi jwe ak bagay ki piti, epi tou, rete konsantre pi lontan sou yon aktivite. Paran yo kapab ba li po ak bwat pou li jwe, epi pwofite pou li aprann li koulè, wotè, fòm ak konte tou.

Timoun nan pa renmen yo fawouche li lè l ap kriye, lè li pè oswa si li pa rive fè yon bagay. Li bezwen santi yo konprann li.

Pale ak timoun nan pou mande l poukisa li tris oswa kontan ede li konnen santiman pa l yo epi konpran tou, sa lòt yo santi. Li renmen pou yo toujou bo l, rete sou jenou paran l yo, sitou lè gen yon ti frè oswa yon ti sè ki fèk fèt.



Timoun nan renmen plis jwe ak lòt timoun, men li goumen pafwa pou jwèt li, paske li panse tout bagay se pou li. Li di «se pam nan» pou tout bagay epi li fache lè li pa rive jwenn sa li vle a. Pale avè l, epi eseye fè l chanje fason aji sa, se pi bon fason pou ede l aksepte limit li.

Timoun yo bezwen espas paske yo toujou ap bouje. Li monte ak desan bagay ki nan wotè l yo; li vole ak de pye l fèmen. Li renmen flannen ak fanmiy li, jwe nan jaden oswa sou plas piblik ak lòt timoun.

Atansyon ! Fòk ou fè atansyon pou timoun yo pa rete nan lari pou kont yo. Lè paran yo soti ak yo, li dwe kenbe yo nan men, pou evite aksidan.



**Eske manb nan fanmiy lan aprann timoun
nan sa li pa dwe fè san l pa ba l kou ?**

Timoun nan deja aprann fè anpil bagay. kounya li vle montre li gen pwòp volonte l. Se pou tèt sa li di « non » ak tout bagay. Repons prefere li yo se « mwen pa vle », « non, mwen pa prale », li kriye anpil, poze anpil kesyon, vle manyen tout bagay epi ale tout kote. Ak tout bagay sa yo, paran yo kapab pedi pasyans.

Men timoun nan bezwen konnen limit li epi aprann gen kèk bagay li pa gen dwa manyen, paske li kapab blese. Li kapab krase yo tou, aloske bagay la se pou yon lòt moun. Granmoun nan dwe esplike timoun nan sa li pa gen dwa fè, san fè vyolans avek li, san li pa bay li kou.

Timoun yo abitye bat pou fe li aprann ap aprann bat tou. Bay timoun nan kou se yon fòm vyolans ki montre granmoun yo pèdi kontwòl timoun yo.



Gen lòt fòm vyolans: pa pran swen timoun nan, pa ba l atansyon lè l ap kriye, pa pale avèl, fè l pè, menase l. Timoun yo maltrete, sa yo fe abi seksyèl sou yo oswa sa yo agrese pedi konfyans nan granmoun yo, yo vin timid, yo pa pale epi yo vin agresif. Lè yon timoun grandi ak vyolans, li aprann viv ak vyolans.

Anpil fwa, timoun yo sibi agresyon nan pwòp fanmiy yo. Souvan, vyolans lan vini lè fanmiy lan ap travèse yon sitiyasyon difisil; pafwa tou, paske timoun nan vin rete san kontwòl, li pa gen okazyon pou li jwe, oswa, paske li pa jwenn atansyon li bezwen.

Nan chak fanmiy, nan chak kominate, anvan tout bagay, moun yo gen devwa pou chache ansanm, nan dyalog, solisyon pou pwoteje timoun yo kont tout kalite vyolans. Men nan ka ki grav anpil yo, tankou abi ak move trètman, yo dwe fè lòt moun ki gen dwa sou timoun nan oswa yon lòt sevis piblik ki la pou pwoteje timoun yo, konnen sa k ap pase.

« Edike pitit ou nan diyalog, nan karès pandan ou ap ba l tout sipo nesesè epi fè atansyon: Moun ki bat moun lè ou ap ansegne l ou aprann moun sa a pou l bat moun. »
4^e komandemanpou pou mete lapè nan fanmiy lan.

Okipe zafè manje timoun nan

Nan lè manje a timoun nan vle montre li gen pwòp volonte pa l nan chwazi sa li vle manje. Men paran yo dwe ankouraje timoun nan pou li manje tout kalite manje, epi bay ekzanp lan, yo menm. Moman manje a dwe moman fet. Konsa, li dwe yon moman san bri epi san goumen.

Timoun nan bezwen yon alimantasyon ki genyen tout kalite manje yo :

- Grenn yo tankou diri, lantiy yo ak pwa ;
- Pat yo tankou pen ak makaroni ;
- Tout kalite legim ;
- Fwi yo ;
- Ze ak vyann ;
- Lèt ak pwodui ki fèt ak lèt yo (bè, yogout) nan manje maten ak nan moman goute yo.

Kalsyòm nan anpeche kò a absòbe fè, li pi bon pou pa bay lèt ak lòt bagay ki fèt ak lèt nan dejene ak dine. Konsa, timoun nan ap kapab pwofite pi byen fè ki nan vyann, nan fwa yo ak lòt manje yo tankou pwa.

Fanmiy yo gen plis chans pou gen yon alimantasyon sen si yo konn kòman pou yo pwofite manje yo pi byen san yo pa gate anyen. Manje tou pare yo pa toujou gen menm valè nitritif ak manje ki fèt lakay la.

Lijyèn



Nan laj sa, pifò timoun yo gentan gen tout dan lèt yo. Kounya, timoun nan kapab bwose dan l, men toujou ak èd yon granmoun. Timoun nan kapab itilize pat, men yon ti kal, paske jis twa zan li pokò ka krache tout pat la. Dlo pat la kapab bay pwoblèm nan dan lè timoun nan vale l.

Atansyon ! Sere pat la byen lwen paske gen timoun ki manje tout tib la yon sèl fwa.

Pandan jounen an, timoun nan kontwole pipi ak kaka, men li kapab toujou fè pipi nan kabann. Pou tèt sa, li toujou bon pou mennen l fè pipi avan li dòmi.

Anviwonman

Timoun nan apran okipe anviwonman an nan pran ekzanz sou moun l ap viv ak yo. Lè nan kominote a gen dlo trete, gen twou rego oswa fòs pèdi, gen kote pou depoze poubèl, li pi fasil pou kenben yon anviwonman pwòp.

Gouvènman an tou dwe enterese bay moun yo yon kote pwòp pou yo ka mache, flannen ak distrè yo. Se devwa fanmiy yo pou ede kenbe kote sa yo pwòp.

Lè w pran swen plant ak pye bwa yo, sa ede kenbe lè n ap respire a fre epi pwoteje sous dlo yo. Evite gaspiye dlo ak evite dife, bagay sa yo ede pran swen anviwonman an ki depann tou de moun ki ap viv ladan menm jan ak pouvwa piblik yo.

Chak moun kapab kontribye pou kenbe anviwonman an korèk. Ti atansyon chak mou nap fe chak jou yo kapab fè mond lan vin pi bon pou tout moun.

« *Ann bay Bondye louanj pou sè nou,
lanmè ak tè a kap fe nou viv
ak kantite fui nou jwenn enpi ak tout kalite bel fle
chaje ak tout kalite koule, pou tout bèl mèvey lanati a.* »
Franswa Dasiz



Panama – Gisela Argelis Montenegro



Pastoral de la Primera Infancia – Guatemala

Timoun soti twa lane pou rive twa lane ak onz mwa

Kòman timoun nan kapab aprann devlope tèt li



Eske timoun nan pratike jwèt teyat, imite sa I we ak tande ?

Timoun nan jwe teyat chak jou pi plis, nan imajine plizyè sitiyasyon diferan. Kalite jwèt sa yo enpòtan paske se yon nesesite ki reponn ak sa timoun nan vle pi plis : sa li vle se pou paran I yo toujou rete bò kote l.

Lè I ap fè jwèt wòl, timoun nan imite ak pale sou sa li wè. Lè I ap imite gramoun yo, li chache pale tankou yo ak fè sa yo konn fè. Konsa, li kòmanse gen atitud ak konpòtman ki pi avanse pase laj li, se konsa I ap devlope.

Jwèt wòl la ede timoun nan devlope imajinasyon I epi konprann akaprann valè yo, koutim fanmiy li yo ak lòt moun kote I ap viv la.




Timoun nan renmen chante nan wonn ak aprann chante yo aprann li, oswa sa li tande nan radyo oswa nan legliz. Li montre anpil entere pou jwe ak enstriman mizik yo : ti tanbou, flit tanbou, ochèt ki vle di malaka oubyen tchatcha. Avèk mizik la, timoun nan tande lòt kalite son epi aprann sa sa vle di rit ak melodi.

Li anvi desine ak krayon, chabon dife, lakrè koulè, sou papye oswa atè. Konsa, li kapab aprann kenbe yon kreyon epi desen I yo kòmanse gen fòm tankou yon won oswa yon kare.

Li renmen wè tou liv ki gen desen epi tande istwa moun ap rakonte pandan y ap fè lekti pou li.

Oganize yon espas, jwèt ak materyèl jou selebrasyon lavi a. Bay timoun nan okazyon pou li jwe epi patisipe nan aktivite yo ak lòt timoun yo.

Archive de la Pastoral del Niño y de la Niña - Bolívar



Eske timoun nan gen chans jwe avek lot timoun ?

Nan jwe ak lòt timoun, timoun nan gentan diskite pou chanje oswa prete jwèt li yo olye li goumen pou yo. Jwèt sa yo itil paske timoun ki pi piti yo imite sa pi gran yo fè, pi gran yo menm ap aprann pi piti yo sa yo konnen. Lè yo jwe ansanm, timoun yo devlope chak jou pi plis.

Timoun nan aprann tou chak jou pi plis ak pawòl. Lè fanmiy lan pale ak li epi reponn kesyon l yo, li ede timoun nan pale pi byen epi konprann bagay k ap pase chak jou yo. Nan laj sa, li mande « poukisa » nan tout bagay. « Poukisa li aswè ? », « poukisa klòch legliz la sonnen ».

Li kapab remake epi poze kesyon sou diferans ant yon tigazon ak yon tifi : « poukisa tigazon yo pipi kanpe ? », « pouki sa tifi yo pa gen ti koulout ? », chak fanmiy dwe reponn dapre koutim yo ak valè yo, san bay manti oswa san l pa fè timoun nan pè.



Lè I ap jwe ak patisipe nan aktivite chak jou nan fanmiy lan, timoun nan obsèv ak poze kesyon. Li aprann ke objè kapab egal oswa diferan. Lè, pa ekzanp, paran yo ap separe rad ki pou lave, ap koud, ap ranje fwi ak legim yo, li bon pou w aksepte timoun yo ede. Konsa, I ap aprann gwosè, fòm, kantite ak koulè yo.

Lè w mennen timoun nan legliz, sa fè pati edikasyon kretyèn li, epi montre ke fanmiy lan fè pati yon gwoup ki ini nan lafwa, ki zanmi epi k ap ede youn lòt.

Fanmi an bezwen amize I, mennen timoun yo flannen ak jwe, vizite paran ak zanmi yo. Li bon pou timoun yo gen yon oka- zyon pou tande moun k ap rakonte istwa, asiste pyès teyat ki fèt ak maryonèt yo, epi patisipe nan fèt kominote yo a. Konsa y ap konnen epi y ap kapab bay valè ak sa moun nan zòn y ap viv la konn fè.

« Pran tan pou w jwe, pran plezi ak fanmiy ou paske timoun nan aprann pandan I ap jwe, rekreyasyon an fè moun yo vin pi pre yonn lòt. »
3^e Komandman pou Lape nan Fanmiy nan

Alimantasyon



Apeti timoun nan preske toujou diminye nan laj sa. Pou l ka manje byen lè repa yo, fòk ou evite bal bagay ki dous, biskui, chips ak limonad anvan li manje. Yon asyèt ki gen plizyè kalite manje ladan l, anplis nitritif ak bon gou, gen plis koulè, bèl, sa bay timoun nan anvi manje.

Timoun renmen akonpanye paran yo lè yo para l achte, lè y ap keyi legim yo ak lè y ap prepare manje. Y ap pwofite pou renmen manje ki sen.

Yon timoun ki byen manje, aprann pi byen. Nou ka di fanmiy lan bay timoun nan yon bon alimantasyon lè :

- Lè l ba li plizyè kalite manje ki fre epi pwòp ;
- Li ankouraje ak ede timoun nan manje ;
- Li bay ekzanz nan manje plizyè kalite manje.

Entoksikasyon ki rele anpwazònman tou ak nwayad

Timoun yo renmen wè anpil, men aksidan timoun piti, sitou aksidan lakay se bagay ki merite yon atansyon a pa bò kote paran yo oswa moun k ap okipe timoun yo. Ajan, li bon pou pale ak fanmiy lan, sou risk timoun yo ka pran san yo pa konnen, konsa yap rete veyatif pou evite aksidan entoksikasyon ak nwaye.

Di paran yo: yon timoun paka okipe yon lòt timoun, paske gen plis posibilité pou aksidan rive nan sitiyasyon sa.

Men kèk konsèy senp ou kapab bay pou evite yon entoksikasyon ak yon anpwazònman epi swiv yo chak jou. Bay fanmiy konsèy pou yo ka :

- Toujou kenbe pwodui metwayaj ak medikaman yo lwen timoun yo ;
- Pa janm retire pwodui netwayaj yo nan boutèy yo vini an pou mete nan yon lòt, tankou boutèy plastik. Timoun nan kapab konfond yo ;
- Pa janm di yon medikaman se yon bonbon oswa yon sirèt ;
- Fè atansyon ak plant ki kapab gen pwazon.

Ajan, si gen yon entoksikasyon, fòk paran oswa moun kap okipe timoun nan mennen I lopital touswit ak tout boutèy pwodwi ki lakòz entoksikasyon an. Konsa, trètman an ap pi rapid epi pi efikas. Nou pa dwe pwovoke yon vomisman, paske li posib pou timoun nan enspire I pwodui a, ki vle di li rantre nan alen li e sa kapab lakòz nemoni.



Pou evite timoun nan nwaye, yo dwe avèti paran yo pou yo pa janm kite timoun yo san siveyans.

Nan kay la, denpi yo fin sevi ak yon dlo, fòk vide tout dlo ki nan tout ak vèso yo. Kivèt yo lave rad yo se yon sous danje tou, tankou rivyè ak bò lanmè. Se pou tèt sa fòk, paran yo, ak moun ki ap veye timoun yo, devlope vijilans yo.

Ajan, fòk ou pale ak fanmiy lan tou sou risk ki genyen pou timoun si li vale ti objè oswa ti moso manje ki kapab lakòz yon nemoni grav. Li bon pou ou fè atansyon ak chiklèt, pòp kòn, bonbon, gress, sisèt ak lajan monnen yo.

Lapè a kòmanse nan kay la



Jèzi te mete I bò kote pi piti yo, sa yo te voye jete yo, epi li te toujou ap defann yo. Li te kont moun ki t ap pwovoke eskandal kont timoun yo. Li te akeyi yo epi li te beni timoun yo, manyen yo, bo yo epi li te mande : « Kite timoun yo vin jwenn mwen ; non pa anpeche yo vini, paske wayòm Bondye a, se pou tout moun ki tankou timoun sa yo » (Mak 10, 13-16)

Jèzi te mande tou pou disip yo viv ak lespri yon timoun pou yo ka antre nan wayòm syèl la. Li te wè timoun yo tankou yon ekzanz pou granmoun yo: « nenpòt moun ki resevwa yon timoun konsa pou tèt mwen, se mwen li resevwa. Nenpòt moun ki resevwa m, se pa mwen li resevwa, men se moun ki voye m nan li resevwa. » (Mak 9, 37). Li te rekonèt timoun yo konprann wayòm lan plis toujou pase doktè yo, paske yo ouvè bra pou akeyi lòt moun epi aprann plis toujou.

Lè yo trete yon timoun ak lanmou epi respè, li wè bon ekzanp lakay li ak nan kominote a, l ap devlope atitud ak valè ki enpòtan, pou yon vrè relasyon ak lòt yo : tankou solidarite, jantiyès, respè ak responsabilite.

Pou ede fanmiy yo leve timoun yo nan lapè, anplis Gid Ajan an, Ajan Pastoral Timoun yo konte sou yon materyèl ki rele «10 kòmandman pou lapè fanmiy lan». Materyèl sa ekri sou dènye po Gid sa, epi li pote anpil refleksyon enpòtan sou jan paran yo ak fanmiy yo kapab aji pou kreye yon anviwonman lapè ak lanmou nan mitan yo. Ajan, ou dwe fè lekti fich sa epi remèt li bay chak fanmi ou akonpanye.



UNICEF/Guatemala 2007/Rolando Chevkéé

« Kanta nou menm, papa yo pa aji ak timoun yo yon jan pou eksite yo. Men, ba yo bon jan levasyon, korije yo, pale ak yo, ba yo bon konsey daprè prensip Granmet la. »

Ef 6, 4

Lijyèn



Teotónio Roque

Sante bouch timoun nan depann de yon bon alimantasyon ak pwòpte dan yo. Paran yo dwe pwòpte bouch timoun nan, bwose dan I aprè I fin manje, aprè I fin manje yon manje sikre ak anvan I dòmi.

Fòk yo aprann timoun nan bwose dan yo nan jan sa :

- Bwose dan ki anwo yo soti anwo pou rive anba epi dan ki anba yo, soti anba pou ale anwo. Mouvman an dwe fèt menm kanti fwa pou pati ki andedan bouch la tankou pati ki deyò a bò machwè a.
- Netwaye pati plat dan yo ak yon mouvman ale vini, sitou nan dan dèyè yo ;
- Byen bwose lang la ak jansiv yo.

Pote swen chak jou nan dan yo evite kari ki lakòz doulè ak enfeksyon ki nui sante timoun nan epi anpeche I viv nòmalman.

Kounya timoun nan gentan ka fè pwòpte I pi byen, men li toujou bezwen paran yo akonpanye I toujou. Zong yo tou merite atansyon nou. Yo dwe rete kout epi pwòp, paske si yo rete sal li kapab ba yo jèm mikwòb lè timoun nan ap grate.

Nan laj sa, timoun nan gentan kapab benyen ak mete rad pou kont li. Li aprann fè pwòpte lè paran yo ap kenbe kay la pwòp. Sa enterese timoun nan fè twalèt pa l, verifye epi fè l konpliman lè li atantif.

Timoun renmen bêt ki kenbe konpani yo. Kontak yo kapab yon fason pou yo aprann gen obligasyon lè y ap okipe yon ti bêt, men li enpòtan pou pran kèk prekosyon nan sa ki konsène pwòpte bêt la epi pa kite l dòmi ak timoun nan. Bêt zanmi ki akonpanye moun yo, kapab pote kèk maladi.



Vizit lakay

Lè vizit sa yo li enpòtan pou :

- Pale sou devlopman timoun nan ;
- Pale sou divès kalite manje ;
- Pale sou risk aksidan akoz entoksikasyon/etoufman.

Reponn kesyon ki nan Kaye Ajan an.

Konsèy travay ki dwe fèt nan etap sa nan fòmasyon an

Kenbe vizit yo, remèt epi fè lekti 10 kòmandman pou Lapè Fanmiy lan.

14^e etap Fòmasyon an

Pou evalye ak selebre

- Kisa fanmi yo panse de 10 kòmandman yo pou Lapè Nan Fanmiy lan ?

Eske gen yon mesaj, yon priyè oswa yon chante timoun ki selebre moman sa ? Yon konsèy :

Priyè Sen Franswa Dasiz

*Granmet fèm tounen yon zouti ke poze w la,
 Kote ki genyen rayisman, fèm mete lanmou.
 Kote ki genyen manke dega, fèm mete padon.
 Kote ki genyen chen manje chen, fèm mete inyon.
 Kote ki genyen erè, fèm mete laverite.
 Kote ki genyen dout, fè mete lafwa.
 Kote ki genyen dezespwa, fèm mete lespwa.
 Kote ki genyen fènwa, fèm mete limyè.
 Kote ki genyen tristès, fèm mete ke kontan.*
*O Granmet, pa kitem plis ap chache konsolasyon, pito m chache konsole moun,
 Pito m chache konprann moun
 pase m ap chache pou moun konprann mwen.
 Pito m chache renmen moun pase m ap chache pou moun renmen m,
 Paske se lè yon moun bay li resevwa,
 Se lè yon moun bliye tèt l'ap rejwenn li pwop tet li,
 Se lè yon moun padone l'ap jwenn padon,
 Se lè yon moun mouri l'ap resistite pou lavi ki pap janm fini an.*

Ann gade

Timoun soti kat pou rive senk lane ak onz mwa

1. Eske fanmiy yo nan kominate w la konsidere li enpòtan pou timoun yo frekante lekòl matènèl ?
2. Le Lameri pa mete lekol matenel pou tioun yo, kisa fanmiy ka fe pou yo genyen sevis sa ?

Timoun soti kat lane pou rive senk lane ak onz mwa


Kòman timoun nan kapab aprann devlope tèt li ?

Nan laj sa, timoun nan gentan rive konnen fè jwèt teyat la san li pa itilize jwèt kise zafè granmoun yo konn sèvi. Pa ekzanp : li di li pral bay poupe l manje epi lè sa li imajine li gen yon asyèt nan men l. Oswa, il imajine li se papa a nan yon kamyon epi li pran yon bagay ki tou won, pa ekzanp, epi li kòmanse kondwi.



Jwèt teyat la ede nan devlòpman timoun nan, ki kounya apiye l sou lide ak mo. Timoun nan aprann li kapab panse ak yon bagay. Pa ekzanp, li di «machin» epi panse ak anpil bagay ki gen rapò ak machin, san li pa wè l: ki koulè l, konbyen kawoutchou li genyen, kòman pou kondwi l.

Imajinasyon ak panse ki apiye nan lide ak nan pawòl la enpòtan anpil paske li ede timoun nan li ak ekri.



Eli Pio

**Eske manb nan fanmiy lan gen chans
fè lekti pou timoun nan ?**

Li, ekri ak rakonte se konesans ki enpòtan pou yon sitwayen. Timoun nan kòmanse aprann nan konvèsasyon yo, nan jwèt ak aktivite li fè ansanm ak fanmiy lan. Lè yon moun ap li istwa bib la oswa yon lòt istwa pou li, liv oswa lèt paran yo, li ede timoun nan konprann sa ki ekri yo kominike lide ak bay nouvèl. Konsa, li kapab kòmanse enterese ak lekti.

Timoun toujou renmen konnen, li kapab, pa ekzanp, mande ki kote tibebe yo soti, sitou si manman an, oswa yon lòt fanm ansent nan antouraj li. Li bon pou reponn sèlman sa l mande a yon fason byen senp epi san ba l manti.

Timoun nan renmen tandemèt yo ap rakonte l istwa fanmiy, zanmi. Li renmen lè yo pale sou bagay ki bay yo valè, tankou travay, reliyon, rèv. Konsa, li aprann rakonte istwa pa l tou epi gen rèv pa l.

Archive de la Pastoral da Criança



**Eske manb nan fanmiy lam bay valè
ak ankouraje timoun nan fè desen ?**

Pifò timoun renmen fè desen anpil. Lè paran yo bay desen yo valè, timoun nan santi l byen, li kontan epi motive pou li fè lòt.

Timoun nan pa prèske desine sa li wè, men sa li konnen ak sal panse ki pi enpòtan nan bagay yo.

Kounya, li gentan kapab desine fòm ki sanble ak solèy la, bonnnm ak kay. Timoun nan aprann: ak desen, li kapab rakonte lòt moun kèk bagay. Se pou tèt sa desen an ede l li ak ekri tou.

Timoun nan konn di sa li fè, sa li panse epi sa li santi, etan li itilize anpil mo ak fraz ki pi long. Reponn timoun enpi koute sa l panse, se yon fòm pou montre respè ak atansyon ou gen pou li.



**Eske manb nan fanmiy lan montre oswa envite
timoun nan patisipe nan aktivite yap fe yo ?**

Timoun renmen fè kèk aktivite nan kay la ak granmoun yo: fè kom si I ap bale oswa lave, bay bèt manje. Li renmen aprann anpil sa paran yo fè lè yap travay. Lè li kapab patisipe nan aktivite ak paran I yo oswa frè ki pi gran pase I, li aprann ede lòt moun, li santi I kapab epi kòmanse konprann kisa travay la reprezante pou lòt moun.

Lè I preske gen 5 lane, timoun nan renmen patisipe nan jwèt ki mande pou respekte règ yo. Pa ekzanp, jwèt domino – kote se de menm bout ou gen dwa kole ansanm; jwet marèl, kote fòk ou tann tou paw, epi kote ou paka mache sou lin yo. Li bon pou granmoun yo jwe ak li. Konsa, y ap kapab, pa ekzanp, aprann li viv pi byen nan respekte lòt moun.

Kontak ak plant yo epi zannimo yo fè timoun nan aprann respekte lanati. Men fanmiy lan dwe aprann timoun nan ki zannimo ki danjere, tankou koulèv, arènye, eskòpyon epi montre l ki plant ki gen pwazon yo pou li aprann defann tèt li.



Panama – Gisela Argelis Montenegro

Atansyon ! Si yon zannimo atake yon timoun, yo dwe lave lokal la ak dlo ak savon, epi tou yo dwe ekzamine timoun nan pou konnen si pou yo ba l vaksen oswa si pou yo ba li sewòm. Si li mete yon plant ki gen pwazon ladan l nan bouch li, fòk yo Mennen l byen vit lakay doktè.

Fanmiy lan dwe fè atansyon ak moun li pa rekonèt ki nan kominote a, nan chèche konnen kiyès moun yo ye ak kisa y ap fè. Fòk ou aprann timoun nan li pa gen dwa akonpanye oswa ale lakay yon moun fanmiy la pa konnen.

Li pi bon si fanmiy lan aprann timoun nan kòman kote l rete a rele, epi fè l konnen non manman l ak papa l. Konsa, si li ta rive pèdi wout lakay li, timoun nan pap gen laperèz epi lap kapab di ki kote l rete.

Li enpòtan anpil pou fanmiy lan fè atansyon pou timoun nan pa jwe avèk dife epi tou pou l pa soti pou kont li nan lari. Machin ka frape l, li ka koule nan yon lak, nan yon rivyè, nan yon pisin, epi tou yo kapab kidnape l.



Alèkile, prèske pi fò fanmiy yo genyen televizyon lakay yo. Depi yo tou piti, timoun yo pa gade pwogram ki fèt pou yo sèlman men yo gade pwogram ki fet pou granmoun yo tou. Sa varye nan chak fanmiy. Epoutan, televizyon an se younn nan sous kote timoun yo ap resevwa enfòmasyon epi jwenn ekzanp sou fason pou yo konpòte yo. Men paran yo pa dwe blye televizyon an se yon kouto file de (2) bo, li ka yon pwazon pou lavi timoun nan tou. Paran yo dwe chwazi pwogram pou timoun yo gade.

Pou li ka konprann sa I wè, timoun nan dwe jwenn nan fanmiy lan, yon momanpou li kab pale epi jwe sou sa li te wè nan televizyon an.

Yo pokò byen konnen nan kisa televizyon an kapab ede oswa deranje devlopman timoun nan. Nou konnen kle lè timoun nan pase tout yon jounen ap gad televizyon, li pap nan enterè l: yo pa konseye pou yo mete televizyon an nan plas jwèt ak konvèsasyon nou ka genyen ak ti moun.

Lekòl pou edikasyon timoun – Ekòl matènèl

Pastoral de la Primera Infancia - Colombie



Eske timoun nan al nan lekòl matènèl ?

Depi timoun nan gen kat lane, li kapab enpòtan pou l ale nan yon lekòl matènèl. Yon bon lekòl pou timoun dwe genyen yon pedagoji ki konsidere fason timoun nan ap viv, jan l aprann ak fason l devlope. An men tan tou, lekol sad we pèmèt timoun nan aprann viv nan dyalòg ak respè pou moun. Poutèt sa a, fòk genyen :

- Pwofesè ak lòt pwofesyonèl;
- Manje, lijyèn ak ase tan pou yo repoze yo;
- Lokal pou aktivite nan yon espas ki ouvè ;
- Tout kalite jwèt : enstriman pou mizik, disk, kasèt, liv ki gen istwa, revi ak jounal ;
- Materyèl tankou kreyon, penti, sizo, papye, "pat a modle", materyèl ki ka resikle;
- Aktivite pou aprann;
- Yon kay ki gen tout bagay nèt pou timoun yo ka fè aktivite k ap pèmèt yo aprann, manje, fè lijyèn ak repoze yo.

Lekòl matènèl la dwe bay timoun nan posibilité pou li pataje lide l ak konesans li avèk lòt timoun epi gramoun, bay timoun nan posibilité pou l patisipe nan aktivite ki genyen lekti ak ekriti ladan yo.



J. R. Ripper

Lè fanmiy lan patisipe nan kèk aktivite, al nan reyinyon epi fè rankont ak profesyonèl k'ap travay nan lekòl matènèl la, li ede pou edikasyon nan lekòl matènèl la reponn ak vrè bezwen timoun yo epi kapab patisipe pi plis nan chemen k ap Mennen nan edikasyon timoun yo.

Kote ki pa genyen lekòl matènèl yo, ajan Pastoral Timoun yo ak lòt ajan ki nan lòt kominate yo, nan tèt kole ak fanmiy yo kapab òganize yo pou yo jwenn sèvis sa bò kote ekip ki responsab komin nan. Sa enpòtan pou timoun yo ka aprann epi devlope.



Eli Po

Lè timoun nan ap viv nan yon anviwonman ki bon pou developman li, li pwofite anpil. Konsa li kapab patisipe nan aktivite moun li renmen epi ki renmen l. Se aktivite ki fè chak jou kote l'ap viv la. Se pou tete sa aktivite sa yo gen yon siyifikasyon pou li epi tou yo enpòtan pou lavi li.


Si timoun nan ap viv andeyò, l ap gen plis posibilité pou li okipe bèt, monte chwal. Si l'ap viv lavil, l ap plis gen posibilité pou li aprann limen yon televizyon, deplase nan bis. Si yon timoun ap viv nan yon fanmiy ki gen lafwa nan Bondye, l ap aprann renmen epi respekte Bondye ak pwochen li.

Chak timoun ap aprann, nan fason pa l ak kadans pa l sa y ap aprann li. Lè timoun nan jwenn èd ak ankourajman granmoun ak lòt timoun ki pi gran pase l pou fè sa li pa ko konn fè, l ap aprann pi vit, pi fasil. Lè sa, timoun nan pa grandi pou kont li.

« Ptit mwen, se pou w tandé pawòl mwen yo, byen koute tout sa m di, pa voye konsèy mwen ba ou yo jete. Kenbe yo anndan fon kè w. »

Pwov 4, 20-21.

Timoun ak diferans nan fonksyonman kò yo



Nan akonpayman ajan an ap fè nan fanmiy yo, li kapab rankontre timoun ki gen diferans nan fonksyonman kò yo. Tankou yo ka pa wè, pa tande, pa pale oswa yo pa ka fè mouvman ak kò yo. Yo ka rankontre timoun ki fè maladi ki grav anpil, tankou kansè, sik, ak lòt ankò.

Menm si yo konsa, yo se timoun ki gen menm bezwen ak nenpòt ki lòt timoun: yo bezwen pou yo renmen yo, pou yo kominike, pou yo jwe, pou yo aprann. Se pou sa moun k ap okipe yo a dwe jwenn yon fason ki diferan pou yo kapab re- ponn ak sa timoun sa yo bezwen.

Ajan an kapab ede yo jwenn nan kominate a, moun ki kapab gide fanmiy yo, epi si sa nesesè, pa ezite bay bon jan swen ki espesyal pi vit posib. Men pi bon sèvis la pa ka ranplase lanmou ak bon akèy fanmiy lan.



Fanmiy yon timoun ki fè yon maladi grav oswa ki genyen yon diferans nan fonksyonman kò li, dwe fè fas ak sitiyasyon sa. Nan ka sa, apui ajan an enpòtan anpil pou paran yo. Lap ede yo aksepte epi renmen timoun nan jan l ye a epi montre yo jan l enpòtan pou kreye bon jan kondisyon pou timoun nan.

Lè yon fanmiy gen yon timoun ki gen kèk pati nan kò l ki pa mache, li pa dwe gade sélman sa timoun nan pa ka fè, men fòk li gade tou sa timoun nan ka fè. Pa ekzanp, yon timoun kapab pa ka pale, men li ka kominike ak jès. Nan ka sa, li enpòtan pou reponn ak bezwen timoun sa genyen pou l kominike.

Menm jan an tou, yon timoun ki kouche akòz yon maladi grav, ka bezwen jwe si moun ki bò kote l vle jwe avè l.



Paran yo ak tout fanmiy lan dwe pwofite la vi chak jou a pou kreye espas pou timoun nan ka patisipe : lè pou benyen, lè pou chanje kouchèt, lè pou manje ak lè pou lave. Le w konsidere kondisyon lavi timoun nan pou eseye konprann kòman timoun nan fonksyone, fòk ou aji avè l men pa aji nan plas li.


Men sa pa ase. Fanmiy lan dwe angaje l tout bon vre lè l ap viv ak timoun nan. Anplis abitid chak jou yo, li enpòtan pou fanmiy nan bay timoun nan yon plas nan tout aktivite sosyal fanmiy lan ; tankou: lè y'ap soti pou al achte, lè yo pral legliz, nan bal ak nan fèt. Li enpòtan pou ankouraje timoun nan pou l patisipe nan pwogram sa yo, men sitou pou nou ankouraje lòt moun yo pou yo envite l patisipe nan aktivite yo pou l ka santi l li fè pati gwoup la. Ajan, lè w montre enpòtans bagay sa yo kòm ajan, ou kolabore pou yo pa mete timoun sa yo sou kote.

Sa ki rann yon timoun andikape se lè yo pa mete l nan sa k ap fèt andedan fanmiy lan avèk lòt timoun ak sa k ap pase nan anviwonman kote l ap viv la.

| Lane 20_07 | Mwa yo pran enfòmasyon yo → | Janvier | Février |
|--|--------------------------------------|---------|---------|
| 5. Laj timoun lan (laj timoun nan ap genyen nan fen mwa a) | | 2 mois | 3 mois |
| 6. Eske ou te vizite timoun sa pandan mwa sa ? | | 0 | 0 |
| Eske timoun sa pran tete? | | 0 | 0 |
| 7. Ki pwa timoun sa te peze pandan mwa sa (make pwa a) ? | | 4.900 | 5.700 |
| 8. Eske timoun sa gwosi pandan mwa sa ? | | 0 | 0 |
| 9. Eske timoun sa fè malnitrisyon (pwal anba koub -2- PFA) ? | | N | N |
| 10. Eske timoun sa gen yon pwa ki plis ak pwa nòmal, li obèz (pi wo koub +2) ? | | N | N |
| 11. Eske timoun sa te gen dyare mwa sa ? | | N | N |
| 12. Eske timoun sa te gen dyare, eske yo te ba li sewòm ki fèt lakay, eske manman li te vle ba li ranje pandan dyare a ? | | — | — |
| 13. Ki pwogre timoun nan fè pandan mwa sa ? | 1 2 3 4 1 2 3 4 N N N D N N O O | | |
| 14. Eske repons kesyon 13 la montre yon move siy pou devlopman timoun nan (timoun nan pa pwofite pandan mwa a) ? | | N | N |
| 15. Eske timoun nan pwofite nan fason nou ta swete ? | | N | N |
| Si timoun sa te malad nan mwa sa, ekri maladi a | | — | — |
| 16. Eske timoun nan te ale nan sant sanite (pou vaksinasyon, pou yon senp konsiltasyon oubyen paske li te malad) ? | | 0 | N |
| *17. Eske yo te résevwa timoun nan nan sant sante a ? | | 0 | — |
| 18. Eske timoun sa pran tout vaksen kef te dwe pran nan laj li ? | | 0 | 0 |
| 19. Konbyen mwa fanm ansent lan genyen ? | | | |
| 20. Eske ou te vizite fanm ansent sa pandan mwa a ? | | | |

Nan sa ki gen rapò avèk pwen ak rezulta yo ki vle di Endikate Opotinite ak Konket yo, na pral jwenn diferans tou. Tankou, nan ka yon timoun ki pèdi zye l, endikatè ki gen rapò ak je yo, pap ka atenn. Nan ka sa, ajan an ap ka toujou reponn Non (**N**) pou endikatè konkèt ki depann de je yo.

Timoun sa ka genyen tou yon diferans nan fason li mache, pa rapò ak lòt timoun yo. L ap kapab atenn lòt endikatè nan yon laj ki differan, men se pap menm fason ak timoun ki pa gen pwoblè m sa yo. Sa rive, paske ògàn yo gen rapò youn ak lòt. Yon timoun ki avèg, pral aprann mache epi bouje bagay yo yon fason ki differan avek yon lòt timoun ki wè.



Endikatè yo enpòtan anpil paske yo bay chemen ki pou pèmèt ede nou favorize devlopman timoun yo. Men, menm jan ak lòt endikatè yo, yo gen limit, yo pap kapab rann kont de tout sitiyasyon. Ou menm, Ajan, ou gen pou devwa pou jwenn fason ki pi bon an pou w pale sou endikatè yo epi ede fanmi yo nan ka patikilye timoun sa yo. Youn nan èd ou ka ofri yo se kapab swen ki espesyal pou ka yo. Kòdonatris Branch lan (Pawas) kapab apiye yo nan ka sa a.


Gen anpil ki di yo pa prepare pou travay avèk timoun ki prezante diferans nan kò yo. Men preparasyon sa a fèt lè paran yo ak tout fanmiy lan chèche dekouvri ak fè eksperyans sou fason ki pi bon pou viv epi ede timoun nan pou l ka devlope. Se yon defi. Pou leve defi sa, li bon anpil pou paran yo konnen y ap ka konte sou apui lòt moun, tankou ou menm, ajan.

Misyon tout moun k ap travay nan Pastoral Timoun yo se fè fanmiy yo konnen enpòtans ak konpetans yo. Anvan tout bagay, fòk nou chèche konprann chak fanmiy pandan n ap bay pratik li yo valè epi pandan n ap elaji konesans yo sou swen ak edikasyon pou timoun li yo, pandan n ap chèche apiye yo lè yo gen bezwen. Sa se yon prèv lanmou ki parèt aklè !

Alimantasyon



Panama – Gisela Argelia Montenegro



Teotonio Roque

Swen pou nou pote nan manje yo dwe kontinye pandan timoun nan ap grandi. Pou tèt sa, li enpòtan pou fanmiy lan manje byen, paske manje timoun nan se manje paran yo tou.

Manje fè pati edikasyon timoun nan epi l ap gen yon vi ki trankil si li aprann manje nan lè pou li manje, pou l' pa kite manje nan asyèt, pataje manje, byen kraze manje, manje fui. Tout sa yo, li aprann yo nan fanmiy lan.

Timoun yo kapab patisce nan preparasyon manje a pandan y ap bay kout men nan aktivite ki pi fasil yo epi ki san danje, tankou lave legim, al pran yon asezonman nan potaje a (jaden legim nan), oswa ede chwazi yon fui nan mache. Konsa, y ap aprann plis bagay sou manje ki nan reyon kote yo rete a epi y ap abitye renmen yon manje ki san danje pou sante yo.

Pou yon bon edikasyon sou kesyon manje, kèk konsèy kapab itil, tankou :

- Pale nan moman vizit la kòman li enpòtan ak kouman sa rantre nan edikasyon timoun nan pou bati yon orè pou manje yo, men san se pa yon bagay rèd pou pa tonbe nan ka kote depi lè sa rive, tout moun fin fou pou rate l;
- Sonje yon bon manje pi gou lè yo prepare l epi sèvi l ak anpil tandrès;
- Prepare manje ki gen anpil koulè pou ki atire atansyon timoun yo ak fè apeti yo vini;
- Ankouraje manman an pou l pa panike denpi premye fwa li tande timoun di: «mwen pa renmen sa» oswa lè timoun nan ap fè grimas. Pasyans ak devouman gen anpil valè nan edikasyon manje a. Timoun nan gen dwa pa vle, tankou li ka vle goute ankò yon lòt fwa (li ta vle doublé);
- Sonje li pa nesesè pou mete sik nan ji, nan lèt ak te. Jan timoun nan santi gou a nan lang li pa menm jan ak granmoun;
- Pou manman timoun ki dwe swiv yon rejim, esplike yo kòman sa fòme timoun nan lè yo mete yo dakò ak timoun nan sou sa l ap manje epi byen eksplike l pou kisa li pa dwe manje tout kalite manje oswa manje plis pase lòt moun yo.


Ajan, eseye motive chak fanmiy, pou l itilize yon ti espas nan jaden li pou plante epis ak legim.



Katiuscia Dier Francisco

Vaksen

Nan laj sa, timoun nan kapab poko resevwa dòz rapèl kèk vaksen. Dòz rappel yo enpòtan pou asire proteksyon konplèt kont maladi.



Gade nan **Kaye Ajan** an si gen kek dòz vaksen pou timoun yo nan laj sa.



Vizit lakay

Nan vizit sa yo, li enpòtan pou :

- Pale sou devlòpman timoun yo ;
- * Bay konsèy pou yo itilize plizyè kalite manje ;
- * Pale sou fason pou anpeche akzidan yo.

Reponn kesyon yo ki nan Kaye Ajan an.

Konsèy sou travay ki dwe fèt nan etap sa nan fòmasyon an

Òganize yon Gwoup Refleksyon ak fanmiy yo pou yo kapab pataje eksperyans yo sou kilti legim yo ak sou asezonman ki bay manje yo yon bon gou espesyal.

15^e etap fòmasyon an

Evalye ak selebre

- Kòman konvèrsasyon ak fanmiy lan sou kilti legim ak epis yo itilize pou bay manje gou a te dewoule?
- * Eske w sonje yon mesaj, yon refleksyon, oswa yon priyè ki selebre moman sa ? Yon pwopozisyon, se :

Priyè Ajan Pastoral Timoun Piti yo

Me mwen, Granmet, paske ou rele m pou reyalize yon travay ki difisil, men ki bel, se travay kom animate kominote Pastoreale Timoun Piti yo nan Legliz la, avek lokalite yo, fanmiy yo ak nan sevis tout sila yo ki plis bezwen atansyon, lanmou, tandres chale ak gou lavi a.

Granmet, ou konfyé m misyon anonse pawol Lavi w la enpi denonse siy lanmo yo; ou konfyé m misyon pou m bay temwayaj sou vale Levanjil la atrave pwop lavi mwen pou "tout moun gen lavi, pou yo genyen I an kantite ak kalite". Rèskonsablite mwen gwo anpil, men mwen gen konfyans nan Sila ki chwazi mwen an enpi ki Fidel. Granmet, beni men mwen yo, pye mwen yo, zye mwen yo ak tout ke mwen.

Fè m tounen imaj renmen w nan, imaj pasyans ou a, imaj bonte w la, imilite ak ke sansib ou, pou mwen aprann ale pilwen pase aparans yo, pou m depase sityasyon ak reyalite kondisyon moun, pou m rive jwenn ou nan chak manman, nan chak timoun, nan fanmiy lan, nan kominote a ak nan chak moun ki san defans, kap reklame lavi, lajistis ak diyite.

Mache avek nou, Granmet pou nou kapab fe Pastoral Timoun Piti yo vin yon souvni vivan enpi kap toujou monter prezans ou san rete nan misyon w bo kote timoun yo ak sa ki nan nesesite yo. Amen

Misyon Pastoral Timoun Piti yo

Fè wout la ak Jezi



Nan kòmansman fòmasyon an, nou te reflechi sou reyalite peyi nou epi nou te wè tout bagay yo pat tonbe dakò ak plan Bondye.

Ansanm nou te etidye pwopozisyon Pastoral Timoun Piti yo, pou fèfas ak defi sa pou sove anpil vi epi ede nan mete kanpe yon anviwònman ki bon pou devlòpman tout timoun, sitou sa ki nan fanmiy ki pi pòv yo.

Chak patisipan nan fòmasyon sa déjà fè pati gran fanmiy Pastoral Timoun Piti yo.

Kòman sa te pase ?



Yon moun vinn manb Pastoral Timoun Piti yo, le l'ap viv lafwa li epi li ale rankontre timoun ak fanm ansent yo nan kominote li a. Se tankou jan Sen Jak di I la: «frè m yo ak sè m yo, kisa sa sa sevi yon moun di li gen konfyans nan Bondye, si li pa fè anyen pou montre sa ? Ou wè sa: se pa sèlman paske li gen lafwa konfyans kifè Bondye fè l gras, men se paske li fè sa ki byen an menmtan an tou» (Jak 2, 14. 24).

Nan kòmansman fòmasyon an nou te ale rankontre fanm ansent yo. Nou te pataje avek yo sa nou te aprann, nan tan fòmasyon an. Epi konsa nou te kontinye travay nou, toujou ini nan Lafwa ak nan Lavi, nan swiv Jezi.

Men li pa bon pou yon Ajan an travay pou kont li. Jezi « rele douz disip li yo, li voye yo nan misyon de (2) pa de (2) » (Mc 6, 7).

De (2) pa de (2) a vle di misyon an se yon sèvis kominotè epi disip Jezi yo dwe ede youn lòt nan aktivite yo. Nan Pastoral Timoun Piti yo, chak ajan dwe jwenn yon apui nan kominote a pou akonpli misyon bò kote fanmiy yo.

La avek Jezi

Jezi te monte yon gwoup douz apot « ... ki te dwe toujou avè l ... li te voye yo al bay levanjil la ak pouvwa pou chase demon » (Mak 3, 14-15).

La avèk Jezi vle di fè yon sèl avèl, pran angajman avek enpi li ak pwojè lavi li genyen pou tout moun nan.



Preche, **se anonse bòn nouvèl** Jezi a: li te vini pote lavi bay tout moun. Nan Pastoral Timoun Piti yo nou anonse bòn nouvèl la nan ede fanm ansent ak fanmiy yo konnen diyite yo kòm pitit Bondye. Pandan n ap kreye kondisyon ki enpòtan pou devlopman timoun yo, y ap reyisi jwenn kondisyon ki bon pou mennen yon lavi an kantite ak kalite epi rive reyalize pwojè Jezi a.

Nan labib la, **chase demon** vle di libere moun yo anba tout sa ki detounen lespri yo e ki anpeche yo viv kom moun total kapital, sa vle di ede yo reflechi yo menm pou w esa ki bon pou yo san yo pa bezwen yon lot moun vin di yo sa pou yo fè oswa kijan pou yo panse. Nan Pastoral Timoun Piti yo, nou ede fanmiy yo panse epi aji toujou pi plis epi ede yo wè yo kapab chanje kominote yo a.


Defi misyon an

Jezi te konnen difikilte apot li yo te genyen pou yo konprann pwojè I la, misyon I lan. Levanjil Sen Mak la rakonte, aprè mirak pen an, disip yo «pat konprann sa ki te pase konsenan pen yo. Entèlijans yo te avèg». (Mak 6,52)

Nan Levanjil Sen Mak la toujou, nou wè disip yo pa konnen kiyès Jezi ye, yo pa konprann fason I ap aji, ni moral li. Y'ap diskite antre yo pou konnen kiyès ki pral pi gran.

Gen kèk fwa, pawòl Jezi a te rankontre anpil rezistans. Anpil nan disip yo t ap di: «langaj sa difisil anpil konpe pou dakò ak li! Kiyès ki ka kontinye koute l? ...Depi lè sa, anpil nan disip li yo te abandone l' epi yo pat swiv li ankò. » (Jan 6, 60-66)

Men sa ki te pase lè yo t ap klouwe Jezi sou lakwa a te pi di pou li pase tout move konprann sou pawòl li t ap di yo. Tankou lè Pyè te di li pat konnen l, sa k pi rèd la pandan twa fwa! (Al gade nan Lik 22, 61).



Aprè li te fin mouri, Jezi te repwoche disip li yo akoz ke yo te rete femen enpi lespri yo bouche, paske yo pat kwè moun ki te di yo te wè li leve vivan. (Mak 16, 14).

Gen de lè, nou kapab genyen menm tantasyon ak disip yo: pa swiv Jezi paske li difisil anpil pou viv pwojè li a. Se moman dekourajman yo ki fe nou gaye. Nan moman sa yo, fòk nou pale sou sa ki lakoz dekourajman sa.

Anpil moun ka santi yo nan dout lè y ap fè yon travay. Yo ka panse fòs yo pa ka rive la. Gen lòt ki ka pèdi konfyans nan tèt yo, paske travay nan kominote a pa avance, sa fè plizye ajan kanpe sou misyon yo. Yo tante abandone Jezi nan yon moman kote li menm ak lòt ajan yo bezwen prezans yo pi plis.

Kapab manke motivasyon nan mitan ajan yo paske y ap fè yon travay san yo pa rive santi Bondye preznan bò kote yo, tankou disip yo ki pat konprann sans misyon Jezi a kom Sove.

Kòman nou ka depase defi sa yo?
Ki kote n ap jwenn fòs pou sa ?



Fos la soti anwo vin jwenn nou

Nan Pastoral Timoun Piti yo, fòs k ap pèmèt nou fè chemen an soti espesyalman nan relasyon nou ak Bondye nan Jezi. Li chita sou :

- Lafwa nan yon sèl Bondye a, nan Bondye Papa, nan Jezi Pitit li ki se Sovè e Liberatè ak nan Lespri Sen an;
- Patisipasyon chak jou pou lavi nan Legliz la, nan fanmiy pitit Bondye yo;
- Wout (pwoesisis) konvèsyon chak jou nan suiv Jezi Kri.

Espirityalite ki reyini aksyon ak priyè, lafwa ak lavi nan travay pastoral la, ede nou wè mèvèy Bondye fè nan mitan nou. Nou kapab fe konpliman pou Bondye, di Li mèsi avèk priyè, sòm, kantik epi tou gras ak aksyon n ap fè nan sèvis Lacharite Kretyèn nan.

Bondye se Lanmou, nan li nou jwenn
fòs pou nou kontinye vanse !

Tankou disip yo, anpil nan nou pa santi yo fin prepare net pou aji nan mitan fanmiy yo ki nan kominate nou an, pou akonpli misyon pote lavi total kapital pou tout moun. Men fòk nou kwè tout bon vre Jezi prezan nan mitan moun ki gen valè, epi ki pre pou yo kontinye pwojè I la. Jezi ap akonpanye nou men jan li te akonpanye disip li yo. (Mak 16, 20).

Fòs ki soti nan frè ak se nou yo

Se konnen ki fè. Lè Vizit nan kay yo, jou Selebrasyon Lavi a ak lè Reyinyon sou Refleksyon epi Evalyasyon yo, nou toujou aprann yon bagay chakfwa.

Pandan n ap reyalize aktivite sa yo epi kontinye fòmasyon nou an, oswa pandan n ap ale pi fon ak chache konesans tounèf, epi pandan n ap chanje ekspreryans nou yo sou sitiyasyon fanmiy yo, nou santi nou gen plis konfyans nan nou epi pi prepare pou travay la. Sa ap fè nou dekouvri kòman pou nou bay fanmiy yo èd pou yo avanse pi devan, paske reyalite sa n ap rankontre a se yon defi ki mande pou toujou ap chache konnen ak konprann reyalite chak jou yo. Aksyon ak fòmasyon yo ede nou epi montre nou nou kapab epi nou kontan.

Resiklaj yo se yon dwa Ajan Pastoral Timoun Piti yo genyen.

Fòmasyon sa rive fèt grasa kòdinatè Branch yo ak moun ki kalifye pou sa. Li kapab fèt lè Reyinyon Refleksyon ak Evalyasyon an ak nan lòt okazyon ankò. Rantre nan fòmasyon sa etid pou al pi fon nan Gid Ajan an, etan y ap ensiste sou tèm ki prezante plis difikilte pou ajan yo. Nan paj entènèt Pastoral Timoun Piti yo [www.pci.org.br](http://www pci.org.br) nou kapab jwenn toutèks pou etid ajan yo.

Konsa, travay Pastoral Timoun Piti yo ap trese nan chak kominate yon twal relasyon antre tout moun ki angaje nan Patalor Timoun Piti yo: ajan yo, responsab fòmasyon yo, fanmiy yo ak kòdinatè yo. Tout nèt fòme yon "twal arenyen" (rezo) k ap bay apui l, solidarite, ak lanmou l pou pwochen, fre ak se nou yo.

Kòman rezo solidarite sa òganize?

Comment est organisé ce réseau de solidarité ?

Oganizasyon Pastoral Timoun Piti yo

Misyon Pastoral Timoun Piti yo se kontinye pwojè Jezi a ki t'ap anonse ladelivrans total anba tout mal, lespwa nan yon pi bon kalite lavi atrave relasyon moun ak moun, yon mond pi soude, gras ak prezans li ki transfome tout moun ak tout bagay :

« Mwen menm mwen vini pou tout moun gen lavi, yon lavi an kantite ak kalite. » (Jn 10, 10).

Archive de la Pastoral Materno Infantil - République Dominicaine



Guatemala



Archive de la Pastoral del Niño y de la Niña - Bolivie



Pou reyalize misyon I lan, Pastoral Timoun Piti yo gen objektif pou kontribye nan pwomosyon devlopman timoun yo depi lè yo tonbe nan vant manman yo, e grasa pwomosyon sa, y'ap tou fè pwomosyon fanmiy yo ak tout kominote a.

Konsa, misyon Pastoral Timoun Piti yo, se menm avek misyon Jezi a, ki se misyon legliz la tou, ki se misyon tout Kretyen yo, e se misyon tout moun tou ki vle mache avè Pastoral Timoun Piti yo epi ede pou li ka tounen reyalite ; reyalite sa se rèv pou gen yon lavi miyò pou anpil timoun ak fanmiy yo.

Pou Pastoral Timoun Piti yo fè travay li, li òganize tet li an plizyè nivo kowòdinasyon dapre menm chema Legliz Katolik la ki fòme ak dyosèz yo, dyosez yo fome ak pawas yo epi pawas yo fome ak kominote yo.

Ann gade ki sa kòdinasyon yo ye ?


- Kowòdinasyon **Kominote** a, se youn nan Ajan nan kominote a ki alatet li;
- Kowòdinasyon **Branch/Pawas** reskonsab plizyè kominote nan yon menm pawas. Nan gran pawas yo, kapab gen 2 Branch oswa plis;
- Kowòdinasyon **Sektè / Dyosèz** reskonsab plizyè Branch. Li toujou gen kòd lonbrit li mare ak yon dyosèz. Kote Dyozèz yo gran anpil kapab genyen plis pase yon Sektè;
- Kowòdinasyon **Nasyonal** la kreye pou sèvi yon sipò nan travay Pastoral Timoun Piti yo nan tout peyi a.

Nan Pastoral Timoun Piti yo, Legliz Katolik gen yon moun ki reskonsab Pastoral Timoun Piti yo nan chak nivo kowòdinasyon. Pou owòdinasyon Kominote a ak kowòdinasyon Brach/Pawas la, se Pè ki nan pawas kote kominote ki sou kont Pastoral Timoun Piti yo ye; pou kowòdinasyon Sektè/Dyosèz, se Evèk ki responsab dyosèz la; pou kòdinasyon nasyonal la, se yon Evèk, ki rele Direktè Pastoral.

Kowòdinasyon Pastoral Timoun Piti yo se yon sèvis menm jan Jezi te montre I la, lè li t ap pale ak disip li yo: "Nou konnen sa k ap pase nan nasyon yo: moun nou konsidere tankou chèf politik yo ap domine pèp yo epi moun ki gen pouwwa yo ap ekzèse otorite yo sou yo. Li pa dwe konsa nan mitan nou. Okontrè: si yon moun vle vin pi gran nan mitan nou, se pou I tounen sèvitè nou, e si youn nan mitan nou vle vin premye, se pou I tounen esklav nou tout". (Mak 10, 42-44).

Ajan, gras ak travay ou, ou fè yon sèl ak tout moun k ap travay oswa ki te travay nan Pastoral Timoun Piti yo. Konsa, ti grenn yo te simen nan lane 1983 a epi ki tounen yon gwo pyebwa a, ou fè l kontinye ap grandi.

Nan pyebwa sa a, rasin ki kenbe l la se linyon Lafwa ak Lavi; kò pyebwa a fòme ak Aksyon yo ki chita sou Lasante, Ledikasyon, byen Nouri ak Sitwayènte; branch yo se Aksyon yo ki la pou konplete sa ki pi enpòtan yo ak Aksyon nou kapab chwazi yo; fui yo se rezulta yo jwenn nan kominate yo.



« ...Si rasin nan konsakre, branch yo konsakre tou...
sonje se pa ou menm ki pote rasin nan men se rasin nan ki pote-w ! »

Wm 11, 16.18

Ajan, ou rive nan bout fòmasyon w lan nan «Gid Ajan an». Konnya ou se yon moun apa ki chwazi fè yon travay ki mande yon angajman, ki mande devouman ak anpil renmen pou pwochen w. Men ou menm ak lòt ajan yo ki nan kominote w la, nou pa pou kont nou. Kounya nou se manm yon gran òganizasyon lanmou, solidarite, sitwayènte ak lapè nan Pastoral Timoun Piti yo!

Nou se disip Jezi, paske nou aksepte pawòl li, nou aksepte limenm mounli ye a ak plan li gen pou nou.

Aktivite nou tout nan Pastoral Timoun Piti yo, sitou aktivite pa nou, ajan yo, se yon chwa kap dire nou fe anfave lavi total timoun yo ak fanm ansent yo pou yo viv nan bon kondisyon tout tan.



« Yo t ap fe konpliman pou Bondye, epi tout pèp la te avèk yo. Granmet la t'ap ajoute chak jou nan kominote yo a moun li te sove yo. »

Ak 2, 47

Selebrasyon Anvwa

Nan Pastoral Timoun Piti yo, nou selebre prezans Jezi nan sakreman yo, nan anonse Pawòl la, nan sèvis charite bò kote frè n ak sè n yo. Nou selebre Pawòl la nou jwenn nan Labib la ak nan lapriyè epi aksyon nou fè nan travay nou bò kote timoun yo, bò kote fanm ansent yo ak fanmiy yo.

Selebrasyon an se tankou yon solèy k ap gaye limyè ak lesperans, k ap klere epi k ap bay tout moun ki ini nan yon menm misyon fòs: "Mwen vini sou latè pou tout moun kapab genyen bon kalite lavi an kantite" (Jn 10, 10).

Kreyativite ki genyen nan chak gwoup ki reyini pou yo selebre, fè selebrasyon lafwa a renouvelé chak jou, etan y ap kontinye bay bon fui lapè, lajistik, solidarite ak lacharite pou frè ak se nou yo nan dyalòg ki genyen nan mitan nou.

Ou menm ajan Pastoral Timoun Piti yo, avèk sa w konnen an ak kouraj ou genyen pou w aji, yo voye w pou w ede timoun yo ak fanmiy yo nan kominate w la. Avèk manman yo, paran yo ak lòt moun ki gen bòn volonte, ou kapab jwenn solisyon pou w chanje lavi timoun ak fanm ansent yo ki nan peyi a.

Ou menm ajan Pastoral Timoun Piti yo, ou se yon moun ki genyen anpil gwo valè devan lèzòm ak devan Bondye !

« Alò, Mwen te tande Granmèt la ki t ap di :
Kiyès m'ap voye ? Kiyès kap ale nan non nou ?
Epi mwen te reponn : Mwen pare, ou mèt voye m. »
Iz 6, 8

Pwopozisyon travay pou etap sa nan fòmasyon an

Avek **kominote** w, òganize yon selebrasyon anvwa (nan misyon) yon fason ki korsponn avek eksperyans enpi reyalite moun yo ki atisipe nan fomasyon sa.

Nòt

Nòt

Nòt